देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

शनि

29 अगस्त, 2026

पटना

भादव, कृष्ण पक्ष, प्रतिपदा, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 347 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

त्याग सदिखन शांतिपूर्ण आ संतोषजनक होइत अछि।

- डॉ. राम मनोहर लोहिया

# चारू कात मलबाक ढेर...

## लापता लोकक खोज मे सुखि गेल आंखिक नोर




**संजय झा, त्रिशूला/काठमांडू**

ई दृश्य स्तब्ध कए देनिहार अछि। जिनगी सदमा मे अछि। कानि-कानि कए आंखि पथरा गेल अछि। नेपालक सीमावर्ती शहर तिमुरे आ त्रिशूला बाजार मे शुक्रदिनक भोर ठीक ओहने दृश्य देखबाक लेल भेटल, जेना बीतल बुधदिन देखल गेल छल। विनाशकारी बाढ़िक बाद पसरल त्रासदीक दृश्य मानू दू दिन सं मुरुत बनि ठाढ़ अछि। घड़ी भोरक करीब नौ बजा रहल छल। रमन लामा त्रिशूला बाजारक मुंहथरि पर ठाढ़ छलाह। ओ कहलनि जे आब बाजार जकां किछु बचले नहि अछि। चारू कात मलबक बाढ़ि अछि। ध्वस्त घरक मलबा हटा कए बाट बनेबा मे जुटल नेपाल आपदा प्रबंधन आ पुलिसक दलक संग जेसीबी आ हाइवा मशीनक घरघराहट सुनाइ पड़ि रहल छल। मुदा एहि सभक बीच ठाढ़ भीड़क आंखि मलबा मे हरायल अपन लोक कें ताकय मे लागल छल। एहि भीड़ मे ठाढ़ लगभग प्रत्येक व्यक्ति अपन कोनो ने कोनो प्रियजन कें गमा चुकल अछि। सभक एकहि आश अछि - जिंदा अथवा मृत, अपन लोक भेटि जाए। अनचोके आयल एहि आपदा मे 40 वर्षीय गिरि लाल सेहो अपन सभ किछु गमा देलनि। ओ कहैत छथि, साहब! ई सभ एतेक तेजी सं भेल जे पलक झपकैत विनाशक दृश्य पसरि गेल। ककरो सम्हरबाक मौका नहि भेटल। ओ बतौलनि जे किछु सामान आनय लेल ओ बाजार सं ऊपर पहाड़ पर गेल छलाह। ओहि बीच अनचोके उत्तर दिस सं लोकक चिचियेबाक आवाज सुनाइ पड़ल। जाबत धरि किछु बुझबाक प्रयास करैत रहलाह, ताबत सैलाब त्रिशूला बाजारक तलहटी कें अपन भीतर समा लेने छल। आंखि मे नोर लए गिरि लाल कहैत छथि, साहब, हम तं अकबका गेलहुं। हमर आंखिक सामने हमर पूरा परिवार– पत्नी, दू बेटा आ दू बेटी - बाढ़ि मे बहि गेल। आब गिरि लालक लग ने परिवार बांचल अछि, ने रोटी, कपड़ा आ मकान। गिरि लाल नेपाल सरकार मे निगमकर्मी छथि। मुदा ई तं मात्र एकटा उदाहरण अछि।

### जतय मशीन चलैत अछि ओतहि शव भेटैत अछि

बाढ़ि सं भेल एहि त्रासदीक एहन दृश्य हम पहिल बेर देखलहुं। त्रिशूला बाजारक अस्तित्वे मानू समाप्त भए गेल अछि। राहति आ बचाव कार्य मे जुटल दीपेंद्र श्रेष्ठ बतबैत छथि जे त्रिशूला बाजारक तलहटी मे चारि सं पांच फीट धरि मलबा जमा अछि। बुधदिनक देर सांझ सं मलबा हटेबाक काज चलि रहल अछि। करीब 70 कर्मी जेसीबी आ हाइवा मशीनक संग एहि कार्य मे जुटल छथि। ओ कहैत छथि जे जतय मशीन लगाओल जाइत अछि, ओतहि ककरो मनुष्य अथवा जानवरक शव भेटि जाइत अछि। बाजारक नीचला भागक अधिकांश घर कें बाढ़ि अपन चपेट मे लए लेने अछि। जे किछु ऊंच भवन बचल अछि, ताहि मे सेहो मलबा भरल अछि। ओकरा तुरंत खाली करब कठिन अछि। त्रिशूला बाजार पुलिस चौकी पर तैनात राघव तिलवा सेहो संयोग सं बांचि गेलाह। ओ बतौलनि जे बुधदिन भोर करीब आठ बजे ओ एकटा पुरान मामिलाक जांच लेल अपन एक सहयोगीक संग पहाड़क ऊपर गेल छलाह। ओ सभ अपन काज कए रहल छलाह, तखने जोर-जोर सं लोकक चिचियेबाक आवाज आबय लागल। दुनू गोटे तेजी सं नीचां उतरय लगलाह। ताबत धरि बाढ़िक बाजार मे प्रवेश कए तांडव मचा देने छल। राघवक अनुसार, ओहि समय पुलिस चौकी मे कुल 11 व्यक्ति उपस्थित छलाह। आब चौकीक संग ओहि लोक सभक सेहो कोनो अता-पता नहि अछि।

### तिमुरे मे सेहो तबाहीक भयावह तस्वीर

त्रिशूला बाजारक त्रासदी देखलाक बाद हम सभ तिमूरे बाजार दिस निकललहुं, जतय करीब दू घंटाक यात्रा बाद पहुंचलहुं। एतय विनाशक दृश्य आओर भयावह छल। बाजार मे लोक अपन प्रियजनक शव आ सामान खोजय मे जुटल छल। 44 वर्षीय कांति लाई अपन ध्वस्त दू-मंजिला मकान दिस देखबैत कहैत छलीह, मकान सेहो टूटि गेल। आब एहि मे के रहत? केओ बांचले नहि अछि। बुधदिन जखन ई त्रासदी आयल, तखन ओ अपन पैघ बेटीक सासुर सागरक मेथी मे छलीह, जे पहाड़क ऊपर स्थित अछि। जखन ओ अपन घर पहुंचलाह, तं पति, तीन बेटा, दू पुतोहु, एक बेटी आ चारि पोती-पोता समेत पूरा परिवार उजड़ि चुकल छल। एहि त्रासदी मे एहि क्षेत्रक अधिकांश लोकक सभ किछु लुटि गेल अछि। जे लोक बांचल छथि, ओ सभ आब पहाड़ पर बैसल छथि। हुनकर एक्के आस अछि - मृत्युए भए गेल हो, मुदा अपन लोकक शव तं भेटि जाए। भय आ भूख एतय प्रत्येक आंखि मे देखाइ पड़ैत अछि। किछु लोक मलबा मे अखनहुं किछु आशा ताकय मे लागल छथि।

### डेढ़ वर्षक बच्ची कें मलवा सं जीवित निकालल गेल

तिमुरे बाजार मे सागर लामा बतबैत छथि जे काल्हि लोक सभ करीब डेढ़ वर्षक एकटा बच्ची कें जीवित बचौने छल। बच्चीक कनबाक आवाज सुनि बचावकर्मी मलबा हटेबाक काज शुरू कएलनि आ अंततः ओकरा सुरक्षित बाहर निकालल गेल। सागरक अनुसार, तिमुरे मे चारि सं छह फीट धरि मलबा जमा अछि। एहि कारणें राहति आ बचाव कार्य मे बहुत कठिनाइ भए रहल अछि। ओ कहैत छथि जे एहि त्रासदी मे जीवित बचल लोकक लग भूख मेटेबाक कोनो समुचित साधन नहि अछि। पूरा तरह सं उजड़ि गेल लोक फेर सं अपन जिनगी कें पटरी पर आनय मे सफल भए पाओत कि नहि, ई कहब एखन कठिन अछि। त्रिशूला, तिमुरे आ लगपासक क्षेत्र मे एखन सेहो मलबाक ढेरक बीच लोक अपन लोक, अपन घर आ अपन बीतल जिनगीक कोनो निशान ताकय मे जुटल छथि। नेपाल पर फेर सं बाढ़िक आशंका मंडरा रहल अछि आ एहि भयक बीच बचल लोकक आंखि मे एक्के सवाल अछि - आब आगू की?





### हमर आंखिक सामने पूरा परिवार बाढ़ि मे बहि गेल

एहि त्रासदी मे जीवित बचल सीमा खड़गे बतबैत छथि जे करीब पौने दस बजि रहल छल। ओ अपन छह वर्षक बेटी तृषा कें स्कूल पठेबाक तैयारी कए रहल छलीह। घर मे मात्र ससुर आ बेटी छल। हुनकर पति बाजार मे अपन रेडीमेड कपड़ाक दोकान खोलय लेल गेल छलाह। सीमा दोसर तलाक छत पर कपड़ा पसारय गेल छलीह। अनचोके हुनका उत्तर दिस सं लोक कें चिचियाबैत भागैत देखल। किछु बुझि नहि पड़ल तं ओ नीचां उतरि पहाड़ पर चढ़ि गेलीह आ देखय लगलीह। ताबत धरि देखिते-देखिते बाढ़ि पूरा बाजार कें अपन चपेट मे लए लेलक। सीमा कहैत छथि, हम ठाढ़ रहि गेलहुं। हमर आंखिक सामने हमर पूरा परिवार कें बाढ़ि निगलि गेल। त्रासदीक ई पीड़ा कोनो एक परिवारक नहि, बल्कि सामूहिक अछि। आब अधिकांश लोक त्रिशूला स्थित यात्री शेड मे तत्काल शरण लेने छथि। करीब तीन सय सं बेसी महिला आ बच्चा एतय चुपचाप सिसकैत बैसल देखल गेल। आब-जाय बला प्रत्येक व्यक्ति सं ओ सभ मात्र एतबे पूछैत छथि जे हमर अपन लोक मे सं केओ भेटल? ओतहि 18 वर्षीय सागर सेहो छल। शेड मे बैसल महिला सभ ओकरा सं बेर-बेर पूछैत छलीह जे हुनकर पति अथवा घरक कोनो पुरुष ओतय भेटल कि नहि। सागर नहि मे माथ हिला दैत छल। ओ कहैत अछि, साहब, हम की बताबी? एहि मलबा मे सं जे शव सभ निकलि रहल अछि, ताहि मे हमर गाम-बाजारक एकहु व्यक्ति नहि अछि। घरक सेहो कोनो निशान नहि भेटि रहल अछि जे ओतय ताकल जा सकय।



# नितिन बनलाह माध्यमिक शिक्षा निदेशक मुजफ्फरपुर आ आरा मे नव एसडीओ

- **बिहार मे 6 आइएएस सहित 9 अफसरक बदली**

**पटना, समदिया**

बिहार सरकार फेर एक बेर प्रशासनिक फेरबदल करैत 6 आइएएस सहित 9 अधिकारीक बदली आ पदस्थापन केने अछि। आइएएस नितिन कुमार सिंह कें माध्यमिक शिक्षा निदेशकक जिम्मेवारी देल गेल अछि। ओतहि आरा सदर आ मुजफ्फरपुर पश्चिमी मे नव अनुमंडलीय पदाधिकारी (एसडीओ) केर पदस्थापना कएल गेल अछि। सामान्य प्रशासन विभाग शुक्रदिन दूटा अलग-अलग अधिसूचना जारी केने अछि। एहि मे भारतीय प्रशासनिक सेवा (आइएएस) केर 6 आ बिहार प्रशासनिक सेवा केर 3 अधिकारीक तबादला आ पदस्थापन कएल गेल अछि।

**पशुपालन निदेशक बदलल गेलाह :** 2011 बैचक आइएएस उज्ज्वल कुमार सिंह कें पशुपालन निदेशकक पद सं स्थानांतरित कए ग्रामीण विकास विभागक विशेष सचिवक पद पर पदस्थापित कएल गेल अछि। ओतहि पदस्थापनक प्रतीक्षा मे रहल 2012 बैचक आइएएस अधिकारी श्रीकांत शास्त्री कें नव




पशुपालन निदेशक बनाओल गेल अछि।

**विवेक रंजन आ नितिन सिंह कें नव जिम्मेवारी :** 2017 बैचक आइएएस विवेक रंजन मैत्रेय कें सूचना एवं जनसंपर्क विभाग मे अपर सचिव बनाओल गेल अछि। ओतहि 2018 बैचक नितिन कुमार सिंह कें माध्यमिक शिक्षा निदेशक नियुक्त कएल गेल अछि। दुनू अधिकारी एहि सं पहिने पदस्थापनक प्रतीक्षा मे छलाह।

**नीलिमा स्वास्थ्य विभाग मे :** नवादा जिला परिषदक मुख्य कार्यपालक पदाधिकारी नीलिमा साहूक सेहो तबादला कएल गेल अछि। हुनका स्वास्थ्य विभाग मे संयुक्त सचिवक रूप मे पदस्थापित कएल गेल अछि। नीलिमा 2021 बैचक आइएएस अधिकारी छथि। कैमूर जिला परिषदक मुख्य कार्यपालक पदाधिकारी दिव्या शक्तिक सेहो पटना तबादला कएल गेल अछि। हुनका मद्यनिषेध, उत्पाद एवं निबंधन विभाग मे उत्पाद आयुक्तक जिम्मेवारी देल गेल अछि। दिव्या 2022 बैचक आइएएस अधिकारी छथि।

**स्नेहा मुजफ्फरपुर आ अंशु आराक नव एसडीओ :** सामान्य प्रशासन विभागक विशेष कार्य पदाधिकारी अंशु कुमार कें आरा सदरक नव अनुमंडलीय पदाधिकारी बनाओल गेल अछि। मुजफ्फरपुर पश्चिमीक भूमि सुधार उपसमाहर्ता कें मुजफ्फरपुर पश्चिमी अनुमंडलक एसडीओ केर जिम्मेवारी देल गेल अछि। दुनू बिहार प्रशासनिक सेवाक अधिकारी छथि। नवादाक अपर समाहर्ता शंभू शरण पांडेय कें नवादा जिला परिषदक मुख्य कार्यपालक पदाधिकारीक रूप मे पदस्थापित कएल गेल अछि। हुनका संयुक्त सचिव स्तर पर पदोन्नति सेहो देल गेल अछि। शंभू शरण बिहार प्रशासनिक सेवाक अधिकारी छथि।

# भागलपुर : गंगा मे डूबला सं तीन बहिनक मृत्यु

- **दखली घाट पर गंगा स्नानक क्रम मे एक कें बचेबाक चक्कर मे तीनू डूबि गेल**
- **चारि घंटाक अथक प्रयासक बाद निकालल गेल शव**

**भागलपुर, समदिया**

रक्षाबंधनक उमंग आ उल्लास सं ठीक पहिने एकटा परिवार नहि, बल्कि पूरा गाम शोक मे डूबि गेल। भाइक हाथ पर राखी बन्हबाक तैयारी मे लागल तीन बच्ची शुक्रदिन गंगा स्नानक दौरान कालक गाल मे समा गेली। एक बच्ची गहींर पानि मे डूबय लागल तं ओकरा बचाबय लेल दोसर बच्ची पानि मे उतरि गेली आ तकर बाद तेसर बच्ची सेहो मदद लेल आगू बढ़ली। देखैत-देखैत तीनू बच्ची गंगाक गहराइ मे समा गेली। ई हृदयविदारक घटना पीरपैंती थाना क्षेत्रक ओनलीटोला लग स्थित दखली घाट पर शुक्रदिन भोर करीब 11:30 बजे भेल। मृत बच्ची सभक पहिचान ओनलीटोला निवासी मुन्ना पासवानक बेटी चंदा कुमारी (15) आ करिश्मा कुमारी (17) तथा कुशापुर गाम निवासी अरविंद पासवानक बेटी अभिलाषा कुमारी (10) केर रूप मे भेल अछि।

### एक कें बचेबाक प्रयास मे तीनू गमौलनि जान



ग्रामीण सभक अनुसार तीनू बच्ची गंगा स्नान लेल घर सं निकलल छल। स्नानक क्रम मे चंदा अनचोके गहींर पानि मे चलि गेल आ डूबय लागल। ओकरा बचेबा लेल अभिलाषा सेहो गहींर पानि मे उतरि गेल। दुनू कें संकट मे देखि कए करिश्मा सेहो बचेबा लेल आगू बढ़ल। मुदा पानिक गहराइ आ तेज धारक आगू तीनू बच्चीक प्रयास विफल भए गेल। किछुए क्षण मे तीनू गंगा मे डूबि गेली। जखन बहुत देर धरि तीनू बच्ची घर नहि लौटल तं परिजन हुनका सभक खोज करैत दखली घाट पहुंचल। ओतय बच्ची सभक कपड़ा आ चप्पल देखिते परिजनक होश उड़ि गेल। अनहोनीक आशंका सं ग्रामीण सभ कें सूचना देल गेल। तकर बाद पैघ संख्या मे स्थानीय लोक नदी मे उतरि बच्ची सभक खोजबीन मे जुटि गेल। करीब चारि घंटाक कठिन प्रयासक बाद एक-एक कए तीनू बच्चीक शव नदी सं बाहर निकालल गेल। शव भेटिते घाट पर उपस्थित परिजनक हाल बेहाल भए गेल। रक्षाबंधन सं पहिने जाहि घर मे पर्वक तैयारी होबाक छल, ओतय शोक पसरि गेल।

# बिहार मे गुजरात मॉडल पर बनत 31 आधुनिक बस स्टैंड

- एसी वेटिंग हॉल एयरपोर्ट जेहन सुविधा
- ठहरबाक लेल होटल आ विवाह लेल बैंक्वेट हॉल होयत



**पटना, समदिया**

एसी वेटिंग हॉल, पंखा सं लैस, नीचा चमचम करैत टाइल्स, पहिल नजरि मे ई अहां कें कोनो नीक एयरपोर्ट लागि सकैत अछि, मुदा ई गुजरातक अहमदाबादक बस स्टैंड अछि।

शीघ्रए बिहार मे सेहो एहन बस स्टैंड बनाओल जायत। राज्य सरकार गुजरात मॉडल पर 31 बस स्टैंड कें आधुनिक बनेबाक निर्णय लेने अछि। एतय शॉपिंग मॉल, होटल, फूड कोर्ट सन सुविधा भेटत। किछु बस स्टैंडक स्थान सेहो बदलल जा सकैत अछि। पीपीपी मोड मे एकरा बनेबाक तैयारी अछि।

### बस स्टैंड मे भेटत एयरपोर्ट जकां सुविधा

सरकार बिहार राज्य पथ परिवहन निगम (बीएसआरटीसी) कें आर्थिक रूप सं मजबूत करबाक योजना पर काज कए रहल अछि। एकर अंतर्गत बस स्टैंड मे एयरपोर्ट जकां सुविधा उपलब्ध कराओल जायत।

राज्य सरकारक उद्देश्य मात्र बस स्टैंड बनोनाइ नहि, बल्कि नीक राजस्व उत्पन्न कएनिहार केंद्र बनेनाइ अछि। एकरा रोजगार उत्पन्न कएनिहार वाणिज्यिक केंद्रक रूप मे विकसित कएल जायत।

बिहार सरकार 31 उन्नत बस स्टैंड बनेबाक लेल गुजरात मॉडल चुनने अछि। गुजरातक जीएसआरटीसी बस पोर्ट मॉडल देशक सफल आधुनिक बस टर्मिनल मॉडल मे गिनल जाइत अछि।

### बीएसआरटीसीक 31 बस डिपोक होयत विकास

सरकार सार्वजनिक परिवहन सेवा कें हाईटेक बनेबाक लेल बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक 31 बस डिपोक विकास करत। एकर लेल जी प्लस 4 सं जी प्लस 6 धरि भवन बनाओल जायत।

बस टर्मिनल कें मात्र बस संचालन धरि सीमित नहि राखि मल्टी-फंक्शनल ट्रांसपोर्ट हबक रूप मे विकसित कएल जायत। यात्री कें एक्के परिसर मे परिवहनक संग आधुनिक नागरिक सुविधा सेहो भेटत। एकरा सं संबंधित प्रस्ताव सम्राट चौधरी मंत्रिमंडल सं पास भए गेल अछि।

बस स्टैंड सं भेल आमदनी बिहार राज्य पथ परिवहन निगम आ निजी भागीदारक बीच बांटल जायत। एहि पैसा सं बस स्टैंडक संचालन आ रखरखाव कएल जायत।

### ई-बस लेल चार्जिंग स्टेशन बनत

आधुनिक वर्कशॉप, बस पार्किंग, निरीक्षण पिट, स्टोर, टायर सेक्शन, ई-बस चार्जिंग स्टेशन, जल निकासी व्यवस्था, एसटीपी/ईटीपी तथा बैकअप पावर सिस्टम सन अत्याधुनिक तकनीकी सुविधा सेहो विकसित कएल जायत। एकरा सं भविष्य मे संचालित होमय बला इलेक्ट्रिक बसक संचालन आ रखरखाव मे सुविधा होयत। आबय बला दिन मे 400 ई-बस चलयबाक योजना अछि।

### एहि जिला मे विकसित होयत आधुनिक बस स्टैंड

31 आधुनिक बस स्टैंड बनेबाक योजना जिनका जिला मे अछि, ओहि मे पटना, भागलपुर, नालंदा, गयाजी, मुंगेर आ सहरसा धार्मिक पर्यटनक दृष्टि सं महत्वपूर्ण अछि। बस स्टैंड कें अत्याधुनिक बनेला सं पर्यटन कें बढ़ावा भेटत।

पटना मे बिहारक सबस पैघ बस स्टैंड तैयार होयत। मुजफ्फरपुर उत्तर बिहारक ट्रांजिट केंद्र बनत। दरभंगा मे नेपाल कनेक्टिविटी बला बस स्टैंड होयत। भागलपुरक बस स्टैंड पूर्वी बिहार आ झारखंड सं जुड़त। पूर्णिया सीमांचलक प्रमुख बस स्टैंड होयत। एकटा बस स्टैंड मे 100-150 दोकान भए सकैत अछि। 31 बस स्टैंड मे 70 सं 80 हजार लोक कें प्रत्यक्ष वा अप्रत्यक्ष रूप सं रोजगार भेटत। 500 सं 700 स्थायी रोजगारक अवसर बनत। 31 स्टैंड मे 3000 सं 5000 दोकान खुलबाक संभावना अछि।

### 186.67 करोड़ रुपैयाक लागति सं अहमदाबाद मे बनल अछि बस स्टैंड

गुजरात मॉडल अनुसार बनेनिहार बस स्टैंड कोना होयत, एकरा अहमदाबादक गीता मंदिर एसटी बस टर्मिनलक उदाहरण सं बुझल जा सकैत अछि। एहि बस स्टैंड कें 186.67 करोड़ रुपैयाक लागत सं मेगा-मॉल जकां अल्ट्रा-मॉडर्न रेनोवेशनक बाद तैयार कएल गेल अछि। 58,134 वर्ग मीटर मे पसरल एहि टर्मिनल मे 93 प्लेटफॉर्म, एसी वेटिंग लाउंज आ कमर्शियल जोन अछि।

एतय सं गुजरातक अलग-अलग शहर लेल बस चलैत अछि। हालहि मे टर्मिनल-2 सेहो शुरू कएल गेल अछि। एतय एयरपोर्ट जकां सुविधा देल गेल अछि। एहि मे 39 प्लेटफॉर्म, 370 सीट बला बोर्डिंग कॉनकोर्स, आधुनिक वेटिंग हॉल आ 130 सीट बला कैंटीन सन सुविधा अछि। पब्लिक-प्राइवेट पार्टनरशिप (पीपीपी) मॉडल सं बनल एहि कॉम्प्लेक्स मे राज्य परिवहन बस टर्मिनलक संग कमर्शियल रिटेल स्पेस, कार्यालय आ आवासीय क्षेत्र सेहो शामिल अछि। पैदल चलनिहार आ वाहन लेल अलग-अलग रास्ता, दिव्यांगक लेल विशेष शौचालय, पार्सल रूम आ मल्टी-लेवल पार्किंग सन सुविधा सेहो भेटैत अछि।

# सीएम सम्राट चौधरीक कलाइ पर सजल राखी, बहिनक संग साझा कएलनि फोटो



**पटना, समदिया**

बिहार मे भाइ-बहिनक अटूट प्रेमक पावनि रक्षाबंधन धूमधाम सं मनाओल गेल, जाहि मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, तेजस्वी यादव आ प्रशांत किशोर सन राजनीतिक नेता सेहो शामिल भेलाह।

भाइ-बहिनक अटूट प्रेम, स्नेह आ विश्वासक पावनि रक्षाबंधन पूरा बिहार मे धूमधाम सं मनाओल जा रहल अछि। भोरसंए बहिन सभ अपन भाइ सभक कलाई पर प्रेम आ विश्वासक डोर बांधि रहल छथि।

घर सं लए बाजार धरि उत्सवक माहौल अछि। एहि खास अवसर पर राजनीतिक गलियारा मे सेहो रक्षाबंधनक रौनक देखल जा रहल अछि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं लए नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव आ बांकीपुर विधायक प्रशांत किशोर धरि रक्षाबंधनक अवसर पर शुभकामना देलनि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक कलाई पर हुनकर दू बहिन राखी बांधलनि। मुख्यमंत्री एहि खास पलक तस्वीर अपन एक्स हैंडल पर साझा कएलनि।

ओ प्रदेशवासी कें रक्षाबंधनक शुभकामना दैत लिखलनि जे भाइ-बहिनक अटूट प्रेम, स्नेह आ विश्वासक ई पावन पावनि सभक जीवन मे सुख, समृद्धि, शांति आ खुशी लए कए आओत।

मुख्यमंत्री कहलनि जे ई पवित्र पावनि हमर पारिवारिक मूल्य, प्रेम आ रिश्ताक मिठास कें आओर मजबूत करय। ओ सभ भाइ-बहिनक सुखी आ समृद्ध जीवनक कामना कएलनि।

रक्षाबंधन सं पहिने साओन पूर्णिमाक अवसर पर मुख्यमंत्री अपन आवास पर सत्यनारायण भगवानक पूजा-अर्चना कएलनि। ओ विधि-विधान सं पूजा कए प्रदेशवासी कल्याण आ सुख-समृद्धिक कामना कएलनि।

नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव सेहो रक्षाबंधनक अवसर पर प्रदेशवासी कें शुभकामना देलनि। अपन एक्स हैंडल पर ओ भाइ-बहिनक प्रेम आ विश्वास कें एहि पावनिक पहचान बतबैत बहिन, बेटी आ मातृतुल्य महिला सभक सम्मान आ सुरक्षाक संकल्प लेबाक अपील कएलनि।

तेजस्वी यादव कहलनि जे रक्षाबंधन मात्र भाइ-बहिनक संबंधक पावनि नहि, बल्कि महिला सभक सम्मान, सुरक्षा आ अधिकारक प्रति अपन जिम्मेदारी कें स्मरण करबाक अवसर सेहो अछि।

ओतहि बांकीपुर विधायक प्रशांत किशोरक संग सेहो रक्षाबंधनक उत्साह देखल गेल। पैघ संख्या मे बहिन सभ हुनका राखी बांधलनि आ रक्षाबंधनक पावनि मनौलनि। एहि दौरान ओ बहिन सभ सं राखी बंधौलनि आ पावनिक खुशी साझा कएलनि।

रक्षाबंधनक अवसर पर राजनीतिक नेता सभ दिस सं साझा कएल गेल तस्वीर आ शुभकामना संदेश सेहो सोशल मीडिया पर चर्चा मे अछि। भाइ-बहिनक प्रेम आ रिश्ताक मिठास सं जुड़ल एहि पावनि सं राजनीतिक गलियारा मे सेहो भावनात्मक रंग भरि गेल अछि।

# पटनाक पांच पैघ अस्पताल मे 4484क मृत्यु हार्ट अटैक सं, एहि मे 673 नाबालिग-युवा शामिल

**पटना, समदिया**

हार्ट अटैकक मामिला कें आब मात्र बुजुर्ग लोकक समस्या माननाइ उचित नहि अछि। बदलैत जीवनशैली, खान-पानक आदति आ शारीरिक गतिविधिक कमी सं कम उम्र मे सेहो हृदय सं जुड़ल खतरा बढ़ि रहल अछि। बच्चा आ किशोर मे मोटापा, उच्च रक्तचाप, बढ़ल कोलेस्ट्रॉल आ शारीरिक निष्क्रियता सन खतरा कारक चिन्हित कएल जा रहल अछि। राजधानी पटनाक आईजीआईसी, आईजीआईएमएस, एनएमसीएच, पीएमसीएच आ पटना एम्स मे इलाज लेल पहुंचि रहल रोगीक केस स्टडी सं ई जानकारी भेटल अछि। इंडियन कार्डियोलॉजी ऑफ इंडिया, बिहार चैप्टरक दिस सं एहि पांचू अस्पताल मे सर्वे कएल गेल छल।

एहि मे पता चलल जे बीतल जनवरी सं एखन धरि यानी करीब आठ मास मे 11,209 रोगीक इलाजक दौरान मृत्यु भए गेल। खास बात ई अछि जे एहि मे 40 प्रतिशत मृत्यु हार्ट अटैक सं भेल अछि। एहि मे 15 प्रतिशत नाबालिग आ युवा शामिल छथि।

दोसर अस्पतालक तुलना मे आईजीआईसी मे सब सं बेसी नाबालिग बच्चा इलाज लेल पहुंचल। एतय बीतल आठ मास मे 247 नाबालिग बच्चा हृदय रोग सं पीड़ित भए कए पहुंचल, जिनका मे हार्ट ब्लॉकेज भेटल। हुनकर उम्र 15 सं 18 वर्षक बीच अछि। पांचू अस्पताल आ किछु निजी केंद्र कें मिला देल जाय तं हुनकर संख्या करीब 672 पहुंचि जाइत अछि।

इलाज कएनिहार डॉक्टरक अनुसार एकर मुख्य कारण बेसी वजन, मोटापा, बढ़ल रक्तचाप आ शारीरिक गतिविधिक कमी अछि। हालांकि, एहि बीच 19 सं 25 वर्षक किशोर मे सेहो हार्ट ब्लॉकेजक मामिला सामने आएल अछि। विशेषज्ञक कहब अछि जे एतेक कम उम्र मे कोरोनरी ब्लॉकेज होनाइ असामान्य अछि। एकरा लेल परिवार मे कोलेस्ट्रॉलक बेमारी, जन्मजात वा दोसर बेमारी आ अन्य गंभीर खतरा कारकक जांच करब आवश्यक अछि। राजधानी धरि सहज पहुंच आ समय पर त्वरित निर्णयक कारण पटना जिलाक सुदूर गांवक संग 14 जिलाक लोक हार्ट अटैकक मामिला मे शीघ्र पटना दिस आबि रहल छथि। वैशाली, समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर, बेगूसराय, औरंगाबाद, जहानाबाद, अरवल, आरा, छपरा, नवादा, मधेपुरा, गोपालगंज आ नालंदाक लोक रोगी कें लए सीधा पटना निकलैत छथि। सौभाग्य सं समय पर पहुंचला पर अशोक राजपथ स्थित इंदिरा गांधी हृदय रोग संस्थान (आईजीआईसी) वा बेली रोड स्थित इंदिरा गांधी आयुर्विज्ञान संस्थान (आईजीआईएमएस)क कैथ लैब मे गोल्डन आवरक दौरान जरूरी इलाज करा लेल जाइत अछि।

मुजफ्फरपुर, बेगूसराय, नालंदा सन इलाका मे दोसर जिलाक लोक विकल्प खोजबाक लेल पहुंचैत छथि। मुदा ओतुक्का लोक बिना प्रतीक्षा कए पटना दिस रुख करैत छथि आ रोगीक धमनिक इलाज करा लैत छथि। जे दू घंटा मे नहि पहुंचि सकैत छथि, ओ विशेषज्ञक देखरेख मे जरूरी इंजेक्शन लए निकलथि तं एहि जिला सभ सं आबि समय पर एंजियोप्लास्टी संभव अछि। पटना मे एखन आठ निजी अस्पताल मे कैथ लैब पूरा तरहे संचालित अछि। युवाक दैनिक दिनचर्या मे मोबाइल आ स्क्रीन टाइमक हिस्सा लगातार बढ़ल अछि। पढ़ाइ आ मनोरंजन लेल बेसी समय धरि बैसल रहला सं शारीरिक गतिविधि कम भए जाइत अछि। बेसी कैलोरी बला भोजनक सेवन सं वजन बढ़बाक संग रक्तचाप आ कोलेस्ट्रॉल सन समस्याक खतरा सेहो बढ़ैत अछि।

ओतहि वरिष्ठ फिजिशियन डॉ. बिमल राय बतौलनि जे जं तैल मे तलल भोजन, बेसी नून, चीनी आ अस्वस्थ वसा कें बच्चाक दैनिक आहारक हिस्सा बना देल जाय तं एकरा सं दीर्घकाल मे हृदय सं जुड़ल खतरा बढ़ि सकैत अछि। खास कए जखन फास्ट फूडक संग शारीरिक गतिविधि सेहो कम होइत अछि तं वजन आ चयापचय स्वास्थ्य पर असर पड़ि सकैत अछि।

### बैकुंठनाथ धाम पहुंचलाह शिक्षा मंत्री, महादेवक जलाभिषेक कए मांगलनि बिहारक समृद्धिक कामना

**पटना।** शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी शुक्र दिन खुसरूपुर स्थित ऐतिहासिक श्री गौरीशंकर बैकुंठनाथ धाम मंदिर पहुंचलाह। मंदिर परिसर मे पहुंचलाक बाद न्यास समितिक सदस्य आ स्थानीय लोक हुनकर स्वागत कएलनि। तकर बाद शिक्षा मंत्री देवाधिदेव महादेवक दरबार मे पहुंचि पूजा-अर्चना कएलनि। ओ पूरा विधि-विधान सं भगवान शिवक जलाभिषेक कए बिहारक सुख-शांति, समृद्धि आ निरंतर विकासक कामना कएलनि। पूजा-अर्चनाक बाद मंदिर न्यास समितिक सचिव राजाराम सिंह शिक्षा मंत्री कें अंगवस्त्र आ बैकुंठनाथ धाम मंदिरक स्मृति चिह्न भेंट कए सम्मानित कएलनि। एहि दौरान मंदिर परिसर मे मौजूद लोक सेहो शिक्षा मंत्री सं भेंट कएलनि। शिक्षा मंत्री कहलनि जे बैकुंठनाथ धाम आस्थाक अद्भुत केंद्र अछि आ एतय आबि भगवान भोलेनाथक दर्शन करबाक अवसर भेटल। ओ कहलनि जे भगवान शिव सं प्रार्थना अछि जे पूरा बिहार मे सुख, शांति आ समृद्धि बनल रहय तथा राज्य विकासक नव आयाम स्थापित करैत रहय।

शिक्षा मंत्रीक मंदिर पहुंचला कें लए न्यास समितिक सदस्य मे सेहो उत्साह रहल। पूजाक दौरान मंदिर परिसर मे धार्मिक माहौल बनल रहल। एहि अवसर पर मंदिर न्यास समितिक कतेको सदस्य, स्थानीय गणमान्य लोक आ अन्य श्रद्धालु मौजूद छलाह। पूजा-अर्चना आ सम्मान कार्यक्रमक बाद शिक्षा मंत्री मंदिर सं विदा भेलाह।

# बिहार मे डायल-112 सं सेहो टैग होयत 'पुलिस दीदी', 2500 टीमक होयत गठन

**पटना, समदिया**

बिहार मे महिला आ लड़िकीक सुरक्षा कें मजबूत करबाक लेल 2500 “पुलिस दीदी” टीमक गठन कएल जा रहल अछि। एहि टीम कें डायल-112 सं सेहो टैग कएल जायत, जाहि सं आपात स्थिति मे तत्काल मदति उपलब्ध कराओल जा सकय। पहिल चरण मे 1000 सं बेसी टीमक गठन कएल जा चुकल अछि।

स्कूल-कॉलेज आ बाजार मे लड़िकी आ महिला सभ सं छेड़खानी कएनिहार मनचला कें सबक सिखेबाक लेल आब मात्र “भइया” नहि, “पुलिस दीदी” (अभया ब्रिगेड) सेहो पहुंचत। राज्यक सभ जिला मे स्कूटी सवार पुलिस दीदीक 2500 टीमक गठन कएल जाएबाक अछि।

बृहस्पति दिन पटनाक किछु इलाका मे स्कूटी सवार पुलिस दीदीक गश्ती शुरू भए गेल अछि। रक्षाबंधन सं दोसर जिला सभ मे सेहो स्कूटी सवार पुलिस दीदीक गश्ती शुरू भए जायत। पुलिस दीदीक टीम कें डायल-112 सं सेहो टैग कएल जायत, जाहि सं आपात स्थिति वा जरूरत पड़ला पर नजदीकी पुलिस बलक मदति लेल जा सकत।



एकर अतिरिक्त पुलिस दीदीक दोसर टीमक सेहो इंटर-टैगिंग कएल जायत, जाहि सं आवश्यकता अनुसार एक-दोसरक सहयोग लेल जा सकय।

पुलिस मुख्यालयक अनुसार, महिला आ लड़िकीक विरुद्ध होमय बला आपराधिक घटना कें रोकबाक लेल हॉट-स्पॉट चिह्नित करबाक काज सेहो शुरू भए गेल अछि। स्कूल-कॉलेज, हॉस्टल, कोचिंग संस्थान, शॉपिंग मॉल, पार्क, सिनेमा हॉल, मेला, बाजार, हाटक संग एहन सभ स्थान कें चिह्नित कएल जा रहल अछि, जतय लड़िकी सभक संग छेड़छाड़क आशंका रहैत अछि। एहि हॉट-स्पॉटक सुरक्षा पुलिस दीदीक जिम्मा रहत।

एहि साल जनवरी मे गठित अभया ब्रिगेडक टीम कें अपग्रेड कए पुलिस दीदीक रूप देल जा रहल अछि। एकरा लेल संरचना मे किछु संशोधन कएल गेल अछि। प्रत्येक टीम मे एक महिला एएसआई (सहायक अवर निरीक्षक) वा पीटीसी कें प्रभारी बनबैत एक महिला सिपाही कें सदस्यक रूप मे शामिल कएल जायत। पुलिस दीदीक महिला पुलिसकर्मी कें क्षेत्रीय स्तर पर दू सप्ताहक प्रशिक्षण देल जायत। प्रशिक्षण मे महिला एवं लड़िकीसंबंधी कानून, आत्मरक्षा, सीपीआर, बॉडी-वॉर्न कैमरा, पेपर स्प्रे आदि संबंधी जानकारी देल जायत। पुलिस दीदीक टीम अपन-अपन थाना क्षेत्रक हॉट-स्पॉट पर नियमित भ्रमण आ निगरानी करत। टीम मे शामिल महिला पुलिसकर्मी महिला आ बालिका सभ सं बातचीत कए हुनकर समस्या बुझताह आ छेड़छाड़ करनिहारक विरुद्ध विधिसम्मत कारबाइ करताह। आवश्यकता पड़ला पर पीड़ित छात्राक काउंसलिंग सेहो कराओल जायत। नाबालिग सं जुड़ल मामिला मे एफआईआर (फर्स्ट इंफॉर्मेशन रिपोर्ट)क जगह एसआईआर (सोशल इन्वेस्टिगेशन रिपोर्ट) तैयार कएल जायत, जे किशोर न्याय पर्षदक समक्ष प्रस्तुत कएल जायत।

पुलिस दीदीक टीम स्कूल-कॉलेजक प्राचार्य, शिक्षक, महिला छात्रावासक वार्डन तथा कोचिंग संस्थानक संचालक सं सेहो समन्वय कए लड़िकी सभक समस्या संबंधी जानकारी लेत।

महिला आ लड़िकीक सुरक्षा लेल पुलिस दीदीक टीम कें स्कूटी उपलब्ध करा देल गेल अछि। सभ जिला मे थाना स्तर पर हॉट-स्पॉट चिह्नित कए ई टीम गश्ती आ निगरानी करत। एकर लगातार मॉनिटरिंग सेहो कएल जायत।

केएस अनुपम, एडीजी विधि व्यवस्था एवं सीआईडी कमजोर वर्ग कहलनि जे लड़िकी एवं महिला सभक सुरक्षा लेल पुलिस दीदीक टीम कें स्कूटी उपलब्ध करा देल गेल अछि। सभ जिला मे थाना स्तर पर हॉट-स्पॉट चिह्नित कए टीम गश्ती आ निगरानी करत आ एकर लगातार मॉनिटरिंग सेहो कएल जायत।

# पटना मे भव्य कृष्णोत्सवक होयत आयोजन, 3 दिन धरि चलत कार्यक्रम

## 5 प्रतियोगिता होयत, विजेता टीम कें भेटत 2.51 लाख रुपैया

**पटना, समदिया**

श्रीकृष्ण जन्माष्टमीक अवसर पर पटना मे भव्य कृष्णोत्सव समारोहक आयोजन कएल जायत। राजधानीक मिलर स्कूल ग्राउंड मे 2 सितंबर सं 4 सितंबर धरि 3 दिन धरि कार्यक्रम आयोजित होयत।

एहि मे फैंसी ड्रेस प्रतियोगिता, दही हांडी, दही खाओ प्रतियोगिता सहित 5 प्रतियोगिताक आयोजन कएल जायत। ओतहि भजन संध्याक आयोजन सेहो होयत, जाहि मे नामी भजन कलाकार पहुंचि कए अपन प्रस्तुति देताह। कार्यक्रम मे प्रवेश निःशुल्क रहत।

महावीर स्थान न्यास समितिक सचिव सायण कुणाल कहलनि जे एहि महोत्सवक मुख्य उद्देश्य युवा कें भक्ति आ संस्कृति सं जोड़ब अछि। एहि क्रम मे हम सभ पांच आयोजन कए रहल छी।



सब सं पहिने दही हांडी प्रतियोगिता होयत, जाहि मे विजेता टीम कें 2 लाख 51 हजार रुपैया, दोसर स्थान पर रहनिहार टीम कें 1 लाख 51 हजार रुपैया आ तेसर स्थान पर रहनिहार टीम कें 1 लाख 1 हजार रुपैयाक पुरस्कार देल जायत। दोसर दही खाओ प्रतियोगिता, तेसर बच्चाक फैंसी ड्रेस प्रतियोगिता आ चारिम प्रतियोगिता अपन घरक मंदिरक सजावट लेल होयत। एकरा लेल व्हाट्सऐप नंबर सेहो जारी कएल जायत, जाहि पर लोक अपन घरक मंदिरक फोटो पठा सकताह।

पांचम प्रतियोगिता इन्फ्लुएंसर लेल अछि। जे सभ सं नीक रील बनाओत, हुनका पुरस्कार देल जायत। सभ प्रतियोगिताक फाइनल 4 सितंबर कें होयत आ ओही दिन पुरस्कार सेहो देल जायत।

2 सितंबर कें राष्ट्रगान, राष्ट्रगीत आ बिहार गानक संग महोत्सवक शुरूआत होयत। तकर बाद डॉ. पंडित बिपिन कुमार मिश्रा मंगलाचरण आ शंखनाद प्रस्तुत करताह। अंतरराष्ट्रीय ख्यातिप्राप्त बांसुरी वादक एवं गायक उस्ताद डॉ. मुजतबा हुसैन आ चाहत हुसैन बांसुरी वादन करताह। भगवान श्रीकृष्णक जीवन आ दर्शन पर परिचर्चाक संग प्रिंस डांस ग्रुपक प्रस्तुति आ पार्श्वगायक सत्येंद्र संगीतक भजन संध्या सेहो होयत। 3 सितंबर कें उस्ताद डॉ. मुजतबा हुसैन आ चाहत हुसैनक बांसुरी जुगलबंदी होयत। बच्चा लेल फैंसी ड्रेस प्रतियोगिता आयोजित कएल जायत। एकर संग भगवान श्रीकृष्णक बाल लीलाक मंचन सेहो कएल जायत। 4 सितंबर कें श्रीकृष्ण जन्मोत्सवक अवसर पर मध्यरात्रि पारंपरिक सोहर आ बधाई गायन होयत। तकर बाद लाइव भांगड़ा आ भक्ति डीजेक आयोजन कएल जायत।

# राज्य मे विधायक आ कर्मी सभ कें भेटत कैशलेस इलाजक सुविधा

### आयुष्मान भारत सं जुड़त योजना

**पटना, समदिया**

विधायक (वर्तमान आ भूतपूर्व) आ हुनकर आश्रित लेल अगिला वर्ष 1 जनवरी सं इलाजक कैशलेस व्यवस्था होयत। ई सुविधा विधानसभा सचिवालयक पदाधिकारी-कर्मचारी लेल सेहो प्रभावी होयत।

विधानसभा अध्यक्षक संग भेल बैठक मे स्वास्थ्य मंत्री निशांत एकर आश्वासन देलनि। ओ बतौलनि जे विभागक संकल्प अछि जे कैशलेस व्यवस्था कें आयुष्मान भारत योजना (एबीवाई) सं जोड़ल जायत।



कैशलेस व्यवस्थाक अंतर्गत एखन अंतवार्सी (इनडोर) चिकित्सा लागू होयत। बर्हिवासी (आउटडोर) चिकित्साक प्रतिपूर्ति पूर्ववत रहत। एकर अतिरिक्त एबीवाई सं संबद्ध सरकारी आ गैर-सरकारी अस्पताल मे प्रतिपूर्ति देयक सीमा तय करबाक सुझाव पर विभागीय पदाधिकारी सभ अपन पक्ष रखलनि।

विधानसभाक सदस्य, पदाधिकारी एवं कर्मचारीक चिकित्सा विपत्रक सत्यापन लेल सिविल सर्जन कार्यालय जाए वाली प्रक्रिया मे होमय बला विलंबक मुद्दा पर सेहो चर्चा भेल।

विशेष रूप सं कैंसर, किडनी आ हृदय रोग सन गंभीर बेमारी सं जूझि रहल कर्मी सभक कठिनाइ कें ध्यान मे रखैत प्रतिपूर्ति प्रक्रिया कें त्वरित आ सुगम बनेबाक जोर देल गेल।

# बिहारक प्रतिभा कें बिहार मे भेटत विश्वस्तरीय अवसर : संजय सरावगी

## 200 करोड़क लागति सं राष्ट्रीय स्तरक खेल परिसर बनत नेहरू स्टेडियम

**दरभंगा, समदिया**

बिहार भाजपा केर प्रदेश अध्यक्ष सह दरभंगा नगर विधायक संजय सरावगी कहलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे एनडीए सरकार बिहारक विकासके नव दिशा आ गति देबाक काज मे जुटल अछि। दरभंगाक ऐतिहासिक नेहरू स्टेडियमके राष्ट्रीय स्तरक खेल परिसरक रूप मे विकसित करबाक योजना एकर पैघ उदाहरण अछि। करीब 200 करोड़ रुपैयाक लागत सं 10 एकड़ मे विकसित होमय बला ई खेल परिसर दरभंगाक लए ऐतिहासिक कदम साबित होयत।



प्रदेश अध्यक्ष मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक संग लोक सेवक आवास स्थित संकल्प सभागार मे भेल बैठक मे नेहरू स्टेडियमक प्रस्तावित कायाकल्प आ ह्यसेंटर ऑफ एक्सीलेंसह्नक विस्तृत समीक्षा कएलनि। एहि दौरान प्रस्तावित क्रिकेट स्टेडियम आ स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्सक प्रस्तुतीकरण सेहो देखलनि।

सरावगी कहलनि जे दीर्घ समय सं मिथिलांचलक खेल प्रतिभा सभ नीक सुविधाक अभाव मे अपन पूरा क्षमता प्रदर्शन नहि कए पा रहल छलाह। प्रस्तावित खेल परिसरक निर्माण सं खेलाड़ी सभके प्रशिक्षण आ आधुनिक संसाधनक लए पैघ शहर दिस जाएबाक आवश्यकता नहि पड़त।

ओ बतौलनि जे परिसर मे राष्ट्रीय स्तरक अत्याधुनिक क्रिकेट स्टेडियम बनाओल जाएत। एहि मे डे-नाइट मैचक लए हाईमास्ट लाइट, हाइब्रिड टर्फ पिच आ आधुनिक पवेलियनक सुविधा रहत। इंडोर मल्टीपरपज हॉल मे स्विमिंग पूल, बॉक्सिंग रिंग, जूडो-रेसलिंग क्षेत्र, चारि बैडमिंटन कोर्ट, बास्केटबॉल, स्क्वैश आ जिमक व्यवस्था प्रस्तावित अछि।

खेलाड़ी सभक नीक प्रदर्शनक लए स्पोर्ट्स साइंस, बायो-मैकेनिक्स आ मेडिकल सुविधाक विकास सेहो कएल जाएत। बाहर सं आबए बला खेलाड़ी सभक लए 100 बेडक छात्रावास, गेस्ट हाउस आ डाइनिंग हॉल बनाओल जाएत। एकर अतिरिक्त लॉन टेनिस, वॉलीबॉल, नेट प्रैक्टिस पिच, सौर ऊर्जा आधारित व्यवस्था आ मल्टीलेवल पार्किंग सेहो प्रस्तावित अछि।

सरावगी कहलनि जे एनडीए सरकार मात्र सड़क, पुल आ भवन नहि बना रहल अछि, बल्कि नव पीढ़ीक भविष्यके सेहो आकार दए रहल अछि। ई खेल परिसर दरभंगाके बिहारक प्रमुख खेल केंद्रक रूप मे स्थापित करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम होयत। ओ कहलनि जे मिथिलाक खेल प्रतिभा सभके आब अपन शहर मे नीक प्रशिक्षण आ सुविधा भेटत आ एतय सं निकलनिहार खेलाड़ी राष्ट्रीय-अंतरराष्ट्रीय मंच पर बिहारक नाम रोशन करताह।

# साओन पूर्णिमा पर बाबा दरबार पहुंचलाह सांसद गोपालजी ठाकुर, कएलनि रुद्राभिषेक

- इंजीनियरिंग कॉलेज आ सकरी-हसनपुर रेल परियोजनाक पुरान रूटक बहालीक मांग पर सांसद देलनि पहल करबाक आश्वासन

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

साओन पूर्णिमाक अवसर पर शुक्र दिन मिथिलाक बाबा धाम कुशेश्वरस्थान मे आस्था आ राजनीतिक गतिविधिक संगम देखए लेल भेटल। दरभंगा सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपालजी ठाकुर कुशेश्वरस्थान पहुंचलाह। ओ सब सं पहिने शिवगंगा मे स्नान कएलनि। एकर बाद मंदिरक पुजारी सभक वैदिक मंत्रोच्चारक बीच बाबा कुशेश्वरनाथक विधिवत रुद्राभिषेक कएलनि। पूजा-अर्चना कए ओ बाबा सं क्षेत्र मे अमन-चैन, सुख-समृद्धि आ खुशहालीक कामना कएलनि।



मंदिर मे न्यास समितिक सदस्य सभ मिथिलाक परंपराक अनुसार सांसदके पाग, चादर आ माला पहिराकए सम्मानित कएलनि। एकर पहिने बेर चौक, सतीघाट चौक आ हिरणी चौक पर भाजपा मंडल अध्यक्ष घनश्याम चौधरीक नेतृत्व मे एनडीए कार्यकर्ता सभ हुनकर भव्य स्वागत कएलनि।

### विकासक मांग पर सांसद देलनि आश्वासन

दर्शन-पूजनक बाद भाजपा मंडल अध्यक्ष घनश्याम चौधरी सांसदक समक्ष क्षेत्रक दू प्रमुख मांग राखलनि। एहि मे कुशेश्वरस्थान मे इंजीनियरिंग कॉलेजक स्थापना तथा वर्षो सं लंबित सकरी-हसनपुर रेल परियोजना मे हरनगर सं बिथान धरि पुरान निर्धारित रूट पर बंद पड़ल निर्माण काजके पुनः शुरू कराबयक मांग शामिल छल। सांसद दूनू मांगके गंभीरतापूर्वक सुनैत अपन स्तर सं सार्थक पहल करबाक आश्वासन देलनि।

एहि अवसर पर मणिकांत झा, संतोष चौधरी, सोनू झा, अजय यादव, राजेश पासवान सहित पैघ संख्या मे भाजपा आ एनडीए कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

## एक नजरि

### नेपाल मे आयल बाढ़ि मे मरनिहारक संख्या 410, 1500 लोक लापता

**जनकपुरधाम।** नेपालक भोटेकोशी मे आएल बाढ़ि मे मरनिहारक संख्या 410 पहुंचि गेल अछि, जखनकि विदेशी आ भारतीय पर्यटक सहित 1500 लोक लापता छथि। मधेश प्रदेश मे सय सं बेसी लोक लापता छथि। एहि मे सब सं बेसी सप्तरी जिलाक 24 लोक शामिल छथि। ओहि तरहे पर्सा जिलाक 19, महोत्तरीक 10, सलार्हीक 9, बाराक 19, धनुषाक 2 आ रौतहटक 3 लोक लापता छथि। नेपाली सेना आ प्रहरी बचाव काज मे लागल छथि। लापता लोकक परिवार अपन हरायल सगे-संबंधी सभक संबंध मे नीक खबर आबएबाक आस मे टकटकी लगौने छथि। हाथ मे हरायल व्यक्तिक तस्वीर लए बचाव काज मे लागल सेना आ प्रहरीके देखाबैत छथि। ओना शुक्र दिन भोर मे सुकून देनिहार खबर भेटल। त्रिशूली मे निमार्णाधीन हाइड्रो पावर स्टेशन मे कार्यरत 77 भारतीय अभियंता सकुशल भेटि गेलाह। भोटेकोशी नदी मे बाढ़ि आएलाक बाद सभ सं संपर्क विच्छेद भए गेल छल। त्रिवेणी बाजारक एक मदरसा मे रहनिहार 6 मौलवी आ 50 छात्र सेहो लापता छथि।

### दामोदरपुर मे पवन झाक बंद घर मे दोसर बेर चोरी



**बेनीपट्टी।** बेनीपट्टी थाना क्षेत्र मे अज्ञात चोर एकहि राति दू अलग-अलग ठाम चोरीक घटना क' पुलिसक सुरक्षा-व्यवस्था कें चुनौती देने अछि। दामोदरपुर वार्ड नंबर-9 निवासी पवन झाक बंद घर मे दोसर बेर चोरी भेल अछि। ओतहि बिरौली गामक भगवान श्रीराम मंदिर मे सेहो चोर घुसि श्रीराम, लक्ष्मण आ माता सीताक मूर्ति पर चढ़ाओल आभूषण तथा दानपेटी मे राखल करीब दू सं तीन हजार टाका लए' गेल। पवन झा विगत करीब तीन मास सं मुंबई मे छथि। चोर पूर्वक घटनाक दौरान क्षतिग्रस्त मुख्य द्वार कें हटा क' घर मे प्रवेश केलक। घरक ट्रंक आ सूटकेस खंगालि कपड़ा सहित अन्य सामान लए फरार भए गेल। भोर मे घरक देखभाल करबाक लेल पहुंचल महिलाक नजरि मुख्य द्वारक टूटल ताला पर पड़ल। तकर बाद गृहस्वामी कें सूचना देल गेल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे पहिने चोरीक समय चोर जे सामान छोड़ि गेल छल, एहि बेर ओहो नहि छोड़लक। एकहि घर मे दोसर बेर चोरी भेला सं ग्रामीण सभ मे आक्रोश अछि। सरपंच संतोष झा पुलिस कें घटना सं अवगत करौलनि।

### काठमांडू मे फंसल महाराष्ट्रक 106 तीर्थयात्री कें नेपाल सीमा सं सुरक्षित सीतामढ़ी आनल गेल



**सीतामढ़ी।** नेपाल मे आएल आकस्मिक फ्लैश फ्लड सं उत्पन्न विषम परिस्थिति मे काठमांडू मे फंसल महाराष्ट्रक 106 तीर्थयात्री महाराष्ट्र सरकार सं संपर्क कएलनि। महाराष्ट्र सरकार द्वारा बिहार सरकार सं समन्वय स्थापित कएलाक बाद 28 अगस्त कें बिहार सरकारक निर्देश आ समन्वय मे सीतामढ़ी जिला प्रशासन त्वरित आ प्रभावी कारबाइ करैत सभ 106 तीर्थयात्रीके नेपाल सीमा सं सुरक्षित सीतामढ़ी आनल गेल। जिला प्रशासनक टीम तीर्थयात्री सभ कें सुरक्षित रूप सं एस्कॉर्ट करैत सीतामढ़ी पहुंचौलनि। एहि दौरान जिला प्रशासन तीर्थयात्री सभक आवश्यकताके ध्यान मे रखैत भोजन आ पेयजल सहित अन्य आवश्यक सुविधाक समुचित व्यवस्था सुनिश्चित कएलक। उक्त राहति आ बचाव अभियान मे बिहार सरकार आ जिला प्रशासन द्वारा कएल गेल त्वरित कारबाइ, प्रभावी अंतरराज्यीय समन्वय तथा मानवीय दृष्टिकोणक विदेश मंत्रालय आ गृह मंत्रालय द्वारा सेहो सराहना कएल गेल। ई अभियान विभिन्न स्तर पर स्थापित प्रभावी समन्वय, त्वरित निर्णय आ संवेदनशील प्रशासनिक कारबाइक उल्लेखनीय उदाहरण रहल।

### जदयू नेता सुरेश कुमार सिंह कें बहिन सभ बान्हलनि राखी



**सीतामढ़ी।** जदयू नेता सुरेश कुमार सिंह कें हुनकर बहिन सभ राखी बांधि स्वस्थ, सुखी आ दीघार्यु जीवनक मंगलकामना कएलनि। बहिन सभ विधि-विधानक संग तिलक लगा आरती उतारलनि आ हुनकर कलाई पर रक्षा सूत्र बांधलनि। एहि दौरान परिवारक सदस्य सभक बीच खुशी आ आत्मीयताक माहौल बनल रहल। राखी बांधलाक बाद बहिन सभ ईश्वर सं प्रार्थना करैत कहलनि जे सुरेश कुमार सिंह सदिखन स्वस्थ रहथि आ समाज आ क्षेत्रक सेवा मे सक्रिय रहैत निरंतर आगू बढ़ैत रहथि। बहिन सभ भाइ केर सुख, समृद्धि, यश आ दीघार्युक कामना कएलनि। एकर बाद भाइ सेहो बहिन सभक सम्मान, सुरक्षा तथा हर सुख-दुख मे संग ठाढ़ रहबाक संकल्प व्यक्त कएलनि।

# सासुर सं घर लौटि रहल युवकक सड़क दुर्घटना मे मृत्यु

**समस्तीपुर/विद्यापतिनगर, समदिया**

विद्यापतिनगर थाना क्षेत्र सं गुजरनिहार एनएच 122 बी पर वैशा गाछीक लग शुक्र दिन दू बाइकक बीच भेल जोरदार टक्कर मे बाइक सवार तीन युवक गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। स्थानीय ग्रामीणक सूचना पर पहुंचल डायल 112 पुलिस टीम घटनास्थल पर पहुंचि त्वरित कारबाइ करैत घायल सभके पुलिस वाहन सं सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र, विद्यापतिनगर पहुंचौलनि। ओतय चिकित्सक एक युवकके मृत घोषित कएलनि। ओतहि दू अन्य घायल युवकक प्राथमिक उपचारक बाद रेफर कए देल गेल।मृतकक पहचान मोहिउद्दीननगर थाना क्षेत्रक राजाजान पंचायत स्थित ब्रह्मपुरा, बड़पुरा गांवक वार्ड संख्या-1 निवासी जवाहर सदाक पुत्र सुधीर सदा (30) केर रूप मे भेल अछि। पुलिस शवके कब्जा मे लए पोस्टमार्टमक लए सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक।

घटनाक संबंध मे बताओल जाइत अछि जे सुधीर विद्यापतिनगर थाना क्षेत्र अंतर्गत शेरपुर गांव स्थित अपन ससुराल सं बाइक पर सवार भए घर लौटि रहल छलाह। तखने विपरीत दिशा सं आबि रहल तेज रफ्तार बाइक जोरदार टक्कर मारि देलक। घटनाक बाद सुधीर सहित दोसर बाइक पर सवार दू अन्य युवक सेहो गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। हादसाक खबर भेटिते मृतकक घर आ ससुराल मे चीख-पुकार मचि गेल। जाहि युवकक घर लौटबाक स्वजन इंतजार कए रहल छलाह, ओतय किछुए देर बाद हुनकर मृत्युक खबर स्वजनके भीतर धरि झकझोरि देलक। अस्पताल परिसर मे स्वजनक करुण क्रंदन सं माहौल गमगीन भए उठल। थानाध्यक्ष सूरज कुमार कहलनि जे घटनाक जानकारी भेटिते डायल 112 पुलिस टीम घटनास्थल पर पहुंचि घायल सभके अस्पताल पहुंचौलनि। ओतय चिकित्सक एक युवकक मृत्युक पुष्टि कएलनि।

# संस्कृत शोभायात्राक बाद भेल उपाकर्म चारि घंटा धरि चलल पूजन-हवन

## संस्कृत सप्ताह समारोहक चारिम दिन वैदिक परंपराक संग आयोजित भेल उपाकर्म क्रिया

**दरभंगा, समदिया**

संस्कृत सप्ताह समारोहक चारिम दिन शुक्र दिन विश्वविद्यालय मुख्यालय मे संस्कृत शोभायात्रा निकालल गेल। एकर बाद विश्वविद्यालय परिसर स्थित यज्ञशाला मे उपाकर्म क्रिया आयोजित भेल, जे करीब चारि घंटा धरि चलल। उपाकर्म मे प्रभारी कुलपति प्रो. दिलीप कुमार झा मुख्य यजमान बनलाह, जखनकि प्रधान पुरोहित वेद विभागाध्यक्ष सह कार्यक्रम संयोजक डॉ. ध्रुव मिश्र तथा यज्ञक ब्रह्मा संकायाध्यक्ष प्रो. दयानाथ झा रहलाह।



भोर मे छात्रावास परिसर सं शोभायात्रा निकलल, जे श्यामा मंदिर, राधा लक्ष्मी संस्कृत महाविद्यालय सहित विभिन्न स्थान सं होइत पुनः विश्वविद्यालय परिसर पहुंचि समाप्त भेल। एहि दौरान संस्कृत प्रेमी सभ जयतु संस्कृतम्-जयतु भारतम्, भारतस्य भाषा-संस्कृत भाषा, देवभाषा-संस्कृतभाषा आ पठतु संस्कृतम्-वदतु संस्कृतम् जकां सूक्त वाक्यक घोष कएलनि।

शोभायात्राक बाद यज्ञशाला मे विधिवत पूजन आ हवन भेल। उपाकर्मक पौराणिक परंपराके वर्तमान संदर्भक अनुरूप संपन्न कएल गेल। कार्यक्रम मे प्रो. पुरेंद्र वारिक, डॉ. श्याम सुंदर ठाकुर, डॉ. देवभूति कुमारी, डॉ. प्रमोद कुमार मिश्र, डॉ. रामनिहोरा राय, डॉ. कुणाल कुमार झा सहित शिक्षक, पदाधिकारी आ शिक्षकेतर कर्मी मौजूद रहलाह।

की अछि उपाकर्म : साओन पूर्णिमा पर वेद आ शास्त्र शिक्षाक शुरूआत करबाक प्राचीन परंपराके उपाकर्म कहल जाइत अछि। एहि मे ऋषि पूजन, तर्पण, यज्ञोपवीत दान तथा हवन-पूजनक विधान अछि।

# रक्षाबंधन प्रेम, विश्वास आ सामाजिक जिम्मेदारीक पर्व : डॉ. शोएब अहमद खान

**दरभंगा, समदिया**

रक्षाबंधनक पावन पर्व पर जनसुराज पार्टीक प्रदेश महासचिव डॉ. शोएब अहमद खान सभ विद्यार्थी, अभिभावक, शिक्षण संस्थानक सदस्य आ देशवासी सभके हार्दिक बधाइ आ शुभकामना देलनि।



अपन संदेश मे डॉ. शोएब अहमद खान कहलनि जे रक्षाबंधन मात्र धागाक पर्व नहि, बल्कि अटूट विश्वास, निस्वार्थ प्रेम आ एक-दोसरक प्रति जिम्मेदारीक प्रतीक अछि। ई पर्व भारतीय संस्कृतिक ओ मजबूत नींवके दर्शबैत अछि, जे समाजके प्रेम, सद्भाव आ भाइचाराक सूत्र मे बांधि कए राखैत अछि।

ओ विद्यार्थी आ युवा पीढ़ीक आह्वान करैत कहलनि जे रक्षाबंधनक वास्तविक अर्थ मात्र बहिनक रक्षा धरि सीमित नहि अछि। ई समाज मे नारी शक्तिक प्रति सम्मान, सुरक्षा आ हुनकर सशक्तीकरणक जिम्मेदारी लेबाक संकल्प सेहो अछि। युवा सभके एहन समाज बनेबाक दिशा मे अपन भूमिका निभेबाक चाही, जतय प्रत्येक महिला अपना आपके सुरक्षित आ आत्मनिर्भर अनुभव करथि।

डॉ. खान कहलनि जे आधुनिक दौर मे आपसी संबंधक गर्माहट आ सामाजिक सौहार्दके बनौने राखब बहुत जरूरी अछि। ओ ईश्वर सं प्रार्थना कएलनि जे रक्षाबंधनक ई पावन पर्व सभक जीवन मे सुख, शांति, समृद्धि आ खुशी लाबय तथा समाज मे प्रेम आ भाइचारा आरो मजबूत हो।

# श्रावणी पूर्णिमा पर विद्यापतिधाम मे उमड़ल आस्थाक भीड़

## जलाभिषेक आ हवन लए पहुंचला श्रद्धालु



**समस्तीपुर/विद्यापतिनगर,समदिया**

श्रावण पूर्णिमाक पावन अवसर पर शुक्र दिन विद्यापतिधाम उगना महादेव मंदिर मे श्रद्धालुक पैघ भीड़ उमड़ल। भोर संए पैघ संख्या मे श्रद्धालु मंदिर पहुंचि भक्त विद्यापति जी आ भगवान भोलेनाथक जलाभिषेक, पूजा-अर्चना आ हवन करब मे जुटल रहलाह। श्रद्धालु सभ भगवान शिवके गंगाजल, दूध, बेलपत्र, पुष्प आदि अर्पित कए सुख-समृद्धि आ परिवारक मंगलकामना कएलनि। श्रद्धालु सभ मंदिर परिसर मे विधि-विधान सं पूजा-अर्चना करबाक संग हवन कए भगवान शिवक आशीर्वाद प्राप्त कएलनि। एहि दौरान मंदिर परिसर मे हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोष सं वातावरण भक्तिमय बनल रहल।

दूर-दराजक क्षेत्र सभ सं पहुंचल श्रद्धालु सभ मे सेहो बाबा केर दर्शन आ जलाभिषेकके लए विशेष उत्साह देखल गेल। श्रावण मासक आखरी पावन अवसर पर मंदिर परिसर मे श्रद्धालुक सुविधा लए प्रशासनिक व्यवस्था सेहो सक्रिय रहल। भक्त सभ कतारबद्ध भए बाबा विद्यापति उगना महादेवक दर्शन कएलनि तथा पूजा-अर्चना कएला बाद प्रसाद ग्रहण कएलनि। पूर्णिमाक संग एहि वर्षक श्रावणी मास अनुष्ठानक समापन भेला सं श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल।

# शहर सं गाम धरि उल्लासक संग मनाओल गेल रक्षाबंधन

### बहिन सभ भाइ सभक हाथ पर बान्हलनि स्नेहक धागा

**दरभंगा, समदिया**

भाइ-बहिनक अटूट प्रेम, विश्वास आ स्नेहक पर्व रक्षाबंधन शुक्र दिन शहर सं लए गांव धरि पूरा उत्साह आ उल्लासक संग मनाओल गेल। भोर सं बाजार आ प्रमुख चौक-चौराहा सभ पर रौनक देखल गेल। राखीक दोकान सभ पर महिला आ युवती सभक भीड़ लागल रहल। रंग-बिरंगक आ आकर्षक राखीक संग मिठाइ आ उपहारक जमिकए खरीदारी भेल।

रक्षाबंधनक अवसर पर बहिन सभ भाइ सभक कलाई पर राखी बांधि हुनकर दीघार्यु आ सुख-समृद्धिक कामना कएलनि। भाइ सभ सेहो बहिन सभक रक्षा करबाक संकल्प लैत हुनका सभके उपहार देलनि। कतेको परिवार मे भोर मे स्नान आ पूजा-अर्चना कए राखी बांधबाक



सिलसिला शुरू भेल, जे देर सांझ धरि चलैत रहल।


शहरक दरभंगा टावर, लहेरियासराय, बाकरगंज, भगवान दास मोहल्ला, रामगंज, बलभद्रपुर, शुभंकरपुर, मिजार्पुर सहित प्रमुख बाजार सभ मे पर्वके लए विशेष चहल-पहल रहल। गांव सभ मे सेहो घर-घर रक्षाबंधनक खुशी देखए लेल भेटल। दूर-दराज रहनिहार भाइ-बहिन सेहो एक-दोसर सं भेंट करबाक लए यात्रा कएलनि।

एहि दौरान मिठाइक दोकान सभ पर सेहो ग्राहकक भीड़ लागल रहल। सामाजिक माध्यम आ मोबाइलक माध्यम सं सेहो लोक सभ एक-दोसरके रक्षाबंधनक शुभकामना देलनि। पर्वके लए बच्चा आ युवा सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। रक्षाबंधन परिवार मे आपसी प्रेम, अपनापन आ भाइ-बहिनक संबंधक मिठासके आरो मजबूत कएलक।

# अपर समाहर्ता आम लोकक समस्या सुनलनि, शीघ्र समाधानक देलनि निर्देश

**समाधान अनुश्रवण प्रणालीक अंतर्गत आयोजित भेल कार्यक्रम**

मधुबनी, समदिया



जिलाधिकारी आनंद शर्माक निर्देशानुसार समाहरणालय परिसर मे सेवा-संवाद-समाधान अनुश्रवण प्रणालीक अंतर्गत सबहक सम्मान-जीवन सहज कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर अपर समाहर्ता राजेश कुमार आम लोक सं सीधा संवाद स्थापित कए हुनकर समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित पदाधिकारी कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जनसंवाद कार्यक्रमक उद्देश्य आम नागरिक कें सरकारी कार्यालय सं संबंधित काज मे आबि रहल कठिनाइ कें दूर करब तथा प्रशासन आ जनता बीच नीक संवाद स्थापित करब अछि। कार्यक्रमक दौरान जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सं आयल दर्जनों लोक अपन-अपन समस्या पदाधिकारीक समक्ष रखलनि। हुनकर समस्या समाधान लेल संबंधित विभाग कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। उत्क्रमित मध्य विद्यालय ओलीपुर, प्रखंड झंझारपुरक विशिष्ट शिक्षक विकास कुमार प्रधानाध्यापक द्वारा निर्धारित दिनचर्या सं बेसी कक्षा लेबाक दबाव देल जाएब आ मानसिकरूप सं परेशान करबाक संबंध मे शिकायत केलनि। प्रखंड कलुआही निवासी अमला देवी अपन सेवानिवृत्त शिक्षक पति कें कतेको वर्ष सं लंबित बकाया भेद राशि भुगतान नहि भेलाक संबंध मे आवेदन देलनि। प्रखंड अंधराठाढ़ी निवासी सौरभ कुमार मेहता प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्रक चिकित्सक द्वारा ड्यूटी रोस्टरक पालन नहि करबाक तथा निजी नर्सिंग होम चलाओल जाएबाक संबंध मे शिकायत केलनि। राजनगर निवासी बिनोद कुमार चौधरी समिति द्वारा निर्णय भेला उपरांत सेहो निजी जमीन कें रोक सूची सं मुक्त नहि करबाक संबंध मे आवेदन देलनि। रहिका प्रखंड निवासी सविता देवी उद्योग विभाग द्वारा पीएमईजीपी ऋण मे अनुदान समायोजन नहि कएल जाएबाक संबंध मे आवेदन देलनि। बाबूबरही प्रखंड निवासी राजकुमार सिंह ग्राम बरैल मे सार्वजनिक जमीन पर कएल गेल गैरकानूनी अतिक्रमण कें खाली करयबाक मांग केलनि। कलुआही प्रखंडक मलमल गाम निवासी अगमलाल यादव 45 वर्ष सं दखल-कब्जा मे रहल गैर-मजरुआ जमीनक बंदोबस्ती पर्चा उपलब्ध करयबाक संबंध मे आवेदन देलनि। एकर अतिरिक्त विभिन्न विभागक पदाधिकारी अपन-अपन कक्ष मे उपस्थित रहि जिलाक विभिन्न भाग सं आयल लोकक समस्या सुनलनि आ समाधान लेल आवश्यक पहल केलनि। उल्लेखनीय अछि जे सेवा-संवाद-समाधान अनुश्रवण प्रणालीक अंतर्गत 'सबक सम्मान-जीवन सहज' कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य आम नागरिकक समस्या कें सम्मानपूर्वक सुनि ओकर समाधान उपलब्ध करेनाइ तथा प्रशासनिक व्यवस्था कें बेसी जनहितैषी, पारदर्शी आ उत्तरदायी बनायब अछि। अपर समाहर्ता कहलनि जे प्रशासन आम जनताक समस्या समाधान लेल पूर्ण रूप सं प्रतिबद्ध अछि। सभ पदाधिकारी कें प्राप्त शिकायतक समयबद्ध, पारदर्शी आ प्रभावी समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि, जाहि सं नागरिक कें सरकारी कार्यालयक अनावश्यक चक्कर नहि लगाबय पड़य आ नीक प्रशासनिक सेवा भेटि सकय। ओ कहलनि जे राज्य सरकार द्वारा प्रत्येक मासक पहिल आ तेसर मंगलदिन पंचायत स्तर पर 'सहयोग शिविर' आयोजित कएल जाइत अछि। ई पूर्णतः ऑनलाइन व्यवस्था अछि, जाहि माध्यम सं प्राप्त आवेदनक निर्धारित समय-सीमा मे निष्पादन कएल जाइत अछि। नागरिक अपन शिकायतक समाधान लेल घर बैसल आरटीएमएस'सहयोग' पोर्टल पर ऑनलाइन आवेदन कए सकैत छथि। साथहि विद्यार्थी सभ लेल प्रत्येक मासक चौठ मंगलदिन 'विद्यार्थी सहयोग शिविर' सेहो आयोजित कएल जाइत अछि। एहि क्रम मे पदाधिकारी कें विद्यालय आ छात्रावास मे शिविरक आयोजन, विद्यार्थी सभक सहभागिता, शिकायतक संधारण आ अनुश्रवणक समुचित व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि। विद्यार्थी अपन समस्या आ शिकायत सहयोग हेल्पलाइन नंबर 1100 पर दर्ज करा सकैत छथि। एकर अतिरिक्त ऑनलाइन शिकायत लेल सहयोग पोर्टलक सेहो उपयोग कएल जा सकैत अछि।

## महिलाक सुरक्षाक लेल सड़क पर उतरली पुलिस दीदी, भेटल 3 स्कूटी आ 3 मोटरसाइकिल



झंझारपुर, समदिया

महिला आ बच्ची सभक सुरक्षा कें आरो सुदृढ़ करबाक लेल झंझारपुर पुलिस एकटा नव पहल शुरू केलक अछि। आब महिलाक सुरक्षाक लेल सड़क पर पुलिस दीदी नजरि एती। बिहार सरकार द्वारा झंझारपुर अनुमंडल पुलिस कें तीनटास्कूटी आ तीनटा मोटरसाइकिल उपलब्ध कराओल गेल अछि। शुक्रदिन झंझारपुर थाना परिसर मे आयोजित सादगीपूर्ण समारोह मे एहि विशेष टीमक शुरुआत कएल गेल। एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा कहलनि जे महिला पुलिसकर्मी आ महिला पदाधिकारी 'पुलिस दीदी'क रूप मे थाना क्षेत्र मे गश्ती करथिन। ई टीम स्कूल, कॉलेज, बाजार, मॉल आ अन्य सार्वजनिक स्थल पर विशेष निगरानी रखत, जतय महिला आ छात्रा सभक आवागमन बेसी होइत अछि। एकर अतिरिक्त सुनसान आ संवेदनशील क्षेत्र मे सेहो नियमित गश्ती कएल जाएत।ओ कहलनि जे छेड़छाड़, अभद्र टिप्पणी, हिंसा अथवा कोनो प्रकारक आपत्तिजनक गतिविधि मे संलग्न लोकक विरुद्ध कड़ा कारबाइ कएल जाएत। पुलिस दीदी आम लोक कें आपातकालीन सेवा डायल-112क संबंध मे सेहो जागरूक करथिन। कोनो महिला अथवा बच्ची कें परेशानी भेलापर टीम घटनास्थल पर पहुंचि तत्काल सहायता उपलब्ध कराओत आ संबंधित थाना तथा डायल-112 टीम कें सूचना दए आगांक कारबाइ सुनिश्चित करत। एहि अवसर पर इंस्पेक्टर राज कपूर कुशवाहा, थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

**» स्कूल-कॉलेज, बाजार आ सुनसान इलाका मे करती गश्ती, मनचला सभ पर होयत कड़ा कारबाइ**

## हर्ष आ उल्लासक संग भाइ-बहिनक पाबनि रक्षाबंधन मनाओल गेल

**शुक्रदिन पाबनि पड़लाक कारणें बढ़ि गेल लोकक उत्साह**

झंझारपुर, समदिया



अनुमंडल मुख्यालय सहित क्षेत्रक विभिन्न गाम सभ मे भाय-बहिनक अटूट प्रेमक पवित्र पावनि रक्षाबंधन शुक्रदिन हर्ष आ उल्लासक संग मनाओल गेल। भाय-बहिनक अटूट प्रेमक प्रतीक ई पावनि सुरक्षा आ स्नेहक वचनक द्योतकअछि। एहि वर्ष रक्षाबंधन शुक्रदिन पड़लाक कारण पावनिक उत्साह आरो बढ़ि गेल। एहि अवसर पर बहिन सभ अपन भायक कलाई पर तीनटा गांठ दए राखी बांधलनि आ हुनकर दीर्घायु तथा सुख-समृद्धिक कामना केलनि। रक्षाबंधनक पावन अवसरक दृश्य अत्यंत मनोहारी छल। बहिन सभ भायक कलाई पर राखी बांधऽ सं पहिने तिलक लगौलनि आ आरती उतारलनि। एहि अवसर पर भाय सभ सेहो अपन बहिन कें उपहार दैत हुनकर रक्षा करबाक वचन देलनि। कतेको भाय अपन बहिन कें उपहारक रूप मे नगद राशि, वस्त्र आ आभूषण सेहो देलनि।रक्षाबंधनक ई पावनि भाय-बहिनक पवित्र संबंध कें आरो सुदृढ़ करबाक आ हुनका सभक बीचक स्नेहक बंधन कें गहीर बनयबाक अवसर प्रदान करैत अछि। कहल जाइत अछि जे एहि वर्ष रक्षाबंधन पर कतेको शुभ योग बनल छल, जाहि मे सर्वार्थ सिद्धि योग आ सौभाग्य योग प्रमुख अछि। एहि शुभ योग सभक कारण रक्षाबंधनक धार्मिक आ आध्यात्मिक महत्ता आरो बढ़ि गेल अछि।

# संवाद सं समाधान दिस डेग, सौराठ मे लागल संत गुरु रविदास विकास शिविर

**विकास शिविरक उद्देश्य अंतिम व्यक्ति धरि योजनाक पहुंच सुनिश्चित करब : अपर समाहर्ता**

मधुबनी, समदिया




संत गुरु रविदास जीक 650म जयंती वर्षक उपलक्ष्य मे जिलाक महादलित टोल सभ मे आयोजित कएल जा रहल संत गुरु रविदास विकास शिविरक अंतर्गत बुधदिन सौराठ पंचायत मे विशेष विकास शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविरक उद्घाटन अपर समाहर्ता सह जिला लोक शिकायत निवारण पदाधिकारी राजेश कुमार आ एसपी ग्रामीण शिवम धाकड़ संयुक्त रूप सं केलनि। सौराठ पंचायतक वार्ड संख्या-11 अंतर्गत सामुदायिक भवनक लग स्थित रविदास टोल मे आयोजित एहि शिविर मे स्थानीय ग्रामीण सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। पैघ संख्या मे उपस्थित लोक सभ कें विभिन्न सरकारी योजना आ विभागीय सेवा सभक संबंध मे जानकारी देल गेल। विदित हो जे विकास शिविरक मुख्य उद्देश्य महादलित समुदाय सहित समाजक जरूरतमंद आ पात्र लोक सभ धरिसरकारक कल्याणकारी तथा विकासात्मक योजनाक पहुंच सुनिश्चित करब अछि। एकर संगहि स्थानीय स्तर पर लोक सभक समस्या आ आवश्यकताक सुनवाइ कए ओकर समाधानक दिशा मे आवश्यक पहल करब सेहो शिविरक प्रमुख उद्देश्य अछि।शिविर मे विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ कर्मी अपन-अपन विभाग सं संबंधित योजना, सेवा तथा ओकर लाभ प्राप्त करबाक लेल आवश्यक पात्रता आ प्रक्रियाक जानकारी देलनि। उपस्थित नागरिक सभ कें सरकारी योजनाक लाभ लेबाक प्रक्रिया संबंध मे विस्तार सं अवगत कराओल गेल। एहि क्रम मे ग्रामीण सभक समस्या, आवश्यकता आ सुझाव सेहो सुनल गेल।एहि अवसर पर अपर समाहर्ता राजेश कुमार कहलनि जे एहि प्रकारक विकास शिविर प्रशासन आ आम जनता बीच सीधा संवादक प्रभावी माध्यम अछि। एहि शिविर सभक माध्यम सं ई सुनिश्चित करबाक प्रयास भए रहल अछि जे पात्र लाभुक सभ कें सरकारी योजनाक लाभ सहजतापूर्वक भेटि सकय आ अपन समस्या समाधानक लेल हुनका अनावश्यक रूप सं सरकारी कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। उल्लेखनीय अछि जे संत गुरु रविदास जीक 650म जयंती वर्षक अवसर पर राज्यक विभिन्न महादलित टोल सभ मे विशेष विकास शिविरक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत मधुबनी जिलाक चिह्नित महादलित टोल सभ मे सेहो चरणबद्ध रूप सं शिविर आयोजित कए विभिन्न विभागक योजना आ सेवा आम लोक धरि पहुंचाओल जा रहल अछि। शिविर मे स्थानीय जनप्रतिनिधि, संबंधित विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सहित पैघ संख्या मे स्थानीय ग्रामीण उपस्थित छलाह।

# सशस्त्र सीमा बल जयनगर मे हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल रक्षाबंधन पावनि

**रक्षाबंधनक पावन पावनि हर्षोल्लास आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे मनाओल गेल**

जयनगर, समदिया



जयनगर स्थित 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक मुख्यालय मे शुक्रदिन रक्षाबंधनक पावन पावनि हर्षोल्लास आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे मनाओल गेल। एहि अवसर पर ब्रह्माकुमारी, जयनगर-बाबा पोखरक बहिन सभ वाहिनीक अधिकारी आ जवान सभक कलाई मे रक्षा-सूत्र बांधि भाय-बहिनक पवित्र प्रेम, विश्वास आ सुरक्षाक संकल्पक संदेश देलनि। कार्यक्रम मे ब्रह्माकुमारी संस्था, जयनगर-बाबा पोखर सं बी.के. रीना बहिन, बी.के. सीमा बहिन, डॉ. धनीक लाल यादव, बी.के. विजय कुमार आ बी.के. रामकुमार यादव उपस्थित छलाह। एकर अतिरिक्त सीमा जागरण मंच, जयनगरक जिला संगठन मंत्री राकेश, जिला पार्षद सह जिला मंत्री अंजली, राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक जयनगर खंड कार्यवाह जयंत सहित अन्य बहिन सभ कार्यक्रम मे सहभागिता केलनि।एहि अवसर पर वाहिनीक महिला कार्मिक सभ सेहो उपस्थित बहिन सभक कलाई मे राखी बांधलनि। एहि माध्यम संपारस्परिक स्नेह, भाईचारा आ सामाजिक समरसताक संदेश देल गेल। पूरा कार्यक्रमक दौरान आत्मीयता आसौहार्दक वातावरण बनल रहल। कार्यक्रम मे कमांडेंट राजेंद्र कुमार, द्वितीय कमान अधिकारी हरेंद्र सिंह, उप कमांडेंट हरि नारायण जाट, उप कमांडेंट विमल गुप्ता, सहायक कमांडेंट नरेंद्र कुमार सिंह सहित वाहिनीक अधिकारी, अधीनस्थ अधिकारी, महिला कार्मिक आ अन्य जवान उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर कमांडेंट राजेंद्र कुमार अपन संबोधन मे कहलनि जे रक्षाबंधन मात्र भाय-बहिनक प्रेम आ विश्वासकपावनि नहि, बल्कि समाज मे आपसी भाईचारा, सौहार्द, सुरक्षा, सम्मान आ सामाजिक समरसताक भावना कें मजबूत करबाक पावनि सेहो अछि। ओ कहलनि जे सीमाक सुरक्षा मे तैनात सशस्त्र सीमा बलक जवान देशवासीसभक सुरक्षा लेल सदिखन समर्पित रहैत छथि। एहन पावनि जवान सभक बीच आत्मीयता आ सामाजिक जुड़ावक भावना कें आरो मजबूत करैत अछि। कमांडेंट सभ उपस्थित बहिन कें रक्षाबंधनक शुभकामना दैत हुनकर स्नेह आ आशीर्वाद लेल आभार व्यक्त केलनि। कार्यक्रमक अंत मे सभ अधिकारी आ कार्मिक एक-दोसर कें रक्षाबंधनक शुभकामना देलनि आ आपसी प्रेम, सद्भाव तथा सामाजिक समरसता कायम रखबाक संकल्प लेलनि।

## श्रावण पूर्णिमाक अवसर पर सांसद कुशेश्वरस्थान मे केलनि जलाभिषेक

दरभंगा, समदिया



श्रावण पूर्णिमाक अवसर पर भारतीय जनता पार्टीक सांसद सह लोकसभा मे पार्टीक सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर कुशेश्वरस्थान स्थित बाबा भोलेनाथक पूजा-अर्चना कए जलाभिषेक केलनि। एहि अवसर पर ओ दरभंगा सहितसमस्त मिथिला क्षेत्रक जनकल्याण आ समृद्धिक कामना केलनि। पूजा-अर्चना उपरांत सांसद डॉ. ठाकुर कुशेश्वरस्थानक ऐतिहासिक आ धार्मिक महत्त्वक चर्चा करैत कहलनि जेमिथिला क्षेत्रक लेल ई स्थान दोसर बाबाधामक नाम सं सेहो प्रसिद्ध अछि। वेद, पुराण आ शास्त्र सभ मे कुशेश्वरस्थानक महिमाक अनेको उदाहरण भेटैत अछि। ई बातक परिचायक अछि जे आस्था आ विश्वासक दृष्टिएंकुशेश्वरस्थान सनातन धर्मक एकटा महत्वपूर्ण केंद्र अछि।सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे सनातन आस्थाक एहि पावन केंद्र पर श्रद्धापूर्वक भगवान भोलेनाथक वंदना करैत ओ राष्ट्रक निरंतर प्रगति, यशस्वी नेतृत्व आ विकसित भारतक संकल्पक सिद्धिक लेल बाबा भोलेनाथ सं आशीर्वाद प्राप्त केलनि।एहि अवसर पर स्थानीय जिलाध्यक्ष विनय पासवानक अतिरिक्त मणिकांत मिश्र, माधव चौधरी, गौरव राय, महावीर सिंह, घनश्याम चौधरी, अजय राय, रजनीश सुंदरम, भगवान ठाकुर सहित एनडीएक सैकड़ो नेता,जनप्रतिनिधि आ श्रद्धालु उपस्थित छलाह।

**» कुशेश्वरस्थान स्थित भगवान भोलेनाथक पूजा सं मनोकामना पूर्ण होइत अछि : डॉ. गोपाल जी ठाकुर**

## बीएओ कौशल कुमार सिंह कें बिस्फी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभार

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी आ चहुटा अंचलक शैक्षणिक अतिरिक्त प्रभार वीएओ कौशल कुमार सिंह कें देल गेल अछि। जिलाधिकारी आनंद शर्मा बीईओ शेखर कुमार कें हुनकर पद सं मुक्त कए देलनि अछि। जिला शिक्षा पदाधिकारी अक्षय पांडेयक निर्देशानुसार अगिला वैकल्पिक व्यवस्था होए धरि वित्तीय प्रभार सहित चहुटा अंचलक शैक्षणिक प्रभार कौशल कुमार सिंह कें देल गेल अछि।प्रभार ग्रहण केलाक बाद वीएओ सह बीईओ कौशल कुमार सिंह कहलनि जे सरकार द्वारा संचालित सभ कल्याणकारी योजना कें समय पर कार्यान्वित करब हुनकर पहिल प्राथमिकता होएत। गुणवत्तापूर्ण शिक्षा सुनिश्चित करबाक लेल सेहो हरसंभव प्रयास कएल जाएत। विद्यालय शिक्षा समिति, सीआरसी, बीआरसीक संग शिक्षक- अभिभावक संगोष्ठी कें पारदर्शी बनाओल जाएत।

## ग्राम रक्षा दल कें पंचायत स्तर पर सक्रिय कए विधि-व्यवस्था सुदृढ़ करबा पर जोर

**ग्राम रक्षा दल आ पंचायत प्रतिनिधि सभक महत्वपूर्ण बैसार आयोजित**

जयनगर, समदिया

बेनीपट्टी थाना परिसर मे थानाध्यक्ष अनूप कुमारक अध्यक्षता मे ग्राम रक्षा दल आ पंचायत प्रतिनिधि सभक महत्वपूर्ण बैठक आयोजित कएल गेल। बैठक मे बिहार ग्राम रक्षा दलक प्रदेश अध्यक्ष राम प्रसाद राऊत सहित ग्राम रक्षा दलक कर्मठ आ समर्पित नवयुवक तथा विभिन्न पंचायतक जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह। पंचायत प्रतिनिधिक रूप मे मोहम्मद सलीम, शेख अली नूरी, रत्नेश्वर कुमार मिश्र, संतोष कुमार झा, गुलाब यादव, सदरे आलम, रतीश मिश्रा, आशीष कुमार झा, निखिल झा आ जुबेर अहमद उपस्थित छलाह। बैठकक अध्यक्षता करैत थानाध्यक्ष अनूप कुमार सभ पंचायत प्रतिनिधि सं आग्रह केलनि जे अपन-अपन पंचायत मे ग्राम रक्षा दलक गठन कए ओकरा सक्रिय आ सुव्यवस्थित रूप सं काज करबाक लेल प्रोत्साहित करथि। ओ कहलनि जे पंचायत स्तर पर ग्राम रक्षा दलक सक्रियता सं पुलिस प्रशासन कें सहयोग भेटत आ ग्रामीण क्षेत्र मे सुरक्षा- व्यवस्था तथा सामाजिक समरसता मजबूत करबा मे सहायता भेटत। थानाध्यक्ष कहलनि जे ग्राम रक्षा दलक नवयुवक अपन-अपन गाम आ पंचायत मे रातिक गश्ती, संदिग्ध गतिविधिक सूचना पुलिस कें देब, चोरी-सेंधमारी पर रोक लगेनाइ तथा अपराध नियंत्रण मे पुलिस प्रशासनक सहयोग करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत छथि। कोनो संदिग्ध अथवा अप्रिय घटनाक जानकारी तुरंत पुलिसकें देला सं समय रहैत आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित कएल जा सकैत अछि। बैठक मे जोर देल गेल जे ग्राम रक्षा दलक सक्रियताक उद्देश्य कानून-व्यवस्था कें सुदृढ़ करब आ गाम मे अमन-चैनकायम राखब अछि। एकर संगहि समाज मे प्रेम, मोहब्बत, भाईचारा, आपसी सद्भाव आ सामाजिक एकताक संदेश पहुंचेनाइ सेहो ग्राम रक्षा दलक महत्वपूर्ण सामाजिक दायित्व अछि। एहि अवसर पर प्रदेश अध्यक्ष राम प्रसाद राऊत कहलनि जे ग्राम रक्षा दलक नवयुवक दीर्घ समय सं गामक सुरक्षा, सामाजिक जागरूकता आ जनसेवाक कार्य मे समर्पित भाव सं अपन भूमिका निभबैत आबि रहल छथि। पुलिस प्रशासन, पंचायत प्रतिनिधि आ ग्राम रक्षा दलक बीच नीक समन्वय स्थापित भेला सं ग्रामीण क्षेत्रक विधि-व्यवस्था कें आरो प्रभावी बनाओल जा सकैत अछि।राऊत पंचायत प्रतिनिधि सभ सं अपील केलनि जे अपन-अपन पंचायत मे ग्राम रक्षा दलक नवयुवक सभ कें संगठित आ सक्रिय करबा मे सकारात्मक भूमिका निभाबथि। ओ कहलनि जे गामक सुरक्षा मात्र पुलिसक जिम्मेदारी नहि, बल्कि जनप्रतिनिधि, ग्राम रक्षा दल आ आम नागरिक सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। बैठक मे उपस्थित ग्राम रक्षा दलक नवयुवक सभ सेहो पुलिस प्रशासन आ पंचायत प्रतिनिधि सभक संग मिलि चोरी, सेंधमारी, अपराध आ असामाजिक गतिविधि पर नियंत्रण, नशामुक्ति, सामाजिक जागरूकता तथा आपसी भाईचारा आ शांति कायम रखबाक लेल हरसंभव सहयोग करबाक संकल्प व्यक्त केलनि। पंचायत प्रतिनिधि सभ ग्राम रक्षा दल कें पंचायत स्तर पर सक्रिय करबाक आ पुलिस प्रशासनक संग नीक समन्वयस्थापित कए शांतिपूर्ण, सुरक्षित आ अपराधमुक्त वातावरण बनयबाक दिशा मे सहयोगक भरोसा देलनि। बैठकक मुख्य संदेश रहल जे पुलिस प्रशासन, पंचायत प्रतिनिधि, ग्राम रक्षा दल आ आम जनता सभक सामूहिक प्रयास सं गामक सुरक्षा-व्यवस्था मजबूत होयत आ समाज मे प्रेम, सद्भाव, भाईचारा आ अमन-चैनक वातावरण आरो नीक बनत।

## सदियो सं सामाजिक समरसता आ भाइचाराक उदाहरण रहल अछि विद्यापतिक धरती बिस्फी : विष्णुदेव सिंह यादव

**हर्षोल्लास सं कएल गेल श्रावणी पूर्णिमा पर उगना महादेवक जलाभिषेक**

बिस्फी, समदिया



सदिखन सामाजिक समरसता आ भाईचाराक मिसाल रहल विद्यापतिक धरती बिस्फी मे भैरवा स्थित उगना महादेव मंदिर परिसर मे आयोजित श्रावणी मेला आ जलाभिषेक कार्यक्रम शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ हर्षोल्लासक वातावरण मे श्रावणी पूर्णिमाक दिन जलाभिषेकक संग सफलतापूर्वक संपन्न भेल। एहि पर राज्यसभा सांसदकप्रतिनिधि विष्णुदेव सिंह यादव जिला आ पुलिस प्रशासनक पूरा टीमक प्रति आभार व्यक्त केलनि। ओ कहलनि जे श्रावणी मेलाक दौरान जिलाधिकारी आनंद शर्मा, एसएसपी योगेंद्र कुमार, ग्रामीण एसपी शिवम धाकड़ आ एसडीएम शारंग पाणि पांडेयक नेतृत्व मे प्रशासन लगातार शांति समितिक बैठक आयोजित करैत रहल। प्रशासनिक पदाधिकारी दुनू समुदायक प्रतिनिधि आ आम लोकक बीच सामाजिक समरसता, आपसी भाईचारा आ शांति कायम रखबाक लेल निरंतर संवाद स्थापित केलनि तथा आवश्यक दिशा-निर्देश आ अपील जारी करैत रहलाह। विष्णुदेव सिंह यादव जिला आ पुलिस प्रशासन, शांति समितिक सदस्य, स्थानीय जनप्रतिनिधि तथा आम नागरिक सभ कें विशेष रूप सं धन्यवाद देलनि। ओ कहलनि जे सभक सामूहिक प्रयास सं एतेक पैघ धार्मिक आयोजन शांतिपूर्ण आ सफलतापूर्वक संपन्न भए सकल। श्रद्धालु सभ सेहो अनुशासन आ सौहार्दक परिचय दैत प्रशासन कें सहयोग करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि।

# राजनगर पब्लिक लाइब्रेरीक जमीन पर पांच शिलान्यासक कारी छाया

**जमीन एकहि अछि, मुदा प्रत्येक बेर पट्टिका बदलि ओहि जमीन कें नव रूप मे देखेबाक प्रयास कएल गेल अछि**

राजनगर, प्रदीप कुमार नायक




मधुबनी जिलाक राजनगर मे एकटा एहन जमीन अछि, जकरा एहि कस्बाक लोक ज्ञान-भूमि कहैत छथि। ई जमीन 1931 मे वासुदेव राम संस्कृति भवन सह पब्लिक लाइब्रेरीक नाम पर स्थापित भेल छल। एहि जमीनक खेसरा संख्या988, 989 आ 990 अछि। 27 अगस्त 2026 कें ओहि जमीन पर एकटा नव बोर्ड लगाओल गेल, जाहि पर लिखल अछि मुख्यमंत्री क्षेत्र विकास योजना सं बैठक हॉल निर्माण, शिलान्यास माननीय विधान पार्षद सर्वेश कुमार द्वारा,दिनांक 27 अगस्त 2026। ई बोर्ड मुख्य भवन सं किछु पाछां हटि कए खाली जगह मे लगाओल गेल अछि, जखन कि आगू मुख्य भवन पर आइयो 16 जुलाई 1986 आ 14 मई 1990 केर सरकारी पट्टिका लागल अछि। बात मात्र एकटा पट्टिकाक नहि अछि। एहि एकहि जमीन पर एखन धरि पांच बेर शिलान्यास भए चुकल अछि।1931 मे पहिल बेर संस्कृति भवनक नाम पर, 1990 मे मंत्री रमई राम द्वारा पुस्तकालय भवनक नाम पर, 1986 मे बीडीओ रतिकांत झा द्वारा ग्रामीण रोजगार योजना सं भवन निर्माणक नाम पर, 2005 मे विधायक रामदेव महतो द्वारा नाट्य परिषदक नव निर्माणक नाम पर आ आब 2026 मे ओहि परिसर मे बैठक हॉलक नाम पर शिलान्यास कएल गेल अछि। जमीन एकहि अछि, मुदा प्रत्येक बेर पट्टिका बदलि ओहि जमीन कें नव रूप मे देखेबाक प्रयास कएल गेल अछि।सब सं पैघ प्रश्न ई अछि जे शिलान्यास पाछां किएक कएल गेल, आगू किएक नहि? एकर कारण स्पष्ट अछि। आगू मुख्य भवन पर पुरान सरकारी पट्टिका सभ लागल अछि। जं ओतहि नव शिलान्यास होइत तं लोक तुरंत प्रश्न करैत जे पहिने लागल चारि पट्टिकाक की भेल आ जर्जर पुस्तकालयक मरम्मति किएक नहि भेल। एहि कारण नव शिलान्यास पाछांक खाली जगह मे कएल गेल, जाहि सं कागज पर ई देखाओल जा सकय जे ई खाली सरकारी जमीनपर नव निर्माण अछि आ शिक्षा विभाग सं अनापत्ति प्रमाण-पत्र लेबाक आवश्यकता नहि अछि। जखन कि नियमक अनुसार खेसरा संख्या 988, 989 आ 990 पुस्तकालयक नाम पर दर्ज अछि। एहि जमीन पर कोनो निर्माण करबाक लेल जिला शिक्षा पदाधिकारी, मधुबनी सं अनुमति लेनाइ अनिवार्य अछि। मुदा ग्रामीण कार्य विभाग प्रमंडल-दो, झंझारपुर कें कार्यकारी एजेंसी बना कए सीधे निर्माणक काज शुरू करा देल गेल। राजनगरक लोकक मानब अछि जे ई मात्र बैठक हॉलक मामिला नहि, बल्कि पूरा पुस्तकालय परिसर पर कब्जा करबाक एकटा योजना अछि। 1931 मे बनल मूल नील भवन वर्षो सं तालाबंद पड़ल अछि। कहियो-कभार कार्यक्रम होइत अछि, मुदा भीतरक किताब सभ जीर्ण-शीर्ण भए रहल अछि आ पाठक नहि आबि रहल छथि। भवनक मरम्मतिकरबाक बदला ओहि परिसरक बचल खाली जमीन पर नव हॉल बना कए धीरे-धीरे पूरा रकबा कें सांस्कृतिक परिसरक नाम पर एकटा निजी समिति कें सौंपबाक तैयारी चलि रहल अछि। आइ बैठक हॉल बनत, काल्हि कार्यालय बनत आपरसू पूरा पुस्तकालयक अस्तित्व समाप्त भए सकैत अछि। एहि कारण आब आवश्यकता अछि जे राजनगर अंचल कार्यालय खेसरा संख्या 988, 989 आ 990 केर पूरा खतियान आ नक्शा सार्वजनिक करय। ई स्पष्ट कएल जाय जे जमीन कोन विभागक नाम पर दर्ज अछि आ नव शिलान्यास लेल शिक्षा विभाग सं अनुमति लेल गेल अछि अथवा नहि। संगहि, 1931 मे निर्मित जर्जर संस्कृति भवनक मरम्मति कें प्राथमिकता देल जाय। ओहि परिसर मे नव निर्माण कए पुरान पुस्तकालय कें सदाक लेल समाप्त करबाक बदला ओकर संरक्षण आवश्यक अछि। राजनगरक ई लाइब्रेरी मात्र ईंट-पाथरक भवन नहि अछि, बल्कि एहि क्षेत्रक छात्र सभक भविष्य सं जुड़ल स्थान अछि। जं ई जमीन चलि गेल तं राजनगर मे किताब आ अध्ययन लेल कोनो ठाम नहि बचत।

# केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री राममोहन नायडूक शीघ्र होयत दरभंगा आगमन

**सांसद एयरपोर्ट अधिकारी सभ कें तैयारी शुरू करबाक देलनि निर्देश**



दरभंगा, समदिया

केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री राममोहन नायडूक प्रस्तावित दरभंगा आगमन कें लए स्थानीय सांसद सह दरभंगा एयरपोर्ट सलाहकार समितिक अध्यक्ष डॉ. गोपाल जी ठाकुर शुक्रदिन झंझारपुरक सांसद रामप्रीत मंडल, एयरपोर्ट निदेशक डॉ. दिलीप कुमार सहित अन्य अधिकारी सभक संग एयरपोर्ट पर चलि रहल तैयारीक जायजा लेलनि आतैयारीक संबंध मे अपन सुझाव देलनि। सांसद डॉ. ठाकुर अधिकारी सभ कें एयरपोर्ट पर चलि रहल तैयारी मे तेजी अनबाक निर्देश दैत कहलनि जे एयरपोर्ट पर यात्री उड़ान कैफे आ आउटलेट शुरू करबाक लेल मंत्रालय द्वारा विभागीय अधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल अछि। केंद्रीय मंत्रीक आगमनक संगहि एहि सेवा कें यथाशीघ्र शुरू कएल जाएत। सांसद बतौलनि जे नागरिक उड्डयन मंत्रीक दिस सं सितंबरक पहिल सप्ताह मे केंद्रीय मंत्री नायडूक दरभंगा आगमन प्रस्तावित अछि। हुनकरआगमनक बाद हुनके द्वारा 912 करोड़ रुपैयाक लागत सं निर्माणाधीन टर्मिनलक निर्माण कार्यक प्रगतिकअधिकारी सभक संग समीक्षा कएल जाएत। डॉ. ठाकुर कहलनि जे 20 आ 21 अगस्त कें कर्नाटकक मैसूर मे भेल पारदर्शदात्री समितिक बैठक मे मंत्री नायडूक समक्ष दरभंगा एयरपोर्टक नाम कवि कोकिल विद्यापतिक नाम पर करबाक, एयरपोर्ट परिसर मे सीआईएसएफ कैंप लेल 100 एकड़ जमीन उपलब्ध करबाक, एंबुलेंसक व्यवस्था, स्थायी पुलिस थाना कें स्वीकृति, उच्च तकनीकयुक्त वाई-फाई सुविधा आ एयरपोर्टक बाहरी गेट सं दिल्ली मोड़ धरि सीसीटीवी कैमरा लगेनाइ सहित विभिन्न मुद्दा उठाओल गेल छल। मंत्री एहि सभ विषय पर शीघ्र पहल करबाक आश्वासन देने छलाह आ आब ओहि पहल कें साकार करबाक दिशा मे कार्य भए रहल अछि।सांसद एयरपोर्ट अधिकारी सभ कें केंद्रीय मंत्रीक आगमनक अवसर पर मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत आ ऐतिहासिक धरोहर कें सूचीबद्ध कए प्रदर्शनी-पट्ट लगाबय लेल तैयारी शुरू करबाक निर्देश देलनि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे दरभंगा एयरपोर्ट कें दिव्य आ भव्य स्वरूप देबाक लेल एनडीए सरकार प्रतिबद्ध अछि। एहि अवसर पर एयरपोर्ट निदेशक, टर्मिनल प्रबंधक सहित अन्य अधिकारी सेहो उपस्थित छलाह।

# दोहरा हत्याकांड मे दू गोटे कें आजीवन कारावास, 25-25 हजार टाका अर्थदंड

» जमीन विवाद मे फरसा-लाठी सं कए देने छलाह दू गोटेक हत्या, न्यायालय पीड़ित परिवार कें मुआवजा देबाकदेलक आदेश




झंझारपुर, समदिया

जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश-तृतीय, झंझारपुर अनिल कुमार रामक अदालत दोहरा हत्याकांड मे महत्वपूर्ण फैसला सुनौलक अछि। न्यायालय 28 अगस्त 2026 (शुक्रदिन) कें सत्रवाद संख्या-570/2023 आ लौकहा थाना कांड संख्या-87/2023 मे दू अभियुक्त कें हत्या मामिला मे दोषी पाबि आजीवन कारावासक सजा सुनौलक। दोषी ठहराओल गेल अभियुक्त मे रूपेश यादव, पिता भागेश्वर यादव आ नीरज यादव, पिता विमल यादव, दुनू सहोरवा, थाना लौकहा, जिला मधुबनीक निवासी छथि। न्यायालय भारतीय दंड संहिताक धारा 302क अंतर्गत दुनू कें आजीवन कारावासक संग 25-25 हजार रुपैयाक अर्थदंड सेहो लगौलक अछि। अर्थदंडक राशि जमा नहि करबाक स्थिति मे दुनू कें अतिरिक्त नौ मासक साधारण कारावास भोगय पड़त। न्यायालय मे पदस्थापित अपर लोक अभियोजक देवशंकर झा बतौलनि जे ई मुकदमा प्रमिला देवी द्वारा 3 अप्रैल2023 कें लौकहा थाना मे दर्ज कराओल गेल छल। लिखित आवेदन मे प्रमिला देवी रूपेश यादव, नीरज यादव सहित अन्य लोकक विरुद्ध आरोप लगौने छलीह जे जमीन विवाद कें लए फरसा, लाठी आ लोहेक छड़ आदि सं हुनकर पतिरमेंद्र गुरमैता उर्फ रविंद्र यादव आ सास बिजली देवी पर बेरहमी सं हमला कए गंभीर रूप सं घायल कए देल गेल छल।इलाजक क्रम मे दुनूक मृत्यु भए गेल छल।फैसला सुनबैत न्यायालय अभियुक्त सभ द्वारा मुकदमाक कार्यवाहीक दौरान कारावास मे बिताओल गेल अवधि कें दंड प्रक्रिया संहिताक धारा 428क प्रावधानक अंतर्गत अधिरोपित कारावासक अवधि मे समायोजित करबाक आदेश देलक अछि। एहि संग न्यायालय सचिव, जिला विधिक सेवा प्राधिकार, मधुबनी कें मृतक रमेंद्र गुरमैता उर्फ रविंद्र यादवक पत्नी आ बिजली देवीक बहु प्रमिला देवी कें बिहार पीड़ित क्षतिपूर्ति योजना, 2014क अंतर्गत मुआवजा देबाक आदेश सेहो देलक अछि। बचाव पक्षक दिस सं अधिवक्ता परशुराम मिश्रा आ कृष्णदेव चांद अपन दलील प्रस्तुत केनेछलाह।

# बेटीक सुरक्षाक संदेश लए मधुबनीक सड़क पर उतरली अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ

**मधुबनी मे अभया ब्रिगेडक शुरुआत, पुलिस दीदी सभ निकाललनि फ्लैग मार्च**

मधुबनी, समदिया



महिला आ बेटी सभक सुरक्षाक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक आ हुनका सभ कें सुरक्षाक भरोसा देबाक उद्देश्य सं मधुबनीमे अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ शुक्रदिन शहर मे फ्लैग मार्च निकाललनि। नगर थानाध्यक्ष मनोज कुमारक नेतृत्व मे पुलिस दीदी सभ नव स्कूटीक संग शहरक विभिन्न मार्ग पर मार्च करैत महिला आ बेटी सभ कें सुरक्षा आसहयोगक संदेश देलनि। उल्लेखनीय अछि जे किछु दिन पूर्व बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राज्यक महिला आ लड़की सभक सुरक्षा- व्यवस्था कें आरो सुदृढ़ करबाक उद्देश्य सं अभया ब्रिगेड पुलिस दीदीक घोषणा केने छलाह। एहि क्रम मे शुक्रदिन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक कर-कमल सं पुलिस दीदी अर्थात अभया ब्रिगेड लेल 4,700 स्कूटर आ मोटरसाइकिलक लोकार्पण आ फ्लैग ऑफ कएल गेल। एहि अभियानक अंतर्गत मधुबनी मे सेहो अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ नव स्कूटीक संग फ्लैग मार्च निकालि महिला आ बेटी सभक बीच सुरक्षाक संदेश पहुंचौलनि। फ्लैग मार्चक शुभारंभ पुलिस केंद्र परिसर सं भेल, जतयएएसपी रश्मि फीता काटि पुलिस दीदी सभक दल कें रवाना केलनि। एहि अवसर पर एएसपी रश्मि कहलनि जे अभया ब्रिगेड महिला आ बेटी सभ कें ई विश्वास देबाक दिस एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि जे पुलिस हुनकर सुरक्षाक लेल सदिखन तत्पर अछि आ हुनका सभक संग ठाढ़ अछि। एहि पहल सं महिला आ बेटी सभ मे सुरक्षाक भावना आरो मजबूत होएत। नगर थानाध्यक्ष मनोज कुमारक नेतृत्व मे निकालल गेल एहि फ्लैग मार्चक माध्यम सं आम लोक कें महिला सुरक्षाक प्रति सजग रहबाक आ कोनो प्रकारक आपात स्थिति मे बिना संकोच पुलिस सं संपर्क करबाक संदेश देल गेल। कार्यक्रमक दौरान विभागक संबंधित पदाधिकारी आ पैघ संख्या मे पुलिसकर्मी उपस्थित छलाह। अभया ब्रिगेडक ई पहल मधुबनी मे महिला आ बेटी सभ लेल सुरक्षित आ भरोसापूर्ण वातावरण बनेबाक दिस एकटा महत्वपूर्ण डेग मानल जा रहल अछि।

# अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ निकाललनि फ्लैग मार्च

**महिला-बेटी सभ कें देलनि सुरक्षाक भरोसा**

बेनीपट्टी, समदिया



महिला आ बेटी सभक सुरक्षाक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक आ हुनका सभ कें सुरक्षाक भरोसा देबाक उद्देश्य सं शुक्रदिन बेनीपट्टी मुख्यालय मे अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ द्वारा फ्लैग मार्च निकालल गेल। प्रभारी डीएसपी अंकुर कुमारक नेतृत्व मे पुलिस दीदी सभ नव स्कूटी आ जवान सभ मोटरसाइकिलक संग मार्च करैत महिला आ बेटी सभ कें सुरक्षा आ सहयोगक संदेश देलनि। उल्लेखनीय अछि जे किछु दिन पूर्व बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राज्यक महिला आ लड़की सभक सुरक्षा- व्यवस्था कें आरो सुदृढ़ करबाक उद्देश्य सं अभया ब्रिगेड पुलिस दीदीक घोषणा केने छलाह। एहि क्रम मे मुख्यमंत्री पुलिस दीदी अर्थात अभया ब्रिगेड लेल 4,700 स्कूटर आ मोटरसाइकिलक लोकार्पण केलनि। एहि अभियान अंतर्गत बेनीपट्टी मे सेहो अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ नव स्कूटीक संग फ्लैग मार्च निकालि महिला आ बेटी सभक बीच सुरक्षाक संदेश पहुंचौलनि। फ्लैग मार्च स्थानीय थाना परिसर सं अंबेडकर चौक धरि निकालल गेल। एहि अवसर पर प्रभारी डीएसपी अंकुर कुमार कहलनि जे अभया ब्रिगेड महिला आ बेटी सभ कें ई विश्वास देबाक दिस एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि जे पुलिस हुनकर सुरक्षा लेल सदिखन तत्पर अछि आ हर परिस्थिति मे हुनका सभक संग ठाढ़ अछि। एहि पहल सं महिला आ बेटी सभ मे सुरक्षाक भावना आरो मजबूत होएत। ओ कहलनि जे स्कूल, कॉलेज, कोचिंग, मॉल सहित जाहि स्थान पर महिला आ बच्ची सभक संख्या बेसी रहैत अछि, ओतय अभया ब्रिगेडक पुलिस दीदी सभ नियमित गश्ती करथिन।डीएसपी बतौलनि जे एहि अभियानक अंतर्गत बेनीपट्टी कें दूटा मोटरसाइकिल आ तीनटा स्कूटी भेटल अछि। फ्लैग मार्च मे सर्किल इंस्पेक्टर अखिलेश कुमार, पर्यवेक्षकीय पदाधिकारी राजनंदन कुमार, एसएचओ इंस्पेक्टर अनूप कुमार, एसआई विवेक कुमार, संजय कुमार सिंह आ प्रियंका कुमारी सेहो शामिल छलाह। पुलिस पदाधिकारी सभआम लोक कें महिला सुरक्षाक प्रति सजग रहबाक आ कोनो प्रकारक आपात स्थिति उत्पन्न भेलापर बिना संकोच पुलिस सं संपर्क करबाक संदेश देलनि।

# डीएसपी सुचित्रा भाइक हाथ पर बन्हलनि राखी

मुजफ्फरपुर , समदिया



भाइ-बहिनक प्रेम आ विश्वासक पर्व रक्षाबंधन मुजफ्फरपुर पश्चिमी क्षेत्रक डीएसपी सुचित्राकुमारी पारंपरिक उत्साहक संग मनौलनि। एहि अवसर पर ओ अपन भाय श्रीकांतक कलाई पर राखीबान्हि हुनकर सुख-समृद्धि आ दीर्घायुक कामना केलनि। रक्षाबंधन पर सुचित्रा कुमारी भाय कें तिलक लगौलनि आ राखी बान्हलाक बाद मिठाइ खुआएलनि। भाय श्रीकांत सेहो बहिन कें शुभकामना दैत प्रत्येक परिस्थिति मे हुनकर संग ठाढ़ रहबाक भरोस देलनि। भाय- बहिनक एहि आत्मीय मिलन सं परिवार मे हर्ष आ उल्लासक वातावरण रहल। पुलिस सेवाक व्यस्त दायित्वक बीच डीएसपी सुचित्रा कुमारी परिवारक संग पर्व मनौलनि आ भाय-बहिनक संबंधक मिठास साझा केलनि। ओ कहलनि जे रक्षाबंधनक पर्व प्रेम, विश्वास आ पारस्परिक दायित्वक भावना कें सुदृढ़ करैत अछि। राखीक ई पवित्र धागा भाय-बहिनक बीच जीवनभर स्नेह आ अपनत्व बनौने रखबाक प्रतीक अछि।

# जनकपुरधामक झूलन कुंज मे धूमधाम सं मनाओल गेल झूलन उत्सव

जनकपुरधाम, मिश्री लाल मधुकर



जनकपुरधामक अग्निकुंड क्षेत्र स्थित झूलन कुंज मे धूमधाम सं झूला उत्सव मनाओल गेल। एहि उत्सव मे नेपाल आ भारतक सैकड़ो श्रद्धालु सहभागी भेलाह। श्रावण तृतीयाक दिन भगवान राम आ सीता कें गृह सं बाहर निकालिसजाओल पालना पर विराजमान कराओल गेल। तकर बाद रेशमक धागा सं पालना झुलाओल गेल। सांझ संमध्यरात्रि धरि कीर्तन-भजनक आयोजन चलैत रहल। राम, सीता, राधा-कृष्ण सं जुड़ल झूलाक गीत विभिन्न गायक सभ द्वारा प्रस्तुत कएल गेल। झूलन कुंजक महंत श्री रामप्रिया शरण जी महाराज जानकारी दैत कहलनि जे करीब दू सय वर्ष सं एहि मठ मे झूला महोत्सवक आयोजन होइत आबि रहल अछि। पौराणिक मान्यताक अनुसार अग्निकुंडक ई क्षेत्र पहिने उपवन छल।जतय आब मठ अछि, ओतय श्रावण मास मे माता सीता अपन सखी सभक संग झूला झूलैत छलीह। एहि कारणेंमठक नाम झूलन कुंज पड़ल। झूलन कुंजक अतिरिक्त जनकपुरधामक जानकी मंदिर, राम मंदिर, सुंदर सदन, बिहार कुंड, श्रृंगार सदन सहित सभ मठ-मंदिर मे सेहो धूमधाम सं झूला उत्सव संपन्न भेल। एहि अवसर पर सभ मठ-मंदिर मे वृहद भंडाराक आयोजनसेहो कएल गेल छल।

# सड़क निर्माणक बाट साफ, कांवर यात्रा सं पहिने समतल होयत सड़क

**बनहा चौक सं स्टेशन चौक धरि 16 फीट चौड़ सड़क पर खर्च होयत 1.55 करोड़ टका, अधिकारी केलनि स्थल निरीक्षण**

सिमरी बख्तियारपुर/ सहरसा, समदिया



नगर परिषद क्षेत्रक वार्ड संख्या 28-23 मे बनहा चौक स्थित हनुमान मंदिरक लग सं कानू टोला, हाईस्कूल पोखरहोइत स्टेशन चौक धरि सड़क निर्माणक बाट साफ भए गेल अछि। अनुमंडल पदाधिकारी आलोक कुमार राय केर हस्तक्षेपक बाद शुक्रदिन संबंधित अधिकारी आ संवेदक स्थल निरीक्षण कए सड़क निर्माण कार्यक स्थिति केरजायजा लेलनि।216 फीट कांवर यात्रा कें ध्यान मे रखैत अनुमंडल पदाधिकारी आ नगर कार्यपालक पदाधिकारीक आग्रह पर बीडीसीओ केर उप परियोजना निदेशक (एसडीओ) सहरसा अखिलेश कुमार, नगर कार्यपालक पदाधिकारी रामविलास दास आ योजनाक संवेदक अशोक कुमार सड़क केर निरीक्षण केलनि। एहि दौरान एसडीओ अखिलेश कुमार कहलनि जे शुक्रदिन सं संवेदक द्वारा सड़क निर्माण कार्य शुरू कए देल जायत। नगर कार्यपालक पदाधिकारी रामविलास दास कहलनि जे 216 फीट कांवर यात्रा सं पहिने सड़क कें समतल कए पैदल चलबाक योग्य बना देल जायत, जाहि सं कांवरिया कें आवागमन मे कोनो कठिनाइ नहि हो। प्रस्तावित सड़ककचौड़ाइ 16 फीट रहत आ एकर निर्माण पर करीब 1 करोड़ 55 लाख टका खर्च होयत।सड़क निर्माण पूरा भेलाक बाद नगर क्षेत्रक लोकक संग-संग आसपासक गाम सं बजार आबि-जाइ करऽवला लोक आ व्यवसायी सभ कें आवागमन मे बहुत सुविधा भेटत। नगर सभापति प्रतिनिधि हसन आलम आ नगर उपसभापतिप्रतिनिधि विकास कुमार विक्की सड़क निर्माण शुरू भेला सं प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे एहि सं कांवरियाकसंग स्थानीय लोक आ व्यवसायी सभ कें सेहो राहति भेटत। निरीक्षणक दौरान टैक्स दारोगा हसनैन मोहसिनक संग भीम कुमार, दीपक कुमार, सुरेश यादव, पंकज कुमार, संजय कुमार, इम्तियाज आलम सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# मंदार मे शिव सं राम धरि : पुराण मे जुड़ैत दू स्मृति



कुमार नितेश

मंदार कें महादेवक निकेतन मानि लेलाक बादो कथा पूरा नहि होइत अछि। श्रावणी पथ पर पहिल कांवर यात्रा कएनिहार राम सेहो मंदार पधारैत छथि। मुदा राम मंदार किएक एलाह? की गंगाजल लए वैद्यनाथक जलाभिषेक कएलाक बाद ओ एतय पहुंचलाह अथवा मंदारक धरती पर हुनकर आगमनक कोनो दोसर प्रयोजन छल? एहि प्रश्नक उत्तर तकैत कथा रामकथाक ओहि प्राचीन सूत्र धरि पहुंचैत अछि, जतय अंगक स्मृति सेहो जुड़ल अछि।

**श्रावणी पथ : कड़ी-29**

वाल्मीकि रामायण मे दशरथ आ अंगराजक संबंध, अंगराजक पुत्री शांता आ ऋष्यश्रृंगक प्रसंग अबैत अछि। संतान-प्राप्तिक लेल दशरथ ऋष्यश्रृंग कें अंग सं अयोध्या लए जाइत छथि। आगू इएह ऋषि दशरथक पुत्रेष्टि यज्ञ सं जुड़ैत छथि। रामचरितमानस मे सेहो श्रृंगी ऋषिक यज्ञ आ राम-जन्मक भूमिका भेटैत अछि। रामक जन्मक कथा कें एतय विस्तार देबाक आवश्यकता नहि। महत्वपूर्ण बात ई अछि जे रामकथाक आरंभिक सूत्र मे अंग एहि परंपरा सं जुड़ि जाइत अछि।

तकर बाद कथा भागीरथ धरि जाइत अछि। राम ओहि इक्ष्वाकु परंपराक छथि, जकर एकटा महान स्मृति भागीरथ छथि। भागीरथ गंगा कें पृथ्वी पर अनैत छथि। सुल्तानगंज मे गंगा संग भागीरथ आ जह्नु ऋषिक स्मृति जुड़ल अछि। जाह्नवीक पुनःप्रकट होयबाक कथा एहि भूगोल कें एकटा प्राचीन पौराणिक पहिचान दैत अछि।

आजुक समय मे अही गंगा सं कांवरिया जल उठबैत छथि। आनंद रामायणक उत्तरवर्ती परंपरा राम कें सुल्तानगंज सं गंगाजल लए वैद्यनाथ धरि जाएबला कांवर यात्रा सं जोड़ैत अछि। एकरा वाल्मीकि रामायणक प्रसंग नहि, बल्कि उत्तरवर्ती रामकथा-परंपराक रूप मे बुझबाक चाही। मुदा एहि परंपराक महत्व एहि लेल अछि जे ई राम कें ओहि भूगोल मे अनैत अछि, जतय आइयो श्रावणी पथ चलैत अछि।

### आब रामक यात्रा मंदार धरि पहुंचैत अछि।

एतय वराह पुराणक प्रसंग असाधारण रूप सं महत्वपूर्ण भए जाइत अछि। कारण, रामक मंदार आगमनक बात कोनो बादक कथाकार नहि कहैत छथि। स्वयं भगवान वराह, जे विष्णुक अवतार छथि, पृथ्वी सं मंदारक माहात्म्य कहैत काल त्रेता मे होमयबला घटनाक संकेत पहिनहि दए दैत छथि।

वराह पुराणक मंदार-माहात्म्य मे मंदारक भौगोलिक परिचय दैत कहल गेल अछि -

**जाह्नव्या दक्षिणे कूले**
**विंध्यपृष्ठसमाश्रितम्।**
**मंदारेति च विख्यातं**
**सर्वभागवतप्रियम्॥**

अर्थात जाह्नवीक दक्षिणी तट पर, विंध्यक पृष्ठभाग सं आश्रित ई स्थान मंदार नाम सं प्रसिद्ध अछि आ भगवानक भक्त सभ कें अत्यंत प्रिय अछि।

वराह पुराणक एहि वर्णन मे मंदारक संबंध जाह्नवी सं सीधे जोड़ल गेल अछि। ई आजुक श्रावणी यात्राक मार्गक ऐतिहासिक प्रमाण नहि अछि, मुदा गंगा आ मंदारक बीचक पौराणिक भूगोलक एकटा महत्वपूर्ण सूत्र अवश्य दैत अछि।



तकर बाद अबैत अछि ओ श्लोक, जे एहि पूरा कड़ीक केंद्र अछि -

**तत्र त्रेतायुगे भू मे**
**रामो नाम महाद्युतिः।**
**भविष्यति न संदेहः**
**स च मां स्थापयिष्यति॥**

अर्थात हे पृथ्वी! त्रेता युग मे ओतय महातेजस्वी राम होयताह। एहि मे कोनो संदेह नहि जे ओ हमर स्थापना करताह।

एतय दू शब्द विशेष महत्वपूर्ण अछि - भविष्यति आ स्थापयिष्यति। वराह भगवान पृथ्वी कें अतीत मे घटित कोनो घटना नहि सुनबैत छथि, बल्कि त्रेता मे होमयबला घटनाक भविष्यवाणी करैत छथि। राम ओतय अयताह आ भगवानक स्थापना करताह।

जखन एकरा आनंद रामायणक परंपरा संग रखैत छी, तखन एकटा रोचक स्थिति उत्पन्न होइत अछि। ओतय रामक कांवर यात्रा घटित घटना रूप मे स्मरण कएल गेल अछि, जखनकि वराह पुराण मे राम एखन भविष्य मे मंदार अयबाक छथि। एक दिस भविष्यक घोषणा अछि, दोसर दिस घटित यात्राक स्मृति।

दुनू कें एकहि घटनाक प्रमाण मानब उचित नहि होयत। मुदा दुनू कें संग पढ़ला पर ई प्रश्न अवश्य उठैत अछि जे राम आ एहि भू-भागक संबंध अलग-अलग काल मे रचल रामकथा-परंपरा मे बेर-बेर किएक सामने अबैत अछि। की एहि सभक पाछां कोनो प्राचीन लोकस्मृति रहल होयत? एकर निश्चित उत्तर एखन हमरा सभ लग नहि अछि, मुदा प्रश्न एतेक महत्वपूर्ण अवश्य अछि जे एकरा छोड़ल नहि जा सकैत अछि।

वराह पुराण मंदार कें भगवानक अपन क्षेत्र बतबैत अछि आ ओकर प्राकृतिक तथा धार्मिक भूगोलक विस्तार सं वर्णन करैत अछि। एक ठाम कहल गेल अछि -

**तत्रैकादशकुंडानि**
**निःसृतानि गिरौ धरे।**

अर्थात ओहि पर्वत पर ग्यारहटा कुंड प्रकट भेल अछि। आगू विभिन्न दिशा मे धार, स्नानकुंड आ गहींर ह्रदक उल्लेख भेटैत अछि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे पौराणिक मंदार मात्र एकटा पर्वत-शिखर नहि छल, बल्कि कुंड आ जलधारा सं समृद्ध एकटा विस्तृत तीर्थ-भूगोल छल।

एहि संदर्भ मे 1872 मे प्रकाशित इंडियन एंटीक्वाइरी केर शोध-विवरण सेहो महत्वपूर्ण अछि। बाबू रासबिहारी बोस अपन मंदार हिल लेख मे मंदारक यात्रा आ ओतय विद्यमान पुरान धार्मिक स्मृति सभक विस्तार सं वर्णन कएलनि। हुनका पर्वतक चट्टान पर बनल एकटा विशाल सपाकार आकृति देखाइ पड़ल, जकरा स्थानीय परंपरा समुद्र-मंथन मे मंदारक चारू कात लिपटल बासुकीक स्मृति सं जोड़ैत छल।

ओहि लेख मे मंदारक कतेको कुंडक नाम सेहो दर्ज अछि - गंभीर कुंड, किचेरा कुंड, हुमा कुंड, लक्ष्मण कुंड, काली कुंड, सीता कुंड, आकाशगंगा, कमला कुंड, सूरज कुंड, नाथ कुंड, शंख कुंड आ पापहरणी कुंड। एहि नाम सभ मे सीता कुंड आ लक्ष्मण कुंड विशेष रूप सं रामकथाक लोकस्मृतिक दिस संकेत करैत अछि।

मुदा एतय शोधक सावधानी आवश्यक अछि। मात्र सीता कुंड नाम भेटलाक आधार पर एकरा रामायणकालीन सीता सं जोड़ि देब उचित नहि होयत। तहिना वर्तमान नृसिंह परंपरा कें कोनो पौराणिक घटनाक प्रत्यक्ष अवशेष मानबाक लेल अलग प्रमाण आवश्यक अछि। मुदा पुरान शोध-विवरण आ वर्तमान धार्मिक परंपरा दुनू कें संग राखि कए अध्ययन करब निश्चित रूप सं महत्वपूर्ण अछि।

मंदारक वैष्णव पक्ष सेहो वराह पुराण मे स्पष्ट रूप सं उभरैत अछि। भगवान स्वयं कहैत छथि -

**मंदारे परमं गुह्यं**
**तस्मिन् गुह्यशिलोच्चये।**
**तत्र तिष्ठामि सुश्रोणि**
**विंध्यस्य गिरिमूर्द्धनि॥**

अर्थात मंदारक ओहि पवित्र आ गूढ़ शिलाशिखर पर भगवान स्वयं स्थित छथि।

एहि प्रकार मंदारक कथा मे कतेको परत एकहि संग खुलैत अछि - समुद्र-मंथनक पर्वत आ बासुकीक स्मृति, वराह पुराण मे जाह्नवीक दक्षिण स्थित भगवानक क्षेत्र, त्रेता मे राम द्वारा भगवानक स्थापना, कुंड आ जलधाराक विस्तृत तीर्थ-भूगोल, 1872 केर शोध-विवरण मे दर्ज सपाकार चिह्न आ कुंडक परंपरा तथा आइ धरि जीवित सीता कुंड आ नृसिंह गुफा।

आ एहि सभक संग लिंग पुराणक ओ स्मृति सेहो अछि, जतय इएह मंदार महादेवक निकेतन बनैत अछि।

तें मंदार कें मात्र समुद्र-मंथनक मथानी मानब ओकर व्यापक अर्थ कें छोट कए देब होयत। एतय विष्णुक स्मृति अछि, रामक स्थापना अछि, बासुकीक छवि अछि, नृसिंहक परंपरा अछि आ शिवक निवास अछि।

सुल्तानगंजक गंगा सं जल लए कए चलनिहार श्रावणी पथ जखन मंदार धरि पहुंचैत अछि, तखन ई यात्रा मात्र एकटा धार्मिक यात्रा नहि रहि जाइत अछि। ई ओहि स्मृति सभक बीच सं गुजरैत यात्रा बनि जाइत अछि, जे सदियो सं पुराण, रामकथा, लोकविश्वास आ स्थल-परंपराक माध्यम सं अलग-अलग रूप मे सुरक्षित रहल अछि।

मंदारक विशेषता शायद इएह अछि - एतय मंथनक कथा सेहो अछि आ निवासक स्मृति सेहो। एतय बासुकी अछि, राम छथि, विष्णु छथि आ शिव छथि। गंगा सं जुड़ल पौराणिक भूगोल अछि आ आजुक जीवित तीर्थ सेहो।


स्मृति सभ कें एकहि ऐतिहासिक घटना मे बदलि देब शोध नहि अछि। शोधक कार्य स्मृति कें नकारब नहि, बल्कि ओकर सीमा आ स्वरूप कें चिन्हैत ओकरा सभ कें संग पढ़नाइ अछि।

आ शायद मंदारक असली रहस्य सेहो इएह अछि - एहि पर्वत पर कथा समाप्त नहि होइत अछि, बल्कि एक स्मृति दोसर स्मृति सं जुड़ैत जाइत अछि।

# नेपाल बाढ़ि लेल कतेक जिम्मेदार अछि जलवायु परिवर्तन

कुमार रजनीश

नेपाल आ तिब्बतक सीमावर्ती क्षेत्र मे आयल विनाशकारी बाढ़िक कारण ग्लेशियर अर्थात हिमनदक एकटा पैघ हिस्सा टूटनाइ प्रमुख कारण रहल होयबाक वैज्ञानिक सभक अनुमान अछि। वैज्ञानिक सभ बतौलनि जे प्रारंभिक जांच सं संकेत भेटल अछि जे हिमनदक एकटा हिस्सा टूटलाक बाद बर्फक पैघ मात्रा तेजी सं नीचां खसल होयत, जाहि सं नदी मे अनचोके प्रचंड बाढ़ि आयल। घटनाक प्रारंभिक रिपोर्टक आधार पर कतेको लोकक अनुमान छल जे भूकंपक कारण भूस्खलन भेल आ तकर बाद बाढ़ि आयल। मुदा अमेरिकी भू-गर्भ सर्वेक्षण (यूएसजीएस) बाद मे स्पष्ट कएलक जे ई आपदा हिमनदक एकटा पैघ हिस्सा टूटि कए खसला सं उत्पन्न भेल। यूएसजीएसक आंकड़ा आ घटनाक विश्लेषण कएनिहार वैज्ञानिक सभक अनुसार, एकटा विशाल हिमनद घाटीक तलहटी सं टकरायल, जकर प्रभाव सं लगभग 5.2 तीव्रताक भूकंप जकां छल।



डंडी विश्वविद्यालयक हिमनद विशेषज्ञ डॉ. साइमन कुक बतौलनि जे हुनकर दलक अध्ययन सं पता चलल अछि कि नेपाल मे लैंगटांग लिरुंग चोटी लग एकटा हिमनदक निचला हिस्सा टूटि गेल। ई स्थान बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सं लगभग 15 किलोमीटर पश्चिम दिस अछि। हुनकर अनुमान अछि जे हिमनद उत्तर-पश्चिम दिस टूटल आ तकर बाद पश्चिम दिस बहैत नदी मे जा खसल।

### बर्फ आ चट्टानक विशाल मलबा नदी मे खसल

इंटरनेशनल सेंटर फॉर इंटीग्रेटेड माउंटेन डेवलपमेंट (आईसीआईएमओडी) द्वारा कएल गेल विश्लेषणक अनुसार, ई संभवतः बर्फ आ चट्टानक मिश्रण सं बनल एकटा विशाल हिमस्खलन छल। एकर परिणामस्वरूप बर्फ आ चट्टानक भारी मात्रा मे मलबा भोटेकोशी नदीक सहायक नदी लेंडे खोला मे जा खसल। तकर बाद नदी मे अनचोके बाढ़ि आबि गेल। नदीक पानि अपन संग गादि आ विशाल चट्टानक टुकड़ा सभ कें बहबैत नीचां दिस लए गेल। आईसीआईएमओडक अध्ययन मे देखल गेल जे निचला क्षेत्र मे नदीक जलस्तर मात्र आधा घंटाक भीतर सात सं नौ मीटर धरि बढ़ि गेल। एहि क्रम मे कतेको जल निगरानी केंद्र या तं पानिक तेज धार मे बहि गेल अथवा क्षतिग्रस्त भए गेल। ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालयक अर्थ साइंसक प्रोफेसर माइक सर्ल कहलनि जे भू-स्खलन सं लए कए बाढ़ि उत्पन्न होयबाक ई संपूर्ण प्रक्रिया कतेको घंटा अथवा कतेको दिन धरि चलि सकैत अछि।

हुनकर अनुसार, मलबाक विशाल प्रवाह सं संकेत भेटैत अछि जे पहिने भू-स्खलन भेल होयत, तकर बाद पानि जमा भेल होयत आ नदीक प्रवाहक मार्ग मे अस्थायी बांध बनि गेल होयत। बाद मे ई बांध टूटला पर जमा पानि भीषण बाढ़िक रूप मे नीचां दिस बहि गेल होयत। क्षेत्रक भौगोलिक बनावट सेहो बाढ़िक विनाशकारी रूप कें बढ़ेबाक एकटा महत्वपूर्ण कारण रहल। सर्लक अनुसार, लैंगटांग लिरुंग उच्च हिमालयक एकटा चोटी अछि आ पहाड़क दुनू कात अत्यंत ठाढ़ घाटी अछि। एहि कारण पानिक प्रवाह बहुत तेज गति सं नीचां दिस बढ़ि सकैत अछि।

### हिमनद किएक टूटल?

बुध कें घटित हिमनदक पतनक वास्तविक कारण एखन धरि पूर्ण रूप सं स्पष्ट नहि भए सकल अछि। सर्लक अनुसार, हिमालयक अन्य भागक समान लैंगटांग लिरुंग क्षेत्र सेहो दीर्घकालीन भू-गर्भीय हलचल अर्थात टेक्टोनिक गतिविधिक कारण धीरे-धीरे ऊपर उठि रहल अछि।

# अमेरिका आ कनाडाक बीच टैरिफ पर रस्साकशी

भाषा सिंह

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक प्रिय खेल टैरिफ-टैरिफ खेलनाइ रहल अछि। दुनियांक विभिन्न देश कें नियंत्रित करबाक लेल टैरिफ कें अंतरराष्ट्रीय हथकंडा आ अस्त्रक रूप मे प्रयोग करब हुनकर व्यापार नीतिक महत्वपूर्ण हिस्सा रहल अछि। एहि क्रम मे आब अमेरिका आ कनाडाक बीच टैरिफ युद्धक नव अध्याय शुरू भए गेल अछि। दुनू देशक बीच एहि मुद्दा पर तनाव लगातार बढ़ि रहल अछि।



ट्रंप आब नव धमकी देलनि अछि जे कनाडाक मोटरगाड़ी उद्योग आ इस्पात पर टैरिफ कें 1 जनवरी सं 50 प्रतिशत धरि बढ़ा देल जायत। एहि सं कनाडा मे खलबली मचि गेल अछि। अमेरिका आ कनाडाक बीच व्यापार वार्ता विफल भेलाक बाद दुनू देश आमने-सामने आबि गेल अछि। जवाब मे कनाडा घोषणा कएलक जे ओ सेहो अमेरिकी उत्पाद पर 50 प्रतिशत जवाबी टैरिफ लगाओत।

कनाडाक प्रधानमंत्री मार्क कार्नी ट्रंपक एहि नव धमकी पर कहलनि जे हुनका एकरा पर कोनो आश्चर्य नहि भेल, कारण ट्रंपक कार्यशैली एहेन अछि। हुनकर आरोप अछि जे ट्रंप कनाडाक मोटरगाड़ी उद्योग कें तहस-नहस करबाक प्रयास कए रहल छथि। मुदा कार्नी इहो स्पष्ट कएलनि जे जं अमेरिका उचित रवैया लए कए वार्ता मे अबैत अछि, तं व्यापार वार्ता फेर सं शुरू भए सकैत अछि।

अमेरिका आ कनाडाक बीच ई टकराव नव नहि अछि। ट्रंप दोबारा सत्ता मे अयलाक बाद कनाडा कें अमेरिकाक 51म राज्य बनेबाक इच्छा सेहो व्यक्त केने छलाह। कनाडा एहि प्रस्तावक कड़ा विरोध कएलक। तकर बाद ट्रंप कनाडा सं आयात होमयबला उत्पाद पर भारी टैरिफ लगायब शुरू कएलनि। दुनू देशक बीच व्यापार वार्ताक ताजा दौर 21 अगस्त कें विफल भए गेल। तकर बाद अमेरिकाक दिस सं कनाडा सं आयात होमयबला लगभग 20 अरब डॉलरक उत्पाद पर 50 प्रतिशत टैरिफ लगेबाक घोषणा कएल गेल। ट्रंप कहलनि जे कनाडा अमेरिकाक राज्य नहि बनि कए सेहो राज्य बनबाक सभ लाभ चाहैत अछि। एहि बयान कें कनाडाक लेल अपमानजनक मानल गेल।

कनाडाक प्रधानमंत्री कार्नी सेहो कड़ा प्रतिक्रिया दैत कहलनि जे कनाडा ट्रंपक टैरिफक जवाब डॉलरक बदला डॉलरक रूप मे देत। 8 सितंबर सं अमेरिकी उत्पाद पर 50 प्रतिशत टैरिफ लगेबाक घोषणा सेहो कएल गेल। कार्नीक अनुसार आब अमेरिका आ कनाडा टैरिफ युद्धक स्थिति मे छथि। अमेरिकी इस्पात, डेरी उत्पाद, घरेलू उपकरण आ इलेक्ट्रॉनिक सामान पर सेहो शुल्क लगाओल जायत।

वर्तमान व्यवस्था मे कनाडा सं आयात होमयबला वाहनक गैर-अमेरिकी हिस्साक लेल अमेरिकी टैरिफ 25 प्रतिशत अछि, जखनकि इस्पात पर 50 प्रतिशत शुल्क लागू अछि। कनाडा जे जवाबी टैरिफ लगेबाक धमकी देने अछि, ताहि मे अमेरिकी इस्पात आ डेरी उत्पादक संग कृषि उपकरण आ इलेक्ट्रॉनिक सामान सेहो शामिल अछि।

कार्नी ट्रंपक टैरिफ नीति कें युद्ध कहैत कहलनि जे अमेरिका व्यापार समझौता मे कनाडा सं बहुत बेसी मांगि रहल अछि, मुदा बदला मे बहुत कम देबाक लेल तैयार अछि। कनाडाक प्रमुख विपक्षी कंजर्वेटिव पार्टी सहित सभ राजनीतिक दल एहि टैरिफ संघर्ष मे प्रधानमंत्री कार्नीक समर्थन कएलक। दोसर दिस अमेरिका मे सेहो ट्रंपक टैरिफ नीतिक विरोध मे आवाज तेज भेल अछि। एहि वर्षक प्रारंभ मे अमेरिकी सर्वोच्च न्यायालय ट्रंप द्वारा टैरिफ लागू करबाक तौर-तरीकाक वैधानिकता पर महत्वपूर्ण फैसला देने छल। तकर बाद ट्रंपक टैरिफ नीति कें लागू करबाक लेल दोसर कानूनी रास्ताक उपयोग करबाक चर्चा तेज भेल।

अमेरिकी जनताक एकटा पैघ हिस्सा मानैत अछि जे ट्रंपक टैरिफक कारण रोजमर्राक उत्पाद महग भए रहल अछि। मुदा राष्ट्रपति ट्रंपक तर्क अछि जे टैरिफक माध्यम सं अमेरिका मे विनिर्माण उद्योग कें बढ़ावा भेटत आ रोजगारक नव अवसर उत्पन्न होयत। अमेरिका आ कनाडाक आर्थिक संबंध अत्यंत गहींर अछि। पछिला वर्ष दुनू देश एक-दोसराक बीच लगभग 880 अरब डॉलरक वस्तु आ सेवाक कारोबार केने छल। एहि सं स्पष्ट अछि जे दुनू देशक अर्थव्यवस्था एक-दोसर पर बहुत निर्भर अछि। अमेरिका, कनाडा आ मेक्सिकोक बीच व्यापार कें सहज बनयबाक लेल एकटा क्षेत्रीय व्यापार समझौता सेहो लागू अछि। आब प्रश्न उठैत अछि जे एहि टैरिफ युद्धक प्रभाव एहि उत्तर अमेरिकी व्यापार समझौता पर पड़त कि नहि।

# मौन आखिर की होइत अछि?


अभिषेक आनंद

जखन भीतर आ बाहर दुनू दिस बीहाड़ि चलि रहल हो, तखन मौन स्वयं कें शांत करबाक एकटा बाट बनि सकैत अछि। मुदा की मौन मात्र चुप रहबाक नाम अछि? की शब्दक अनुपस्थिति मात्र मौन अछि? शायद नहि। मौन एकटा एहन अनुभूति अछि, जकरा सुनबाक लेल कान सं बेसी मोनक आवश्यकता होइत अछि। ई ओ अवस्था अछि, जतय बाहरक आवाज धीरे-धीरे दूर होमय लगैत अछि आ भीतरक आवाज स्पष्ट सुनाइ पड़य लगैत अछि। मनुष्यक जीवन शब्द आ शोर सं भरल अछि। भोर मे आंखि खुजला सं लए कए राति मे आंखि मुनय धरि हम बात, संदेश, सूचना, बहस आ विचार सं घेरल रहैत छी। हम बाजैत छी, सुनैत छी, उत्तर दैत छी आ अपन बात सही साबित करबाक प्रयास करैत छी। एहि निरंतर शोरक बीच हम बेसी काल ई बिसरि जाइत छी जे स्वयं कें सुननाइ सेहो ओतबे आवश्यक अछि। मौन हमरा सभ कें एहि बिसरल संवाद दिस फेर सं लए जाइत अछि।

मौनक अर्थ ई नहि जे मोन मे कोनो विचार नहि रहत। मोन अपन स्वभाव सं चंचल अछि। ओकरा मे स्मृति, इच्छा, भय, प्रश्न, सपना आ अपूर्ण बात सभ रहैत अछि। मौन एहि सभ कें समाप्त नहि करैछ, बल्कि ओकरा सभ कें देखबाक दृष्टि दैत अछि। जखन हम शांत भए कए बैसैत छी, तखन बुझाइत अछि जे भीतर कतेक आवाज एक संग बाजि रहल अछि। कोनो पुरान घटना, कोनो अपूर्ण संबंध अथवा भविष्यक चिंता - मौन एहि सभ सं भागबाक बदला ओकरा सभ कें बुझबाक अवसर दैत अछि।

### शिवक मौन : जतय शब्द समाप्त भए जाइत अछि

भारतीय आध्यात्मिक परंपरा मे शिव मौनक गहींर प्रतीक छथि। ध्यानमग्न आ समाधिस्थ शिव ओहि अवस्थाक प्रतीक छथि, जतय बाहरी हलचल समाप्त भए जाइत अछि आ चेतना भीतर स्थिर भए जाइत अछि। शिवक मस्तक पर चंद्रमा अछि, जटा मे गंगा अछि, कंठ मे विष अछि आ शरीर पर भस्म अछि। चारूकात विरोधाभास अछि, मुदा स्वयं शिव स्थिर छथि। मौनक एकटा पैघ अर्थ सेहो इएह अछि - बाहर परिस्थिति बदलैत रहय, मुदा भीतर एकटा एहन स्थान हो जतय हम स्वयं कें सम्हारि सकी। शिवक मौन पलायन नहि अछि। ई प्रतिक्रिया देबा सं पहिने ठहरबाक शक्ति अछि। क्रोध मे तुरंत नहि बजनाइ, दुखक समय मे भीतर उतरि कए अपन भाव कें बुझनाइ आ निर्णय लेबा सं पहिने मोनक शोर कें शांत करब - मौनक वास्तविक अर्थ एहि ठाम देखाइ पड़ैत अछि।



### बुद्धक मौन : स्वयं कें देखनाइ

जं शिवक मौन स्थिरताक प्रतीक अछि, तं बुद्धक मौन आत्मनिरीक्षण आ जागरूकताक दिस लए जाइत अछि। बोधि वृक्षक नीचां बुद्धक ध्यान मात्र आंखि मुनि कए बैसि जेनाइ नहि छल। ई अपन मोन कें देखबाक यात्रा छल - इच्छा, भय, मोह आ दुख कें चिन्हबाक यात्रा। बुद्धक मौन हमरा सभ कें सिखबैत अछि जे प्रत्येक प्रश्नक उत्तर शब्द मे देनाइ आवश्यक नहि। कहियो-कहियो प्रश्नक उत्तर तकबा सं पहिने ई बुझनाइ जरूरी होइत अछि जे प्रश्न हमर भीतर उत्पन्न किएक भेल। ध्यान मे बैसल व्यक्ति दुनियां सं भागि नहि रहल होइत अछि; ओ किछु समय लेल अपने भीतर लौटि रहल होइत अछि।

### आधुनिक जीवन मे मौनक आवश्यकता

आजुक समय मे मौनक आवश्यकता शायद पहिने सं बेसी अछि। हाथ मे मोबाइल, आंखिक आगू स्क्रीन आ प्रत्येक क्षण नव सूचना - ई सभ हमर ध्यान कें लगातार खींचैत रहैत अछि। सोशल मीडिया पर दोसरक जीवन देखैत-देखैत हम अपन जीवनक आवाज सुननाइ बिसरि जाइत छी।

हमरा सभ कें प्रत्येक घटना पर प्रतिक्रिया देबाक अछि, प्रत्येक बहस मे विचार रखबाक अछि आ सभ समय उपलब्ध रहबाक अछि। एहि डिजिटल शोरक बीच किछु समय अपना लेल निकालब मानसिक विश्राम जकां अछि।

कहियो फोन एक कात राखि कए खिड़की सं बाहर देखनाइ, नदीक कात बैसनाइ, भोरक हवा महसूस कएनाइ अथवा रातिक आकाश निहारनाइ - ई छोट-छोट मौनक क्षण हमरा सभ कें फेर अपना लग लौटबैत अछि।

### संबंध मे मौन

मौन संबंधक सेहो एकटा भाषा अछि। दू व्यक्ति जखन एक-दोसराक संग सहज होइत छथि, तखन प्रत्येक क्षण शब्दक आवश्यकता नहि होइत अछि। ककरो लग चुपचाप बैसनाइ, ओकर चेहराक उदासी बुझि लेनाइ अथवा बिना किछु कहने ओकर हाथ पकड़ि लेनाइ–ई सभ मौनक भाषा अछि। मुदा प्रत्येक मौन सुंदर नहि होइत अछि। कहियो-कहियो मौन दुखक दीवार सेहो बनि जाइत अछि। जखन व्यक्ति अपन भावना दबबैत रहैत अछि आ भीतरे-भीतर टूटैत रहैत अछि, तखन ई मौन ओकरा आओर एकसर कए सकैत अछि। तें मौन आ चुप्पी मे भेद बुझनाइ जरूरी अछि। चुप्पी भय अथवा दबाव सं उत्पन्न भए सकैत अछि, मुदा स्वस्थ मौन समझ आ आत्मचिंतन सं जन्म लैत अछि।

# सर्बिया सं स्वीडन धरि... नेपाल मे बाढ़िक बाद 30 सं बेसी देशक लोक लापता









चीन आ नेपालक सीमा सं सटल इलाका मे आयल अनचोके बाढ़ि आ खतरनाक बाढ़ि भारी तबाही मचा देलक अछि। बृहस्पति धरि कम सं कम 469 लोकक मृत्यु पुष्ट भेल अछि। जखनकि 1,500 सं बेसी लोक लापता बताओल जा रहल छथि। एहि मे पैघ संख्या मे विदेशी पर्यटक, ट्रेकर, तीर्थयात्री आ कामगार शामिल छथि। ई सभ माउंट कैलाश अर्थात पवित्र हिंदू स्थल सभक यात्रा वा ट्रेकिंग लेल ओतय पहुंचल छलाह। स्थिति एतेक भयावह छल जे 30 सं बेसी देशक लोक लापता छथि। नेपाल आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक अनुसार, देश मे मृत्यु संख्या बढ़ि कए 359 भए गेल अछि आ 910 लोक एखनहु लापता छथि। एहि मे 517 विदेशी नागरिक शामिल छथि। एखन धरि 50 विदेशी कें हेलीकॉप्टरक माध्यम सं सुरक्षित बचाओल जा चुकल अछि। स्थानीय रिपोर्ट मे नेशनल इमरजेंसी ऑपरेशन सेंटरक हवाला दैत कहल गेल अछि जे लापता लोक मे 113 नेपाली पर्यटक, सेना आ पुलिसक 85 सुरक्षाकर्मी, रसुवा जिलाक 161 लोक आ नुवाकोट जिलाक एक व्यक्ति शामिल छथि। अलग-अलग एजेंसीक आंकड़ा मे भेद होयबाक कारण डेटा, रिपोर्टिंग आ सत्यापनक तरीका मे भेद अछि। एहन स्थिति मे बचाव दल आ आंकड़ा जुटेनिहार लोकक बीच समन्वयक कमी बनल अछि। चीनक दिस तिब्बतक ग्यिरोंग काउंटी मे सरकारी मीडिया अनुसार, कम सं कम तीन लोकक मृत्यु भेल अछि आ 558 लोक लापता छथि। एहि मे 260 विदेशी बताओल गेल छथि। चीनक विदेश मंत्रालय कहलनि जे नेपाल दिस करीब 100 चीनी नागरिकक सेहो कोनो पता नहि चलि रहल अछि। भारतक विदेश मंत्रालय कहलनि जे 288 भारतीय नागरिक सं संपर्क नहि भए पा रहल अछि। एहि मे 73 लोक ओहि मे शामिल छथि जे एकटा पावर प्रोजेक्ट पर काज कए रहल छलाह। नेपालक अधिकारी बतौलनि जे कतेको भारतीय पर्यटक तिब्बत मे माउंट कैलाशक तीर्थयात्रा पर छलाह, जे हिंदू सभ लेल पवित्र स्थल अछि। अमेरिकाक विदेश विभाग कहलनि जे चीन आ नेपाल मे 90 अमेरिकी नागरिकक कोनो पता नहि चलि सकल अछि। विभाग कहलनि जे कोनो अमेरिकी नागरिकक मृत्यु संबंधी जानकारी ओकरा नहि भेटल अछि। तीन अमेरिकी नागरिक कें बचाओल गेल अछि। मलेशियाक बोर्ड बतौलनि जे 51 मलेशियाई नागरिक लापता छथि। यूक्रेनक विदेश मंत्रालय कहलनि जे 55 यूक्रेनी नागरिक लापता छथि। मंत्रालय बतौलनि जे एहि संख्या मे 47 आ 7 लोकक दूटा पर्यटक समूह शामिल अछि। एक यूक्रेनी महिला सेहो अछि जे एकटा विदेशी टूर ग्रुपक संग यात्रा कए रहल छलीह। ऑस्ट्रेलियाई सरकार कहलनि जे 39 ऑस्ट्रेलियाई नागरिक लापता छथि। ब्रिटेन बोर्ड बतौलनि जे लापता लोक मे 33 ब्रिटेनक छथि। नेपाल पर्यटन बोर्ड कहलनि जे लापता लोक मे 25 कनाडाई नागरिक छथि। दक्षिण कोरियाक सरकारी अधिकारी बतौलनि जे नेपाल मे पनबिजली संयंत्र बनेबाक काज मे लागल 9 नागरिक लापता छथि। नेपाल पर्यटन बोर्डक अनुसार, सिंगापुरक 8 नागरिक लापता छलाह। नेपाल पर्यटन बोर्ड कहलनि जे जर्मनीक 8 पर्यटक लापता छलाह। नेपाल मे रूसी दूतावास कहलनि जे ओकर 8 नागरिक लापता छथि। बोर्ड बतौलनि जे दक्षिण अफ्रीकाक 6 नागरिक लापता छथि। बोर्ड कहलनि जे लातवियाक 6 पर्यटक लापता छथि। जापानक प्रधानमंत्री सनाए तकाइची स्थानीय मीडिया द्वारा देल गेल ओहि जानकारी पर चिंता व्यक्त कएलनि, जाहि मे 5 जापानी नागरिकक लापता होयबाक बात कहल गेल छल। नेपाल पर्यटन बोर्ड बतौलनि जे न्यूजीलैंडक 5 लोक लापता छलाह। बोर्ड कहलनि जे फ्रांसक 4 नागरिक लापता छथि। बोर्ड बतौलनि जे बेल्जियमक 3 लोक लापता छथि। बोर्ड कहलनि जे स्पेनक 3 पर्यटक लापता छथि। बोर्ड बतौलनि जे इटली, कजाकिस्तान, पुर्तगाल, आयरलैंड आ नीदरलैंडक प्रत्येक देशक 2-2 लोक लापता छथि। एकर अतिरिक्त बेलारूस, फिनलैंड, हंगरी, इजराइल, लिथुआनिया, फिलीपींस, बुल्गारिया, स्विट्जरलैंड, सर्बिया आ स्वीडन मे सं प्रत्येक देशक एक-एक व्यक्ति सेहो लापता छथि।

## 260 साल पुरान रस्ता... किछु मिनट मे तबाह
## नेपालक बाढ़ि काटि देलक हिमालयक लाइफलाइन!

200 साल सं बेसी समय सं नेपाल कें तिब्बत सं जोड़निहार हिमालयक एकटा संकरा रास्ता मात्र पहाड़ी सड़क नहि रहल अछि। पुरान समय मे एहि रास्ता सं नून, ऊन, चाउर, व्यापारी, तीर्थयात्री आ सेना एक ठाम सं दोसर ठाम जाइत छल। समयक संग ई रास्ता नेपाल आ चीनक बीच व्यापार लेल बेहद महत्वपूर्ण भए गेल। 26 अगस्त कें आएल भीषण बाढ़ि रसुवागढ़ी-केरुंग मार्ग कें बुरी तरहे क्षतिग्रस्त कए देलक। बाढ़िक कारण कतेको पुल, सड़क आ दोसर जरूरी सुविधा बहि गेल। एकरा सं नेपाल आ चीनक बीच आवागमनक एकटा महत्वपूर्ण रास्ता टूटि गेल। एहि घटना कें बाद एहि पुरान हिमालयी व्यापारिक मार्गक महत्व एक बेर फेर चर्चा मे आबि गेल अछि। कखनो सामान आ लोकक आवाजाहीक पारंपरिक रास्ता रहल ई मार्ग आइ नेपाल आ चीनक बीच व्यापार आ संपर्कक एकटा महत्वपूर्ण कड़ी बनि गेल अछि। एहन स्थिति मे एकर बंद होनाइ दुनू देशक बीच व्यापार आ आवागमन लेल पैघ परेशानी बनि सकैत अछि। रसुवागढ़ी नेपालक रसुवा जिला मे स्थित अछि आ तिब्बतक सीमाक बहुत नजदीक अछि। चीनक दिस एहि रास्ता पर केरुंग सीमा चौकी अछि। दुनू देशक बीच आवागमन आ सामानक आवाजाही लेल ई मार्ग बहुत महत्वपूर्ण अछि। ई रास्ता भोटे कोशी आ त्रिशूली नदीक घाटी सं होइत गुजरैत अछि। एतय पहाड़ बहुत ढाढ़ आ घाटी बहुत संकर अछि। एहि इलाका मे कतेको गाम, सड़क, पुल आ व्यापार सं जुड़ल सुविधा बनल अछि। एहि इलाकाक भौगोलिक स्थिति एहि रास्ता कें एक दिस बहुत महत्वपूर्ण बनबैत अछि, तं दोसर दिस प्राकृतिक आपदाक प्रति बेसी संवेदनशील सेहो बनबैत अछि। हिमालय पार करबाक लेल ई एकटा सहज रास्ता मानल जाइत अछि, मुदा तेज बहाव बला नदीक किनार बनल सड़क आ पुल बाढ़ि आ भूस्खलन सन घटनाक चपेट मे सहजहि आबि सकैत अछि। टाइम्स ऑफ इंडिया अनुसार, ई रास्ता 260 साल सं बेसी समय सं नेपाल आ तिब्बतक बीच व्यापार लेल इस्तेमाल होइत रहल अछि। आधुनिक सीमा चौकी आ कस्टम व्यवस्थाक शुरूआत सं बहुत पहिने सेहो हिमालयक एहि इलाकाक अर्थव्यवस्था पहाड़ी दर्रा द्वारा होमय बला व्यापार पर निर्भर छल। पुरान समय मे व्यापारी एहि रास्ता सं नून, ऊन, अनाज आ दोसर जरूरी



सामान एक ठाम सं दोसर ठाम लए जाइत छलाह। आइ सेहो ई मार्ग नेपाल आ चीनक बीच व्यापार आ संपर्कक एकटा महत्वपूर्ण कड़ी अछि। पुरान समय मे नेपाल सं व्यापारी अनाज आ चाउर लए उत्तर दिस जाइत छलाह। एकर बदला तिब्बत सं नून आ ऊन नेपाल आनल जाइत छल। ई व्यापार दुनू क्षेत्र लेल बहुत जरूरी छल। तिब्बतक ऊंच पठार पर नून सहजहि भेटैत छल, मुदा ओतय खेती आ अनाजक उत्पादन कम छल। ओतहि नेपालक मध्य पहाड़ी इलाका मे अनाजक नीक पैदावार होइत छल,



मुदा नूनक उपलब्धता कम छल। एहि लेल दुनू क्षेत्रक बीच जरूरतक हिसाब सं सामानक आदान-प्रदान होइत छल। ओहि समय व्यापार सहज नहि छल। व्यापारी पहाड़क कठिन आ खतरनाक रास्ता सं कारवां द्वारा सामान एक ठाम सं दोसर ठाम पहुंचबैत छलाह। नेपाल आ तिब्बतक बीच ई रास्ता मात्र व्यापार लेल महत्वपूर्ण नहि छल। जाहि शक्तिक एहि पहाड़ी मार्ग पर नियंत्रण रहैत छल, ओकरा लोकक आवाजाही, जरूरी सामानक आपूर्ति आ दोसर इलाका धरि पहुंच पर सेहो बढ़त रहैत छल। पुरान दस्तावेजक अनुसार, 1744 मे गोरखा शासक नुवाकोट पर कब्जा केने छलाह। एकर पछाड़ी एहि इलाकाक रणनीतिक स्थिति संगहि तिब्बत जाए बला व्यापारिक रास्ता पर एकर महत्वपूर्ण स्थान सेहो एकटा कारण छल। बाद मे नेपाल तिब्बत मे कएल गेल अपन सैन्य अभियानक दौरान सेहो एहि हिमालयी मार्गक उपयोग कएलक। एकरा सं पता चलैत अछि जे ई रास्ता सदिया सं व्यापारक संग-संग सुरक्षा आ रणनीतिक दृष्टि सं सेहो बहुत महत्वपूर्ण रहल अछि। 20म सदी मे एहि रास्ताक स्वरूप बहुत बदलि गेल। सड़कक निर्माण शुरू भेल आ राजनीतिक परिस्थिति सेहो बदलल। एकरा सं खच्चर आ याकक माध्यम सं सामान लए जाए बला पुरान व्यापारक महत्व धीरे-धीरे कम भए गेल। मुदा ई रास्ता तखनहु नेपाल आ तिब्बतक बीच संपर्कक महत्वपूर्ण माध्यम बनल रहल। एहि इलाकाक रणनीतिक इतिहास आइ सेहो रसुवागढ़ी किला मे देखल जा सकैत अछि। ई ऐतिहासिक किला 1850क दशक मे जंग बहादुर राणाक तिब्बतक विरुद्ध अभियानक दौरान बनाओल गेल छल। ई किला बतबैत अछि जे पुरान समय मे ई इलाका सुरक्षा आ सैन्य गतिविधिक दृष्टि सं कतेक महत्वपूर्ण छल। बाद मे दुनू देशक बीच आधुनिक सीमा आ सड़क व्यवस्था विकसित भेल। एकर संग रसुवागढ़ी नेपाल आ चीनक बीच एकटा औपचारिक व्यापारिक रास्ताक रूप मे विकसित भए गेल। 2010क दशक मे रसुवागढ़ी सीमा मार्ग शुरू भेल। एकरा सं नेपाल आ चीनक तिब्बत स्वायत्त क्षेत्रक बीच सड़क द्वारा सीधा संपर्क स्थापित भेल। एहि तरहे सदियौं पुरान व्यापारिक रास्ता समाप्त होबाक बदला नव रूप मे फेर महत्वपूर्ण भए गेल। पुरान कारवां मार्ग आधुनिक समय मे नेपाल-चीन व्यापारक एकटा पैघ रास्ताक रूप मे नव जीवन पाबि लेलक। हालक भीषण बाढ़ि ओहि नदी घाटी मे भारी तबाही मचा देलक, जे नेपाल आ चीनक बीच व्यापारक महत्वपूर्ण रास्ता बनल छल। अनचोके आएल बाढ़ि सं रसुवागढ़ी इलाका बुरी तरहे प्रभावित भेल। बाढ़िक पानि मे सड़क, पुल, सीमा संबंधी सुविधा आ बिजलीक बुनियादी ढांचा क्षतिग्रस्त भए गेल। नेपाल आ चीन कें जोड़निहार महत्वपूर्ण मितेरी अर्थात मैत्री पुल सेहो एहि आपदाक चपेट मे आबि गेल। बाढ़ि सं नेपाल आ चीनक बीच आवागमन आ सामानक आवाजाही लेल इस्तेमाल होमय बला एकटा प्रमुख जमीनी व्यापार मार्ग प्रभावित भेल अछि। एकरा सं दुनू देशक बीच व्यापार आ परिवहन पर असर पड़ि सकैत अछि। ई आपदा एहन इलाका मे आएल अछि, जे पहिने सं बाढ़ि आ भूस्खलनक खतरावला मानल जाइत अछि। 2025 मे सेहो रसुवागढ़ी इलाका मे भीषण बाढ़ि आएल छल। लगातार भए रहल एहन घटना एहि हिमालयी व्यापारिक मार्गक सुरक्षा आ मजबूती कें लए चिंता बढ़ा देलक अछि। रसुवागढ़ी-केरुंग मार्ग कें फेर शुरू करब मात्र एकटा पुलक मरम्मत करबाक जकां आसान नहि अछि। ई पूरा रास्ता बहुत ढाढ़ आ संकर पहाड़ी घाटी सं होइत गुजरैत अछि। कतेको ठाम सड़क आ पुल नदीक बिल्कुल नजदीक बनल अछि, जखनकि दोसर दिस अस्थिर पहाड़क ढलान अछि। एहन स्थिति मे कोनो निर्माण कार्य मे बहुत सावधानी बरतए पड़त। हालक आपदा सेहो बहुत गंभीर छल। वैज्ञानिकक अनुसार, पहाड़क ऊपरी हिस्सा मे ग्लेशियर वा बर्फ आ चट्टानक एकटा पैघ हिस्सा टूटि कए नीचा आएल। तकर बाद तेज गति सं बर्फ, चट्टान आ मलबा नीचा दिस बहि गेल। ई मलबा लहेंडे खोला नदी मे पहुंचल आ तकर बाद एकर असर भोटे कोशी आ त्रिशूली नदी तंत्र पर पड़ल। एकर अर्थ अछि जे मात्र सड़क आ पुल कें फेर बनाय देनाइ पर्याप्त नहि होयत। जं बाढ़ि, भूस्खलन आ पहाड़ सं मलबा आबि रहल सन वास्तविक खतरा कें ध्यान मे राखि निर्माण नहि कएल गेल, तं भविष्य मे ओही बुनियादी ढांचा फेर खतराक स्थिति मे पड़ि सकैत अछि। पूरा हिमालयी क्षेत्र मे ग्लेशियरक अस्थिर होनाइ, बर्फक तेजी सं पघिलनाइ, जमीनक जमाव बला हिस्सा कमजोर होनाइ आ मौसिमक तेजी सं बदलनाइ कें लए चिंता बढ़ि रहल अछि। हालांकि, वैज्ञानिकक कहब अछि जे एहि खास घटना कें सीधे जलवायु परिवर्तन सं जोड़बाक लेल एखन आओर अध्ययनक जरूरत अछि।

## चीन-नेपाल सीमा पर बनल झील मे 1,000 ओलंपिक स्विमिंग पूल भरय जतेक पानि

आएल बाढ़ि सं भयंकर तबाहीक सामना कए रहल नेपालक मुश्किल आओर बढ़ि सकैत अछि। छोचेन खोला आ पुरेपु त्सांगपो नदीक संगमक नजदीक चीन-नेपाल सीमा पर बनल एकटा पैघ झीलक बांध टूटि गेल अछि। एकर पानि आओर बढ़ला सं नेपालक भोटेकोशी नदी मे पानिक बहाव तेज होबाक नव आशंका पैदा भए गेल अछि। नेपालक बाढ़ि प्रभावित रसुवाक मुख्य जिला अधिकारी नरेंद्र परियार शुक्रदिन कहलनि जे नेपाली सेना सं हुनका जानकारी भेटलनि अछि जे झीलक बांध टूटि गेल अछि।

द काठमांडू पोस्टक अनुसार, ई घटनाक्रम चीनी अधिकारीक ओहि चेतावनीक एक दिन बाद भेल अछि, जाहि मे कहल गेल छल जे संगमक नजदीक बाढ़ि सं बनल झील पहिने सं ओवरफ्लो भए रहल छल आओर पानि आबि गेला सं एकर बांध टूटबाक खतरा छल। राष्ट्रीय आपदा खतरा न्यूनीकरण तथा प्रबंधन प्राधिकरण कहलनि अछि जे भोटेकोशी नदी मे पानिक स्तर बढ़ि गेल अछि। चीन दिस मौजूद झीलक बांध टूटि गेल अछि। एहि लेल सर्वेक्षण लेल धुंचे आ रसुवा मे तैनात हेलीकॉप्टर कें पठेबाक तैयारी चलि रहल अछि। नेपाल संभावित असरक पता लगाबए लेल रसुवा मे भोटेकोशी आ ओकर आसपासक इलाकाक हवाई सर्वेक्षण करबाक तैयारी कए रहल अछि। त्रिभुवन अंतरराष्ट्रीय हवाईअड्डा मे रेस्क्यू कोऑर्डिनेशन सेंटरक एक अधिकारी कहलनि जे सर्वेक्षण लेल धुंचे आ रसुवाक दोसर हिस्सा मे पहिने सं मौजूद हेलीकॉप्टर कें तैनात कएल जायत।

एहि सर्वेक उद्देश्य भोटेकोशीक ओहि इलाका सभक पहचान करब अछि, जतय बांध टूटबाक खबरिक बाद आओर पैघ खतरा भए सकैत अछि। चीनक जल संसाधन मंत्रालय बृहस्पतिदिन भोर धरि झील मे पानिक मात्रा 20 लाख घन मीटर अनुमानित केने छल। अगिला तीन दिन मे झील मे आओर 30 लाख घन मीटर पानि आबि सकैत अछि। हम झील पर बारीकी सं नजरि राखि रहल छी। बाढ़िक असरक पता लगाबए लेल सिमुलेशन आ हाइड्रोलॉजिकल विश्लेषण कए रहल छी, जाहि सं बचाव आ बाढ़ि नियंत्रणक काजक तैयारी कएल जा सकय। चीनी अधिकारी सीएनएन कहल अछि जे चीन-नेपाल सीमा पर जे बैरियर लेक अर्थात रुकावट सं बनल झील ओवरफ्लो भए रहल अछि, ताहि मे एतेक पानि अछि जे एकरा सं 1,000 ओलंपिक स्विमिंग पूल भरल जा सकैत अछि।

ई झील बुधदिन भूस्खलन आ भारी बाढ़ि सं इलाका मे तबाही मचलाक बाद बनल छल। बैरियर लेक मलबाक कारण नदीक रास्ता रुकि गेला सं बनैत अछि। चीनक सरकारी प्रसारक सीसीटीवी शुक्रदिन देर भोर कहलनि जे नव बनल झील लगातार ओवरफ्लो भए रहल अछि। एहि कारण एहन पैघ खतरा पैदा भए गेल अछि जे बचाव दल बुरी तरहे प्रभावित लैंड पोर्ट धरि नहि पहुंचि सकैत अछि। रिपोर्ट मे कहल गेल अछि जे एहि कारण नव अनचोके बाढ़ि वा भूस्खलन होबाक बहुत बेसी आशंका अछि। छोचेन खोला आ पुरेपु त्सांगपो नदी तिब्बत सं निकलैत अछि आ नेपाल मे प्रवेश करबाक पहिने आपस मे मिलैत अछि।

नेपाल मे एहि नदी कें भोटेकोशीक नाम सं जानल जाइत




अछि। भोटेकोशी, त्रिशूली नदीक मुख्य ऊपरी सहायक नदी अछि। स्थानीय अधिकारी झीलक बांध टूटला सं सब सं पैघ चिंता ई अछि जे लगातार भए रहल बरखाक बीच झील मे कतेको बदलाव आबि सकैत अछि। बरखा सं पानिक मात्रा बहुत बढ़ि सकैत अछि, जाहि सं बांध पर आओर दबाव पड़त आ एकर टूटबाक खतरा बढ़ि जायत।

विशेषज्ञक कहब अछि जे एहन टूटनाइ धीरे-धीरे वा अनचोके सेहो भए सकैत अछि। स्टिमसन सेंटर थिंक टैंकक एनर्जी, वाटर एंड सस्टेनेबिलिटी प्रोग्रामक सीनियर फेलो ऑस्टिन लॉर्ड कहलनि जे विशेषज्ञ एखन दूटा बैरियर लेक पर नजरि राखि रहल छथि। ओ एकटा आओर झीलक उल्लेख कएलनि, जे बुधदिन टूटल ग्लेशियरक दरारक ठीक नीचा बनल छल आ जाहि सं शुरूआती आपदा आएल छल।

# एलएनएमयूक पीजी संस्कृत विभाग मे मनाओल गेल संस्कृत दिवस

## भाषण आ निबंध प्रतियोगिता मे प्रतिभागी सभ देखौलनि प्रतिभा

दरभंगा ,समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर संस्कृत विभाग मे श्रावणी पूर्णिमाक अवसर पर संस्कृत दिवस समारोहक आयोजन कएल गेल। विभागाध्यक्ष डॉ. कृष्णकांतझाक अध्यक्षता मे आयोजित समारोह मे पूर्व विभागाध्यक्ष प्रो. हृषिकेश झा मुख्य अतिथि आ कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक पूर्व व्याकरण विभागाध्यक्ष प्रो. दयानाथ झा सारस्वत अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह। विभागीय प्राध्यापक डॉ. आरएन




चौरसिया स्वागत आ विषय प्रवेश करौलनि।दीप प्रज्वलन आ मंगलाचरणक संग कार्यक्रमक शुभारंभ भेल। अतिथि सभक पाग, चादर आमोमेंटो दए स्वागत कएल गेल। एहि अवसर पर संस्कृत भाषा मे भाषण आ निबंध प्रतियोगिताकआयोजन कएल गेल। भाषण प्रतियोगिता मे कुमकुम कुमारी प्रथम, मुस्कान कुमारी द्वितीय आरूपेश कुमार तृतीय स्थान पर रहलाह। निबंध प्रतियोगिता मे कुमकुम कुमारी प्रथम, रूपेश कुमार द्वितीय आ दयानंद तृतीय स्थान पर रहलाह। शंकर कुमार आ खुशबू कुमारीके सांत्वना पुरस्कार देल गेल। सफल प्रतिभागी सभके प्रमाणपत्र आ मोमेंटो प्रदान कएल गेल। डॉ. कृष्णकांत झा संस्कृत भाषा आ साहित्यक महत्व पर प्रकाश दैत एकरा विश्वक प्राचीन, समृद्ध आ वैज्ञानिक भाषा बतौलनि। प्रो. हृषिकेश झा आधुनिक समय मे संस्कृतक प्रासंगिकता पर चर्चा कएलनि। प्रो. दयानाथ झा कहलनि जे संस्कृत मे भारतीय संस्कार आ संस्कृति निहितअछि। डॉ. आरएन चौरसिया कहलनि जे संस्कृत मात्र पूजा-पाठ मे प्रयुक्त होमय बला भाषानहि, बल्कि ज्ञान-विज्ञान, तर्कशास्त्र आ मानवीय मूल्यक समृद्ध स्त्रोत अछि। कार्यक्रमक संचालन आ धन्यवाद ज्ञापन जिग्नेश कुमार कएलनि।

# ग्रामीण सं शहरी क्षेत्र धरि हर्षोल्लास सं मनाओल गेल रक्षाबंधन पर्व

सहरसा,समदिया

भाइ-बहिनक अटूट प्रेम, स्नेह आ विश्वासक प्रतीक रक्षाबंधन पर्व शुक्र दिन जिला केर ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र सभ मे हर्षोल्लास आ धूमधाम सं मनाओल गेल। भोर सं घर-घर मे पर्वक लए उत्साहक माहौल बनल रहल। बहिन सभ अपन भाइ सभक कलाई पर राखी बांधि हुनकर दीर्घायु,सुख-समृद्धि आ उज्ज्वल भविष्यक कामना कएलनि। ओतहि भाइ सभ बहिन सभके उपहार दए हुनकर रक्षा आ सम्मानक संकल्प लेलनि। रक्षाबंधनक लए बाजार सभ मे सेहो विशेष चहल-पहल देखल गेल। विभिन्न दोकान सभ पर रंग-बिरंगक आ आकर्षक राखी सभक संग मिठाइ आ उपहारक खरीदारी लए लोकक भीड़ लागल रहल। बच्चा आ युवा सभ मे पर्वक लए विशेष उत्साह देखल गेल। कतेको स्थान पर बहिन सभ भाइ सभक घर पहुंचि राखी बान्हलनि, जखनकि दूर रहनिहार भाइ-बहिन सेहो पर्व मनाबए लए अपन पैतृक घर पहुंचलाह। ग्रामीण क्षेत्र सभ मे सेहो परंपरागत तरीका सं रक्षाबंधन मनाओल गेल। बहिन सभ पूजा-अर्चना कए भाइ सभके तिलक लगा राखी बान्हलनि आ मिठाइ खुआओलनि। परिवारक बुजुर्ग सभ भाइ-बहिनके



आशीर्वाद देलनि। पर्वक दौरान घर-घर मे उत्सवी माहौल रहल। लोक सभ एक-दोसरके रक्षाबंधनक शुभकामना देलनि। सामाजिक माध्यमक जरिए सेहो भाइ-बहिन सभ अपन भावना साझा कए पर्वक खुशी मनौलनि।

# अनियंत्रित ई-रिक्शा आ अतिक्रमण सं शहरक यातायात व्यवस्था बेपटरी

## डीबी रोड, तरकारी मंडी आ महावीर चौक पर सांझक समय बढ़ि जाइत अछि परेशानी कारबाइक मांग

सहरसा,समदिया

नगर निगम क्षेत्र मे अनियंत्रित ई-रिक्शा परिचालन आ सड़क पर अतिक्रमणक कारण शहरक यातायात व्यवस्था लगातार प्रभावित भए रहल अछि। खासकए सांझक समय बाजार मे भीड़बढ़ला पर स्थिति आरो गंभीर भए जाइत अछि। डीबी रोड होइत स्टेशन जाए बला लोककेतरकारी मंडीक लग जाम आ अव्यवस्थित यातायातक कारण बहुत परेशानीक सामना करए पड़ैतअछि।तरकारी मंडी क्षेत्र मे सड़कक दूनू कात तरकारी विक्रेता सभ द्वारा दोकान लगेनाइ सं सड़क चौड़ाइ बहुत कम भए गेल अछि। एकर बीच ई-रिक्शा, ऑटो आ अन्य तीन पहिया वाहनकपरिचालन सं बेर-बेर जामक स्थिति बनि जाइत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे शंकर चौकक लग यातायात पुलिसक मौजूदगीक बावजूद भीड़भाड़ बला क्षेत्र सभ मे यातायात नियंत्रण प्रभावी नहि देखाइ दैत अछि।लोकक अनुसार डीबी रोड, तरकारी मंडी, महावीर चौक सहित अन्य भीड़भाड़ बला क्षेत्र सभ मेसांझक समय तीन पहिया वाहन सभक प्रवेश आ परिचालन नियंत्रित करबाक आवश्यकता अछि।एहि सं बाजार क्षेत्र मे



यातायात सुचारू कएल जा सकैत अछि।स्थानीय लोकक कहब अछि जे तत्कालीन ट्रैफिक डीएसपी प्रवीण कुमारक कार्यकाल मे यातायात व्यवस्था नीक बनेबाक लए कएल गेल प्रयासक चर्चा होइत रहल अछि। लोकके आशा अछि जे वर्तमान व्यवस्था मे सेहो एहि तरहक प्रभावी पहल कएल जाएत। एहि बीच जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे सड़क सुरक्षाके लए बैठक आयोजित कएलगेल अछि। आब देखबाक अछि जे बैठक मे लेल गेल निर्णय सभक धरातल पर कतेक असर पड़ैत अछि आ शहरक बदहाल यातायात व्यवस्था मे कतेक सुधार अबैत अछि।

# सबका सम्मान-जीवन आसान कार्यक्रम मे जिलाधिकारी सुनलनि जनसमस्या

सीतामढ़ी,समदिया

बिहार सरकारक महत्वाकांक्षी कार्यक्रम सात निश्चय-3अंतर्गत सातम निश्चय सबका सम्मान-जीवन आसान केर अंतर्गत समाहरणालय स्थित विमर्श कक्ष मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आमजनक समस्या सभके गंभीरता आ संवेदनशीलताक संग सुनलनि। एहि अवसर पर विभिन्न क्षेत्र सं आएल नागरिक सभ अपन शिकायत सीधे जिलाधिकारीक समक्ष राखलनि, जतय परिवाद सभ सुनल गेल आ ओकर समाधानक दिशा मे आवश्यक कदम उठाओल गेल।जनसुनवाइक दौरान पैघ संख्या मे आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे भूमि विवाद, राजस्व संबंधीमामिला, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, प्रधानमंत्री आवास योजना, आईसीडीएस, विद्युत आपूर्ति, पेयजल, सड़क, राशन कार्ड, अतिक्रमण सहित विभिन्न विभाग सं जुड़ल परिवाद प्राप्त भेल। जिलाधिकारी प्रत्येक मामिलाक बारीकी सं समीक्षा



करैत संबंधित विभागीय अधिकारी सभकेतत्काल आ प्रभावी कारबाइक निर्देश देलनि।जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे जनसमस्या सभक निष्पादन मे जिला केर सभ पदाधिकारी पूरा संवेदनशीलता आ जिम्मेदारीक संग काज करथि। ओ निर्देश देलनि जे प्रत्येक शिकायतक समाधान निर्धारित समय-सीमाक भीतर सुनिश्चित कएल जाए, जाहि सं आम नागरिकके अनावश्यक परेशानीक सामना नहि करए पड़य। जिलाधिकारी कहलनि जे जनसमस्यासभक त्वरित आ पारदर्शी समाधानक दिशा मे ई एक महत्वपूर्ण पहल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे सेवा-संवाद-समाधान कार्यक्रमक माध्यम सं प्रशासन आ आम जनताबीच सीधा संवाद स्थापित भेल अछि। एहि सं मात्र समस्या सभक समाधानक प्रक्रिया तेज नहि भेल अछि, बल्कि प्रशासनक प्रति आम लोकक भरोसा सेहो आरो मजबूत भेल अछि।

# डीडीसी केलनि आकांक्षी जिला एवं प्रखंड कार्यक्रमक मासिक बैठक

सीतामढ़ी,समदिया

जिला समाहरणालयक सभागार मे आकांक्षी जिला कार्यक्रम आ आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रमक मासिक समीक्षा बैठक आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता उप विकास आयुक्त श्वेता भारती कएलनि। बैठक मे सिविल सर्जन डॉ. रवींद्र कुमार यादव, जिला योजना पदाधिकारी संतोष सुमन, शिक्षा, कृषि, आईसीडीएस, पशुपालन विभाग, कौशल विकासक जिला स्तरीय अधिकारी तथा बैरगनिया केर प्रखंड विकास पदाधिकारी सुनील कुमार गौर मौजूद रहलाह। पूरा बैठक मे तकनीकी सहयोग पीरामल फाउंडेशनक टीम द्वारा देल गेल।



नीति आयोगक सभ प्रमुख संकेतक पर विभागवार समीक्षा करैत डीडीसी कहलनि जे आकांक्षी कार्यक्रमक उद्देश्य सब सं पिछड़ल क्षेत्र सभ मे विकासक गति तेज करब अछि। एकर लए सभ विभागके आपसी समन्वयक संग सेचुरेशन मोड मे काज करए पड़त।सिविल सर्जन डॉ. रवींद्र कुमार यादव संस्थागत प्रसव, टीकाकरण आ प्रसव पूर्व जांचक प्रगतिरिपोर्टक समीक्षा कएलनि।आकांक्षी प्रखंड बैरगनियाक बीडीओ सुनील कुमार गौर प्रखंडक प्रगति रिपोर्ट प्रस्तुत कएलनि।डीडीसी कहलनि जे बैरगनिया मे स्वास्थ्य-पोषण, शिक्षा, कृषि-जल संसाधन, वित्तीय समावेशन आ बुनियादी ढांचाक पांचू थीम पर विशेष अभियान चलाकए डेल्टा रैंकिंग मे सुधार आनल जाए। शिक्षा विभागके स्कूल सभ मे ड्रॉपआउट दर कम करबाक आ लाइब्रेरी, बिजली, शौचालय जकांसुविधा सभक रिपोर्ट अपडेट करबाक कहल गेल। कृषि विभागके मृदा स्वास्थ्य कार्ड आ कृषि क्रेडिटक गति बढ़ेबाक निर्देश देल गेल। आईसीडीएसके कुपोषित बच्चा सभक पहचान आ पोषणट्रैकर पर डाटाक गुणवत्ता सुधार पर जोर देबाक लेल कहल गेल। जिला योजना पदाधिकारी संतोष सुमन कहलनि जे समय पर डाटा एंट्री नहि भेला सं रैंकिंगप्रभावित होइत अछि, तें सभ विभाग प्रतिदिन पोर्टल अपडेट करथि। पीरामल फाउंडेशनक टीम प्रेजेंटेशनक माध्यम सं बतौलनि जे कोन संकेतक मे जिला पाछू अछि आ ओतय सुधारक आवश्यकता अछि।

# पुलिस दीदीक स्कूटी कें एसपी देखौलनि हरियर झंडी

## छात्राक सुरक्षा पर रहत विशेष फोकस

सहरसा,समदिया

रक्षाबंधन पर्वक अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक निर्देश केर आलोक मे शुक्र दिन 'पुलिस दीदी' अभियानक शुरुआत कएल गेल। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग पुलिस दीदी सभक स्कूटी वाहनके हरियर झंडी देखाकए विभिन्न क्षेत्र सभक लए विदा कएलनि। पहिल चरण मे 15 स्कूटीक संग पुलिस दीदी सभके क्षेत्र मे तैनात कएल गेल अछि। एहि अवसर पर पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग कहलनि जे पुलिस दीदीक उद्देश्य छात्रा आ महिला सभके सुरक्षित वातावरण उपलब्ध कराबए केर संग जरूरत पड़ला पर सहज पुलिससहायता उपलब्ध करेनाइ अछि। ओ कहलनि जे कोनो तरहक समस्या वा असुरक्षाक स्थिति मे लड़की सभ बिना कोनो संकोच पुलिस दीदी सभ सं सहयोग लए सकैत छथि। पुलिस दीदी सभ



अपन निर्धारित क्षेत्र मे लगातार भ्रमण कए महिला आ छात्रा सभ सं संवाद स्थापित करताह आ हुनकर समस्या सभक जानकारी लेताह। एसपी बतौलनि जे स्कूल, कॉलेज सहित विभिन्न सरकारी कार्यालय मे आबि-जाइत लड़की आ महिला कर्मी सभक सुरक्षा पर विशेष निगरानी राखल जाएत। पुलिस दीदी सभ शिक्षण संस्थानक आसपास सेहो भ्रमण कएसुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेताह। कोनो तरहक छेड़खानी, संदिग्ध गतिविधि वा अन्य परेशानीकसूचना भेटला पर तत्काल आवश्यक कारबाइ कएल जाएत। पुलिस विभागक एहि पहल सं छात्रा आ महिला सभ मे सुरक्षाक भावना मजबूत होएबाक आशाअछि। अधिकारी सभ बतौलनि जे अभियानके आगू आरो प्रभावी बनाओल जाएत तथा आवश्यकताक अनुसार पुलिस दीदी सभक संख्या आ संसाधन मे सेहो वृद्धि कएल जाएत।

## डीएम हेलमेट, ड्राइविंग लाइसेंस आ ट्रिपल लोडिंगक जांचक देलनि निर्देश

# सड़क सुरक्षा लए 30 दिन धरि चलत विशेष वाहन जांच अभियान : डीएम

## एनएच-107क सर्विस रोड शीघ्र पूरा करेबा पर जोर

सहरसा,समदिया

जिला पदाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे शुक्र दिन कार्यालय प्रकोष्ठ मे जिला सड़क सुरक्षासमिति आ जिला स्तरीय राष्ट्रीय राजमार्ग टास्क फोर्सक बैठक भेल। बैठक मे सड़क सुरक्षा,यातायात व्यवस्था, सड़क निर्माण आ मरम्मत, अतिक्रमण हटेनाइ तथा वाहन चालक सभक प्रशिक्षण सहित विभिन्न बिंदु सभक समीक्षा कएल गेल। डीएम परिवहन विभाग आ पुलिसक संयुक्त टीमके लगातार 30 दिन धरि विशेष वाहन जांच अभियान चलाबय केर निर्देश देलनि। अभियान 30 सितंबर 2026 धरि चलत। एहि दौरान विशेष रूप सं ट्रिपल लोडिंग,



दुपहिया वाहन मे हेलमेटक उपयोग आ ड्राइविंग लाइसेंसक जांच कएलजाएत। नियमक उल्लंघन कएनिहार सभ पर नियमानुसार कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। शहरी यातायात व्यवस्था नीक करबाक लए नगर निगम क्षेत्र मे ऑटो आ ई-रिक्शाक व्यवस्थित संचालन हेतु ऑटो स्टैंडक निर्माण कराबय केर निर्देश नगर आयुक्तके देल गेल। ओतहि प्रखंडमुख्यालय सभ मे ऑटो चालक आ अन्य वाहन चालक सभक लए रिफ्रेशर प्रशिक्षण आयोजित करबाक लेल कहल गेल।बैठक मे एनएच, पथ निर्माण विभाग आ ग्रामीण कार्य विभागक सड़क सभक मरम्मत तथा लंबित परियोजना सभके शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देल गेल। एनएच-107 केर चैनपुर, हनुमानमंदिरक लग, सरबाढ़ा आ बैद्यनाथपुर सर्विस रोडक निर्माण शीघ्र पूरा कराबय पर विशेष जोर देल गेल।राष्ट्रीय राजमार्ग सभ सं अतिक्रमण हटाबय लए सदर आ सिमरी बख्तियारपुर एसडीओके आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। एनएच-107 आ 327ई तथा पथ निर्माण विभाग सं संबंधित मामिला मे एनओसी प्रक्रियाके त्वरित बनेबाक लए नोडल पदाधिकारी नामित करबाक लेल कहल गेल। बैठक मे डीडीसी, नगर आयुक्त, डीटीओ, दूनू एसडीओ, संबंधित विभागक कार्यपालक अभियंता, सिविल सर्जन, अंचलाधिकारी आ थाना प्रभारी उपस्थित छलाह। डीएम सभ विभागके समन्वयक संग सड़क सुरक्षाके सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक निर्देश देलनि।

# डीडीसी श्वेता भारती सभ अधिकारीके शीघ्र लंबित लक्ष्य सभ पूरा करबाक निर्देश देलनि

## जनता दरबार मे डीएम सुनलनि फरियाद, कतेको मामिलाक भेल निष्पादन

दरभंगा,समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे शुक्र दिन कार्यालय कक्ष मे जनता दरबार कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि मे जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सभ सं ऑनलाइन आ ऑफलाइन माध्यम सं पहुंचल परिवादी सभ अपन समस्या राखलनि। डीएम सभ परिवादीक समस्या गंभीरता, संवेदनशीलता आ धैर्यपूर्वक सुनलनि तथा कतेको मामिलाक मौके पर त्वरितनिष्पादन कएलनि। शेष आवेदन सभके संबंधित विभागीय पदाधिकारी सभके अग्रसारित करैत शीघ्र जांच कए प्रतिवेदन उपलब्ध कराबय केर निर्देश देल गेल। डीएम कतेको मामिला मे स्वयं अधिकारी सभ सं दूरभाष पर बात कए आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ अधिकारी



सभके निर्देश देलनि जे जनता दरबार मे प्राप्त शिकायतक सर्वोच्च प्राथमिकताक आधार पर समयबद्ध आ प्रभावी समाधान सुनिश्चित करथि। कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। समाधान भेला पर परिवादी सभके मोबाइलक माध्यम सं सेहो एकर सूचना देबाक लेल कहल गेल।जिलाधिकारी कहलनि जे राज्य सरकारक प्राथमिकता आम जनताक समस्या सभक समयबद्ध,प्रभावी आ पारदर्शी समाधान करब अछि। ओ सभ विभागीय पदाधिकारीके शिकायतक निष्पक्षजांच कए त्वरित कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं प्रशासनक प्रति आम लोकक विश्वास आरो मजबूत भए सकय।

» शिकायतक त्वरित आ पारदर्शी समाधानक अधिकारी सभके देलनि निर्देश

# बोकारो सेक्टर-12इ मे क्वार्टरक हिस्सा ढहल, 6 फ्लैट खसल

**बोकारो,समदिया**

बोकारो स्टील सिटी केर सेक्टर-12ई मे शुक्र दिन भोर एकटा आवासीय क्वार्टरक हिस्सा ढहि गेल। एहि घटना मे एकटा ब्लॉकक 6 फ्लैट अनचोके खसि गेल। तेज आवाजक संग भवनक हिस्सा जमींदोज होइतहि इलाका मे अफरा-तफरी मचि गेल आ आसपासक लोक घर सं बाहर निकलि अयलाह। राहतिक बात ई रहल जे एहि दुर्घटना मे ककरो हताहत होयबाक सूचना नहि अछि। मुदा घटनाक समय एकटा बुजुर्ग व्यक्ति भवन मे मौजूद छलाह। भवनक हिस्सा खसलाक बाद दमकल विभागक मदत सं हुनका सुरक्षित बाहर निकालल गेल। दमकलक गाड़ीक सहारा सं बुजुर्ग कें नीचा उतारल गेल। अधिकारी सभ घटनास्थलक जायजा लेलनि घटनाक सूचना भेटितहि पुलिस,

## बीएसएल खाली करबाक देने छल नोटिस



दमकल विभाग आ बोकारो स्टील लिमिटेड (बीएसएल)क टीम घटनास्थल पर पहुंचल। अधिकारी सभ घटनास्थलक जायजा लेलनि आ मलबाक जांच कएलनि। फिलहाल मलवा मे दोसर कोनो व्यक्तिक दबायल होयबाक सूचना नहि अछि। स्थानीय लोकक अनुसार, ढहल क्वार्टर बाहर सं सही स्थिति मे देखाइ दैत छल आ हालहि मे एकर मरम्मत सेहो कराओल गेल छल। भवनक हिस्सा अनचोके

### » बुजुर्ग कें दमकल टीम बचौलक

खसला सं पुरान क्वार्टरक सुरक्षा कें लए लोक मे चिंता बढ़ि गेल अछि। ओतहि बोकारो स्टील लिमिटेड (बीएसएल)क कम्युनिकेशन ऑफिसर मणिकांत धान कहलनि- सेक्टर 12ईक एकटा ब्लॉकक एकटा हिस्सा ढहबाक घटना सामने आएल अछि। घटना मे कोनो हताहत नहि भेल अछि। प्रभावित ब्लॉक मे तीनटा क्वार्टर खाली छल, जखनकि तीनटा क्वार्टर मे लाइसेंसधारी रहि रहल छलाह। ओहि ब्लॉक मे पहिने जुलाई 2026 मे सीढ़ी खसबाक घटना भेल छल। तकर बाद नगर प्रशासन ब्लॉक कें असुरक्षित घोषित करैत तीनू लाइसेंसधारी कें सुरक्षित क्षेत्र मे वैकल्पिक आवास चुनि ओतय स्थानांतरितहोयबाक सुविधा देलक छल। ओ कहलनि- एकर पालन करैत तीन मे सं एकटा लाइसेंसधारी किछु दिन पहिने वैकल्पिक आवास चुनि ब्लॉक खाली सेहो कए देने छलाह, जखनकि बाकी दू गोटे बेर-बेर नोटिस देबाक बावजूद आवास खाली नहि कएलनि। मणिकांत धान बतौलनि जे आवासधारीक सुरक्षा कें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत बीएसएल प्रबंधन द्वारा एकटा समग्र सुरक्षा पहल अंतर्गत प्रभावित सभ आवासीय ब्लॉक आ क्वार्टरक चरणबद्ध स्ट्रक्चरल ऑडिट एनबीसीसीक माध्यम सं राष्ट्रीय प्रौद्योगिकी संस्थान, पटना केर विशेषज्ञक द्वारा कराओल जारहल अछि। बीएसएलक एहि पहलाक बावजूद आवासधारी असुरक्षित आवास सं हटबा लेल मना करैत रहल छथि। आइक घटना एहि स्थितिक गंभीरता कें फेर सं स्पष्ट कए देने अछि।

# जवानक कलाइ पर छात्रा सभ बान्हलनि रक्षा सूत्र, सैनिकक संग मनौलनि रक्षाबंधन



**जमशेदपुर,समदिया**

एनएमएल केरला पब्लिक स्कूल, जमशेदपुर मे बृहस्पति दिन देशक रक्षा मे तैनात वीर जवानक संग रक्षाबंधनक पर्व देशभक्ति आ उत्साहक संग मनाओल गेल। समारोह मे भारतीय सेनाक 220 रेजिमेंटक जवान आ एनसीसीक 37 बटालियनक जवान शामिल भेलाह। कार्यक्रमक शुरुआत दीप प्रज्वलन आ स्वागत गीतक संग भेल। विद्यालयक छात्रा सभ सैनिक भाइ सभक कलाई पर रक्षा सूत्र बांधि हुनकर सुरक्षित आ स्वस्थ जीवनक कामना कएलनि। एहि दौरान छात्र-छात्रा सभ सांस्कृतिक कार्यक्रम, नृत्य आ देशभक्ति गीत प्रस्तुत कए वातावरण कें देशभक्ति सं भरि देलनि।विद्यालयक उपप्राचार्या मंदीप कौर कहलनि जे रक्षाबंधन मात्र भाई-बहिनक संबंधक पर्व नहि, बल्कि रक्षाक संकल्पक प्रतीक सेहो अछि। देशक जवान हमर सभक सच्चा रक्षक छथि। एहन आयोजन सं बच्चा सभ मे देशभक्ति आ जवानक प्रति सम्मानक भावना विकसित होइत अछि। ओतहि उपप्राचार्या गुनगुन मल्होत्रा कहलनि जे विद्यालयक बच्चा सभ कें देशक वीर जवान सं भेंट करबाक आ हुनकर सम्मान करबाक अवसर भेटब गर्वक बात अछि। ई अनुभव बच्चा सभ लेल सदिखन प्रेरणादायक रहत। सैन्य अधिकारी सभ विद्यालय परिवारक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे एहि तरहक आयोजन सैनिकक मनोबल बढ़बैत अछि। कार्यक्रमक समापन राष्ट्रगानक संग भेल। मौके पर शिक्षक-शिक्षिका, एनसीसी कैडेट्स आ पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह।

# गिरिडीह मे साओन पूर्णिमा पर उमड़ल भीड़, श्रद्धालु बराकर नदी सं जल उठौलनि

**गिरिडीह,समदिया**

साओन पूर्णिमाक अवसर पर दुखिया महादेव मंदिर मे आस्थाक सैलाब उमड़ि पड़ल। बृहस्पति दिन जिलाक विभिन्न इलाका सं हजारोक संख्या मे पुरुष, महिला, युवक आ युवती जलाभिषेक यात्रा मे शामिल भेलाह। शुक्र दिन भोर उदनाबाद स्थित प्रसिद्ध दुखिया महादेव मंदिर मे श्रद्धालु सभ लंबा कतार मे लागि भगवान भोलेनाथक जलाभिषेक कएलनि। एहि अवसर पर मंदिर मे बहुत भीड़ देखल गेल आ चारू दिसहर-हर महादेवक जयघोष गूंजैत रहल। भक्ति गीत पर झूमैत रहलाह श्रद्धालु जलाभिषेक यात्रा मे शामिल होयबाक लेल बृहस्पति दिन सांझ श्रद्धालु शहरक पैघ चौक पर एकत्रित भेलाह। एतय हुनकर स्वागत आ सेवा लेल विशेष शिविर लगाओल गेल छल, जतय पानि, शरबत, फल, खीर आ खिचड़ी सन प्रसादक

## दुखिया महादेव मंदिर मे कएलनि जलाभिषेक



व्यवस्था कएल गेल छल। पैघ चौक पर श्रद्धालुक पहुंचला सं पूरा इलाका भक्तिमय भए गेल। भजन-कीर्तन आ भगवान शिवक भक्ति गीत पर श्रद्धालु झूमैत रहलाह। तकर बाद श्रद्धालुक जत्था बस, ट्रक आ दोसर वाहन सं बराकर नदी लेल विदा भेल, जतय ओ सभ विधि-विधान सं पवित्र जल भरलनि। श्रद्धालु मे खासा उत्साह देखल गेल बराकर नदी सं जल लए श्रद्धालु 'हर-हर महादेव' आ 'बोल बम'क जयघोष करैत उदनाबाद स्थितप्रसिद्ध दुखिया महादेव मंदिर दिस पैदल बढ़लाह। पैदल यात्राक दौरान पूरा मार्ग मे जगह-जगह सेवा शिविर लगाओल गेल छल। कतेको स्थान पर स्थानीय लोक आ सामाजिक संगठन सेहो श्रद्धालुक सेवा कएलनि। उदनाबाद पहुंचलाक बाद श्रद्धालु दुखिया महादेव मंदिर मे भगवान भोलेनाथक जलाभिषेक कएलनि आ विधिवत पूजा-अर्चना कएलनि। श्रद्धालु अपन परिवारक सुख-शांति, समृद्धि आ खुशहालीक कामना कएलनि। पूर्णिमाक एहि धार्मिक आयोजन कें लए श्रद्धालु मे खासा उत्साह देखल गेल, जाहि सं बराकर नदी सं लए उदनाबाद धरि पूरा मार्ग दिनभरि भक्तिमय बनल रहल।

# जिला साउंड एसोसिएशनक छठम अधिवेशनक तैयारी तेज, 30 सदस्यीय समितिक गठन

**गिरिडीह,समदिया**

गिरिडीह जिला साउंड एसोसिएशनक छठम जिला अधिवेशनक तैयारी कें लए बरमसिया स्थित पार्क मे बैठक आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता एसोसिएशनक अध्यक्ष कमल शर्मा कएलनि। अधिवेशन कें सफल बनेबाक लेल 21 बिंदु पर चर्चा कए ओकरा कलमबद्ध कएल गेल। संगहि कार्यक्रमक नीक संचालन लेल 30 सदस्यीय कार्यक्रम समितिक गठन कएल गेल। बैठक मे अधिवेशनक व्यवस्था, अतिथिक स्वागत, प्रदर्शनी आ भीड़ प्रबंधन सहित विभिन्न बिंदु पर चर्चा भेल। कमल शर्मा कहलनि जे पछिला अधिवेशन मे जे कमी रहि गेल छल, ओकर पुनरावृत्ति कोनो हालत मे नहि होमय देल जायत। अधिवेशनक सभ व्यवस्था पर गंभीरता सं निगरानी राखल जायत, जाहि सं कार्यक्रम व्यवस्थित आ सफल तरहे संपन्न



भए सकय। संयोजक अजय शिवानी कहलनि जे अधिवेशन मे प्रदर्शनी लगेनिहार लोक कें विशेष सुविधा उपलब्ध करयबाक ध्यान राखल जायत। मुदा संगठनक नियमक पालन सभक लेल अनिवार्य होयत। जिलाध्यक्ष रामजी प्रसाद यादव कहलनि जे पछिला अधिवेशन मे छह हजार सं बेसी लोक शामिल भेल छलाह। एहि बेर सेहो पैघ संख्या मे लोकक पहुंचबाक संभावना अछि। एकरा देखैत व्यापक स्तर पर तैयारीकरबाक जरूरत अछि। ओ कहलनि जे अलग-अलग राज्य आ जिला सं आबि रहल लोकक सम्मान आ सुविधाक विशेष ध्यान राखल जायत। मौके पर संयोजक अजय शिवानी, सचिव जगदीश दास, उपाध्यक्ष इरफान अंसारी, कोषाध्यक्ष सुरेश सिंह, संजय सिंह, टेकलाल पंडित, रवि राम, मुन्ना दास, सूरज साहा, संजय ठाकुर, राजेंद्र तांती, दिलीप तांती, लखन चौधरी, गणेश दास, छोटन राम, विजय राम, ख्याली दास, बिनोद साजिद, रंजीत आ अमित कुमार सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

# खान एवं खनिज संशोधन विधेयकक विरोध मे कांग्रेसक धरना

**हजारीबाग,समदिया**

खान एवं खनिज संशोधन विधेयक 2026 तथा श्रीराम जन्मभूमि मंदिर सं संबंधित चंदा आ वित्तीय पारदर्शिताक मुद्दा कें लए कांग्रेस जिला कमेटी उपायुक्त कार्यालयक समक्ष एकदिवसीय धरना- प्रदर्शन कएलक। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाध्यक्ष जय प्रकाश भाई पटेल कएलनि। कार्यक्रमक शुरुआत संविधान निर्माता डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमा पर माल्यार्पण कए कएल गेल। धरना-प्रदर्शनक बाद कांग्रेस नेता सभ राष्ट्रपति कें नाम उपायुक्तक माध्यम सं ज्ञापन सौंपलनि। प्रदेश महासचिव सह जिला प्रभारी राजीव रंजन प्रसाद कहलनि जे खान एवं खनिज संशोधन विधेयक 2026 संघीय ढांचा पर प्रहार कएनिहार अछि। ओ आरोप लगौलनि जे एकर माध्यम सं झारखंड सनखनिज

## केंद्र पर झारखंडक अधिकार छीनबाक आरोप




संपदा सं समृद्ध राज्य कें ओकर अधिकार सं वंचित करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे झारखंड मे करीब 15 लाख एकड़ भूमि मे कोयला आ लौह अयस्कक खनन होइत अछि।एकर कारण विस्थापन, पर्यावरण प्रदूषण आ स्वास्थ्य सं संबंधित समस्याक सामना लोक कें करए पड़ैत अछि। एहन स्थिति मे खनिज संसाधन सं भेटनिहार राजस्व राज्यक विकास लेल महत्वपूर्ण अछि। जिलाध्यक्ष जय प्रकाश भाई पटेल श्रीराम जन्मभूमि मंदिर सं संबंधित चंदा आ वित्तीय पारदर्शिताक मुद्दा सेहो उठौलनि। ओ कहलनि जे देशभरिक करोड़ो श्रद्धालु आस्था आ विश्वासक संग राम मंदिर निर्माण लेल योगदान देने छथि। एहन स्थिति मे मंदिर निर्माण आ एकरा सं संबंधित चंदाक प्रत्येक पहलू मे पारदर्शिता, जवाबदेही आ सार्वजनिक विश्वास सुनिश्चित कएल जेबाक चाही। कार्यक्रमक बाद कांग्रेस नेता सभ राष्ट्रपति कें नाम जिला उपायुक्तक माध्यम सं ज्ञापन सौंपलनि। धरना- प्रदर्शन मे राष्ट्रीय सचिव अंबा प्रसाद, पूर्व मंत्री योगेंद्र साव, पूर्व विधायक उमाशंकर एकसर, उपाध्यक्ष भीम कुमार, सुरजीत नागवाला, मुन्ना सिंह, अरुण साहू, प्रदेश कोऑर्डिनेटर बिनोद कुशवाहा, प्रदेश सचिव रेणु कुशवाहा, नवीन कुमार, डॉ. प्रकाश कुमार, सजीद अली खान, साकेत, सौरव, विजय कुमार यादव, आबिद अंसारी, सलीम रजा, दिगंबर मेहता, रजी अहमद, बिनोद सिंह, निसार खान सहित विभिन्न प्रकोष्ठक पदाधिकारी आ कार्यकर्ता शामिल भेलाह। धन्यवाद ज्ञापन उपाध्यक्ष मकसूद आलम कएलनि। कांग्रेसक राष्ट्रीय सचिव एवं पूर्व विधायक अंबा प्रसाद खान एवं खनिज संशोधन विधेयक 2026 कें झारखंडक अधिकार पर सीधा हमला बतौलनि। ओ कहलनि जे सुप्रीम कोर्ट राज्य कें खनिज पर उपकर लगा स्थानीय विकास करबाक अधिकार देने छल। केंद्र सरकार झारखंडक कोयला, लौह अयस्क आ अभ्रक सं होमय बला आय पर कब्जा करबाक प्रयास कए रहल अछि। अंबा प्रसाद कहलनि जे केंद्र पर झारखंडक 1.36 लाख करोड़ रुपैया बकाया अछि। खनिज सेस पर रोक लगला सं जनकल्याणकारी योजना प्रभावित होयत आ करीब 3.5 करोड़ आदिवासी-मूलवासी आर्थिक संकट मे पड़ि सकैत छथि। ओ आरोप लगौलनि जे केंद्र सरकार अडानी, अंबानी, एनटीपीसी, सीसीएल आ बीसीसीएल सन पैघ कंपनी कें लाभ पहुंचेबाक लेल झारखंडक संसाधन पर नजरि रखने अछि। ओ कहलनि जे कांग्रेस झारखंडक अधिकारक लड़ाइ सड़क सं सदन धरि जारी रखत।

# बाबा बैद्यनाथ धाम मे साओन पूर्णिमा पर उमड़ल भक्तक भीड़, प्रशासन संभारलक व्यवस्था



**देवघर,समदिया**

देवघर स्थित विश्वप्रसिद्ध बाबा बैद्यनाथ धाम मे साओन पूर्णिमा आ रक्षाबंधनक अवसर परशुक्र दिन भारी संख्या मे श्रद्धालु पहुंचलाह। बाबा मंदिर मे जलार्पण लेल भोरसंए कांवरिया आ दोसरभक्तक लंबा कतार देखल गेल, जे करीब 1 सं 2 किलोमीटर धरि पसरल छल। सुल्तानगंज सं करीब 105किलोमीटरक पैदल यात्रा कए कांवरिया बाबा बैद्यनाथ धाम पहुंचल छथि। श्रद्धालु कतारबद्ध भए बाबाभोलेनाथक जलाभिषेक आ पूजा-अर्चना कए रहल छथि।प्रशासन श्रद्धालुक सुविधा सुनिश्चित करबा मे जुटल भीड़ कें नियंत्रित करबाक आ सुगम दर्शन सुनिश्चित करबाक लेल श्रद्धालु कें क्यू कॉम्प्लेक्स आ फुटओवर ब्रिजक रास्ता बाबा मंदिर दिस पठाओल जा रहल अछि। मेला क्षेत्र मे बढ़ैत भीड़ कें देखैत जिला प्रशासनक टीम लगातार व्यवस्था बनौने रखबाक आ श्रद्धालुक सुविधा सुनिश्चित करबा मे जुटल अछि। ओतहि रक्षाबंधनक कारण महिला श्रद्धालुक संख्या सेहो बहुत बेसी रहल। पैघ संख्या मे महिला बाबाबैद्यनाथक पूजा-अर्चना आ जलार्पण लेल पहुंचलाह।

# राजधानी मे स्वाइन फ्लूक प्रवेश, रिम्स आ निजी लैबक जांच मे एखन धरि 24 संक्रमित

**रांची,समदिया**

झारखंड मे स्वाइन फ्लू (एच1एन1) दस्तक दए देने अछि। राजधानी रांची मे लगातार एकर नव रोगी सामने आबि रहल छथि। रिम्सक माइक्रोबायोलॉजी विभाग मे राज्यक विभिन्न हिस्सा सं आएल 11 संदिग्ध रोगीक सैंपलक जांच कएल गेल, जाहि मे 8 मे स्वाइन फ्लूक पुष्टि भेल अछि। एहि मे माइक्रोबायोलॉजी विभागक प्रभारी विभागाध्यक्ष डॉ. अशोक कुमार शर्मा सेहो संक्रमित पाओल गेल छथि।ओतहि राजधानीक निजी लैब मे सेहो प्रतिदिन एक-दू नव रोगी मे स्वाइन फ्लूक पुष्टि भए रहल अछि। माइक्रो प्रैक्सिस लैब मे पछिला 10 दिन मे 16 लोक स्वाइन फ्लू सं



संक्रमित पाओल गेल छथि। शहरक दोसर पैघ निजी लैब मे सेहो प्रतिदिन एक सं दू नव संक्रमित रोगी सामने आबि रहल छथि। रिम्स आनिजी लैबक जांच कें मिला कए एखन धरि 24 लोक मे संक्रमणक पुष्टि भेल अछि। जिनका मे स्वाइन फ्लूक पुष्टि भेल अछि, हुनका मे अधिकांश हालहि मे दोसर राज्य वा शहरक यात्रा कए वापस आएल छथि। घर आएलाक बाद हुनका तेज बोखार, गला मे दर्द, सर्दी आ खांसीक शिकायत शुरूभेल। डॉक्टरक सलाह पर जांच करौलाक बाद संक्रमणक पुष्टि भेल।रोगीक बढ़ैत संख्या कें देखैत स्वास्थ्य विभाग सेहो अलर्ट मोड मे अछि। राज्यक सभ जिलाक सिविल सर्जन कें स्वाइन फ्लूक बढ़ैत संक्रमण कें देखैत सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल अछि। आईसीएमआर सेहो संक्रमण कें लए लोक कें सावधान कएलक अछि। आईसीएमआरक महानिदेशक राजीव बहलक अनुसार, स्वाइन फ्लू सं मृत्यु दर बहुत कम अछि, मुदा संक्रमण सं बचाव लेल सावधानी जरूरी अछि।स्वाइन फ्लू एच1एन1 वायरस सं होमय बला संक्रमण अछि। ई संक्रमित व्यक्तिक सांस, खांस वा छींक सं निकलनिहार बूंदक संपर्क मे एला सं पसरि सकैत अछि। तेज बोखार, खांसी, गला मे खराश, सांस लेबा मेपरेशानी आ शरीर मे दर्द सन लक्षण देखाइ देला पर तत्काल चिकित्सकीय सलाह लेबाक चाही।भीड़भाड़ बला स्थान पर जाए सं बचू आ जरूरत पड़ला पर मास्कक उपयोग करू। हाथक नियमित सफाइ राखू। कोरोना काल मे संक्रमण सं बचाव लेल अपनाओल गेल सावधानी कें फेर सं अमल मे अनबाक जरूरत अछि। डॉ. पूजा सहाय, माइक्रोबायोलॉजिस्ट कहलनि जे स्वाइन फ्लू कें लए घबराएबाक जरूरत नहि अछि, मुदा लापरवाही सेहो नहि करबाक चाही। कोरोना काल मे अपनाओल गेल सावधानीक पालन करबाक चाही।सामान्य रूप सं स्वाइन फ्लू तीन सं पांच दिन मे सामान्य दवाइ आ बचाव सं ठीक भए जाइत अछि। मुदा जं बोखार लगातार बनल रहय वा शरीरक तापमान 104-105 डिग्री धरि पहुंचि जाए आ गला मे तेजदर्द होय, तं तत्काल डॉक्टर सं सलाह लेबाक चाही।डॉ. अशोक कुमार शर्मा, प्रभारी विभागाध्यक्ष, माइक्रोबायोलॉजी विभाग, रिम्स।

# पेयजल परिसंपत्तिक सुरक्षाक लेल टास्क फोर्स गठित

## जल जीवन मिशनक प्रगतिक भेल समीक्षा

**लोहरदगा,समदिया**

उपायुक्त संदीप कुमार मीना केर अध्यक्षता मे पेयजल एवं स्वच्छता प्रमंडलक जिला स्तरीय कंसल्टेशन समितिक बैठक भेल। समाहरणालय सभाकक्ष मे जल जीवन मिशन, स्वच्छ भारत मिशन आपेयजलापूर्ति योजनाक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। बैठक मे 1 आ 2 सितंबर 2026 कें नव दिल्ली मे जल जीवन मिशनक अंतर्गत प्रस्तावित समिट कें लएजिलाक तैयारी पर चर्चा भेल। उपायुक्त मल्टी विलेज, सिंगल विलेज आ क्लस्टर स्कीम कें निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करबाक निर्देश देलनि। पूर्ण योजनाक लेल समिति गठित कए वी डब्ल्यू एस सी कें हैंडओवर करबाक, हर घर जल नलक सर्टिफिकेशन पूरा करबाक आ लाभुक सं समय पर जल कर संग्रह सुनिश्चित करबाक कहलनि। जलस्रोतक रिचार्ज आ जल संरक्षण लेल बीबी ग्राम जीक माध्यम सं योजना लेबाक निर्णय कएल गेल।पेयजलापूर्ति परिसंपत्तिक सुरक्षा लेल जिला स्तर पर टास्क फोर्स गठित करबाक निर्देश देल गेल। टास्क फोर्स निरीक्षण करत। चोरी वा क्षतिक स्थिति मे कारबाइ सुनिश्चित कएल जायत। डिस्ट्रिक्ट टेक्निकलयूनिट कें सक्रिय करबाक निर्देश सेहो देल गेल। सभ पेयजल योजना मे समिति गठन, संचालन आ शुल्क संधारण लेल बैंक खाता खोलबाक तथा नियमितशुल्क संग्रहक निर्देश देल गेल। नल जल मित्रक बीच काजक स्पष्ट बंटवारा करबाक आ ग्रामीणक संग समन्वय बढ़ेबाक पर जोर देल गेल। जलसहिया कें उपस्थिति आधार पर मानदेय भुगतान सुनिश्चित करबाक कहल गेल।

# बोकारो मे पारंपरिक उल्लासक संग मनाओल गेल राखी

**बोकारो,समदिया**

पावनि-तिहार रिश्ताक डोर कें मजबूती प्रदान करैत अछि। भाइ-बहिनक शाश्वत प्रेमक प्रतीक पावनि रक्षाबंधन बोकारो आ आसपासक क्षेत्र मे पारंपरिक उल्लासक संग मनाओल गेल। बहिन सभ सजि- धजि कए आरतीक थारी लए भाइक आरती उतारलनि। राखी बांधलनि, मिठाई खुओलनि आ उपहार सेहोलेलनि।बहिन सभ कतेको दिनसं एकर तैयारी मे लागल छलीह। जिनकर भाइ पास छलाह, हुनकर खुशीक त ठेकाने नहि छल। जिनकर भाइ दूर छलाह, ओ बहिन सभ ब्लैंकेट, कूरियर आ पोस्टक माध्यमसं राखी पठौलनि। ओतहि कतेको बहिन हाईटेक जमाना क लाभ उठबैत ऑनलाइन राखी आ मिठाई सेहो पठौलनि।

# सीपीआईक केंद्र सरकारक विरुद्ध 1 सितंबर कें होयत रैली

## सफलता लेल जनसंपर्क अभियान अंतिम चरण मे, नीतिक कएल गेल आलोचना

**शेखपुरा, समदिया**



शेखपुरा मे केंद्र सरकारक जनविरोधी नीति आ बढ़ैत महंगाईक विरुद्ध भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (सीपीआई) द्वारा 1 सितंबर कें दिल्ली मे आयोजित विशाल रैलीक सफलता सुनिश्चित करबाक लेल जनसंपर्क अभियान आखरी चरण मे पहुंचि गेल अछि।

एहि क्रम मे शुक्र दिन जिलाक अरियरी प्रखंडक ऐफनी गांव मे रैलीक तैयारी कें लए एकटा ग्रामसभा आयोजित कएल गेल।

सभा कें संबोधित करैत सीपीआईक जिला सचिव प्रभात कुमार पांडेय कहलनि जे केंद्रक एनडीए सरकार लगातार जनविरोधी काज कए रहल अछि, जाहि सं आम जनता प्रभावित भए रहल अछि। ओ कहलनि जे पार्टी ह्यबदलाव जरूरी अछिह्नक नारा देने अछि। पांडेय बतौलनि जे शेखपुरा सं पैघ संख्या मे सीपीआईक नेता आ कार्यकर्ता 29 सितंबरक राति रेलमार्ग सं दिल्ली लेल प्रस्थान करताह। ओ सभ हाथ मे लाल झंडा आ डंडा लए रैली मे शामिल हेताह।

### उर्वरकक कीमत मे बढ़ोतरीक आरोप

जिला सचिव केंद्र सरकार पर पेट्रोलियम उत्पाद, खाद्य पदार्थ आ किसानक लेल उर्वरकक कीमत मे बढ़ोतरी करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे ई दर्शबैत अछि जे भाजपा सरकार जनविरोधी अछि।

उदाहरण दैत ओ बतौलनि जे 50 किलोग्राम यूरियाक बोरा, जकर कीमत 265 रुपैया छल, आब 45 किलोग्रामक बोरा 350 सं 400 रुपैया मे खुलेआम बिकि रहल अछि। ओही तरहे फॉस्फेट आ डीएपी खादक कीमत मे सेहो मनमाना बढ़ोतरी भेल अछि।

ओ आगू कहलनि जे पेट्रोलियम पदार्थक दर मे बेतहाशा बढ़ोतरी भेल अछि। चीनी, जे पहिने बाजार मे 40-42 रुपैया प्रति किलोग्राम बिकैत छल, आब 80 रुपैया धरि पहुंचि गेल अछि। पांडेय दावा कएलनि जे देशक जनता भाजपा सरकारक नीति सं आब पूरा तरहे परेशान भए चुकल अछि। ओ कहलनि, एहि लेल हमर पार्टी नारा देने अछि बदलाव जरूरी अछि। एकर अंतर्गत हम 1 सितंबर कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे पैघ संख्या मे लाल झंडा आ डंडा लए जुटब। 29 अगस्तक सांझे रेलमार्ग सं दिल्ली लेल प्रस्थान करब।

मौके पर भाकपाक जिला सचिव कहलनि जे ऐफनी गांवक सात आ आठ नंबर वार्ड मे पीएचडी द्वारा पानि आपूर्ति बिल्कुल ठप पड़ल अछि। पीएचडी विभागक इंजीनियर कें सूचित कएल गेल अछि जे एकरा शीघ्र ठीक करथि, नहि तं एतुक्का जनता आंदोलन करबा लेल बाध्य होयत। सभा कें सीपीआईक वरिष्ठ नेता चंद्रभूषण प्रसाद आ अवधेश रविदास सेहो संबोधित कएलनि।

# नालंदा मे कृषि विभाग लगायत 8 बायोगैस आ 1300 वर्मी कंपोस्ट प्लांट

- पांच साल धरि उत्पादन लेल देबय पड़त शपथ पत्र
- भेटत 50 प्रतिशत सरकारी अनुदान
- ऑनलाइन आवेदन शुरू

**नालंदा, समदिया**



नालंदा मे कृषि विभाग महंग बिजली, रसोई गैस आ रासायनिक खादक बढ़ैत खर्च सं किसान कें राहति देबाक लेल जिला मे 8 बायोगैस प्लांट आ 1300 वर्मी कंपोस्ट (केंचुआ खाद) इकाइ स्थापित करबाक लक्ष्य तय कएलक अछि।

एकरा लेल विभागक पोर्टल पर ऑनलाइन आवेदनक प्रक्रिया शुरू भए गेल अछि। सरकार किसान कें कुल लागतक आधा राशि अर्थात 50 प्रतिशत धरि अनुदानक रूप मे उपलब्ध कराओत।योजनाक अंतर्गत बिहारशरीफ आ हिलसा अनुमंडल मे तीन-तीन तथा राजगीर अनुमंडल मे दू बायोगैस प्लांट लगाओल जायत। दू घनमीटर क्षमताबला एकटा बायोगैस प्लांटक कुल निर्माण लागत 45,000 रुपैया तय कएल गेल अछि, जाहि पर विभाग 22,500 रुपैया अनुदान देत।

एहि योजनाक लाभ ओहि किसान कें देल जायत जे पशुपालन सं जुड़ल छथि आ जिनका लग प्लांट निर्माण लेल पर्याप्त अपन जमीन उपलब्ध अछि। बायोगैस सं उत्पन्न ऊर्जा सं घर मे बिजली आ एलपीजी सिलेंडरक खर्च मे सीधा कमी होयत। रासायनिक उर्वरक पर निर्भरता कम करबाक लेल जिला मे 1300 वर्मी कंपोस्ट इकाइ स्थापित कएल जा रहल अछि। ईंट, बालू आ सीमेंट सं बनेनिहार एकटा पक्का वर्मी पिटक लागत 10,000 रुपैया निर्धारित अछि, जाहि पर 5,000 रुपैया अनुदान भेटत। एकटा किसान अधिकतम तीन पिट बना कए 15,000 रुपैया धरि प्रोत्साहन राशि प्राप्त कए सकैत छथि। विभागीय मानकक अनुसार वर्मी पिटक आकार 10 फीट लंबा, 3 फीट चौड़ा आ 2.5 फीट उंचा होयबाक चाही तथा बरखा सं बचाव लेल एकर ऊपर शेड लगेनाइ अनिवार्य होयत। योजनाक लाभ लेनिहार किसान कें कम सं कम पांच वर्ष धरि केंचुआ खादक निरंतर उत्पादन करबाक शपथ पत्र देबय पड़त। कृषि विशेषज्ञक अनुसार उचित रखरखाव सं एकटा वर्मी पिट सं प्रतिवर्ष करीब 2500 किलोग्राम शुद्ध जैविक खाद तैयार होयत। एहि सं खेत मे यूरिया आ डीएपीक खपत घटत आ फसिलक लागत कम होयबाक संग उत्पादन नीक होयत।

# कैमूर कें जलजमाव सं भेटत राहति, डीएम सड़क, नाला आ पार्क निर्माणक देलनि निर्देश



**कैमूर, समदिया**

जिला समाहरणालय मे जिलाधिकारीक अध्यक्षता मे नगर परिषद भभुआक विकास योजनाक समीक्षा बैठक भेल।

एहि दौरान शहरक मूलभूत सुविधा, जलजमाव सं मुक्ति, यातायात प्रबंधन आ सौंदर्यीकरण सं जुड़ल परियोजना पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल।

जिलाधिकारी हर घर नल-जल योजना, गली-नाली पक्कीकरण आ हाउसिंग फॉर ऑलक प्रगतिक समीक्षा कएलनि। ओ पात्र लाभार्थी धरि समय पर लाभ पहुंचेबाक निर्देश देलनि।

### पार्किंग स्थल कें चिह्नित कए विकसित करबाक निर्देश

बुडको द्वारा संचालित अधूरा परियोजना पर विशेष ध्यान दैत जिलाधिकारी गुणवत्तापूर्ण नाला निर्माणक काज शीघ्र पूरा करबाक कहलनि, जाहि सं शहरवासी कें जलजमाव सं स्थायी राहति भेटि सकय।

एकर अतिरिक्त शहर कें जाममुक्त बनेबाक लेल ट्रैफिक रूट प्लान तैयार करबाक आ उपयुक्त पार्किंग स्थल कें चिह्नित कए विकसित करबाक निर्देश देल गेल।

### गुणवत्ता सं कोनो समझौता नहि होयत

पर्यावरणीय संतुलन आ सार्वजनिक सुविधाक विस्तार लेल नव पार्कक निर्माण तथा प्रमुख स्थल सभक सौंदर्यीकरणक काज मे तेजी आनबाक पर सेहो जोर देल गेल।

जिलाधिकारी सभ अधिकारी आ संवेदक कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे निर्माण काज मे गुणवत्ता सं कोनो समझौता नहि कएल जायत। ओ सभ परियोजना निर्धारित समय-सीमाक भीतर पूरा करबाक पर सेहो जोर देलनि।

# सीवान मे 'पुलिस दीदी' कें भेटल 20 स्कूटी, 10 बाइक, महिला-बालिका सुरक्षा होयत मजबूत

**सीवान, समदिया**




सीवान मे महिला आ बालिकाक सुरक्षा व्यवस्था कें आओर बेसी सुदृढ़ आ प्रभावी बनेबाक दिशा मे जिला प्रशासन एकटा महत्वपूर्ण पहल कएलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी द्वारा पुलिस व्यवस्था कें मजबूत करबाक आ महिला सुरक्षा कें प्राथमिकता देबाक उद्देश्य सं शुरू कएल गेल पुलिस दीदी (अभया ब्रिगेड) योजनाक अंतर्गत सीवान कें 20 स्कूटी आ 10 मोटरसाइकिल उपलब्ध कराओल गेल अछि।

रक्षाबंधनक अवसर पर शुक्र दिन जिला पदाधिकारी विजय प्रकाश मीना आ पुलिस अधीक्षक भारत सोनी पुलिस केंद्र, सीवान सं एहि वाहन सभ कें हरियर झंडी देखाकए विदा कएलनि।

एहि दौरान अधिकारी सभ कहलनि जे महिला पुलिसकर्मी कें उपलब्ध कराओल गेल एहि वाहन सभ सं स्कूल, कॉलेज आ सार्वजनिक स्थल धरि हुनकर पहुंच पहिनेक तुलना मे बेसी तेज आ प्रभावी होयत।

जिला पदाधिकारी विजय प्रकाश मीना कहलनि जे महिला आ बालिकाक सुरक्षा जिला प्रशासनक प्राथमिकता मे शामिल अछि। ओ कहलनि जे पुलिस दीदी योजनाक अंतर्गत उपलब्ध कराओल गेल वाहन महिला सुरक्षा सं जुड़ल पुलिस व्यवस्था कें जमीनी स्तर पर आओर मजबूत करत।

स्कूल-कॉलेज आ सार्वजनिक स्थल पर पुलिसक सक्रिय उपस्थिति बढ़त आ जरूरत पड़ला पर पुलिस सहायता सेहो कम समय मे उपलब्ध कराओल जा सकत।

ओतहि पुलिस अधीक्षक भारत सोनी कहलनि जे अभया ब्रिगेडक उद्देश्य मात्र पुलिस सहायता पहुंचेनाइ नहि, बल्कि महिला-बालिका बीच सुरक्षाक भावना कें मजबूत करब सेहो अछि।

एहि वाहन सभक माध्यम सं महिला पुलिसकर्मी नियमित रूप सं विद्यालय, महाविद्यालय आ दोसर सार्वजनिक स्थल पर पहुंचि कए सुरक्षा व्यवस्थाक निगरानी करताह तथा छात्रा आ महिला कें सुरक्षा आ जागरूकता सं संबंधित जानकारी सेहो देताह।

ओ कहलनि जे कोनो आपात स्थिति मे त्वरित पुलिस प्रतिक्रिया बहुत महत्वपूर्ण होइत अछि। एहन स्थिति मे स्कूटी आ मोटरसाइकिल उपलब्ध भेला सं पुलिसकर्मीक गतिशीलता बढ़त आ घटनास्थल धरि पहुंचबा मे लगनिहार समय कम कएल जा सकत।

अधिकारी सभक अनुसार, पुलिस दीदी अर्थात अभया ब्रिगेड कें उपलब्ध कराओल गेल ई वाहन महिला सुरक्षा, जागरूकता आ त्वरित पुलिस सहायता लेल महत्वपूर्ण संसाधन साबित होयत। खास कए स्कूल-कॉलेज जाए वाली छात्रा आ सार्वजनिक स्थल पर आबि-जाइ करय वाली महिला बीच एकरा सं सुरक्षाक भरोसा बढ़बाक आशा अछि।

# गयाजी मे 12 सितंबर कें राष्ट्रीय लोक अदालत चलान-बैंकिंग सहित दोसर मामिलाक होयत निपटारा

## कोर्ट-कचहरीक चक्कर सं भेटत राहति



**गयाजी, समदिया**


गयाजी मे 12 सितंबर कें राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल जायत। एकर मुख्य उद्देश्य बेसी सं बेसी मामिलाक निपटारा कए त्वरित न्याय उपलब्ध करेनाइ अछि। एहि संबंध मे जिला जज राकेश सिंह पीसी मे जानकारी देलनि आ पूरा प्रशासनिक खाकाक जानकारी साझा कएलनि।जिला जज राकेश सिंह कहलनि जे ओ 25 अगस्त कें पदभार ग्रहण कएलनि। योगदान देबाक दिनसंए सचिवक संग विशेष बातचीत कए आगामी लोक अदालतक रणनीति पर काज शुरू कए देल गेल छल।

ओ कहलनि जे हमर प्रयास अछि जे लोक अदालत लेल नीक सं नीक तैयारी कएल जाए। एहि सं बेसी सं बेसी मुकदमाक निपटारा संभव भए सकत।

जिला जज कहलनि जे लोक अदालतक माध्यम सं विभिन्न प्रकारक समझौतायोग्य मामिलाक समाधान कएल जायत। एहि मे आपराधिक समझौतायोग्य मामिला, लेबर लॉ, फॉरेस्ट, वेट एंड मेजरमेंट, चालान, एमएसीटी (दुर्घटना दावा), इंश्योरेंस आ बैंकिंग क्षेत्र सं जुड़ल विवाद प्रमुख अछि। एकर अतिरिक्त दोसर कतेको सुलह योग्य मामिलाक सेहो सुनवाइ होयत। एहि मामिलाक शीघ्र निपटारा भेला सं आम लोक कें कोर्ट-कचहरीक चक्कर सं राहति भेटत। जिला जज कहलनि जे तैयारी कें आखरी रूप देबाक लेल अधिकारी आ संबंधित विभागक संग लगातार बैठक कएल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे सचिव आ दोसर न्यायिक अधिकारीक संग मिलि विभिन्न संबंधित पक्ष कें दिशा-निर्देश देल गेल अछि।

## विविध

# की कोरोना जेना देशभरि मे पसरि सकैत अछि स्वाइन फ्लू? डॉक्टर सभक की कहब अछि




दिल्ली मे एच1एन1 इन्फ्लुएंजाक बढ़ैत मामिला सं लोक आ राज्य सरकारक चिंता बढ़ि गेल अछि। रिपोर्टक अनुसार 24 घंटा मे 166 नव मामिला सामने आएल अछि। एहि नव अपडेटक बाद रोगीक संख्या बढ़ि कए 2,612 भए गेल अछि। एकर अतिरिक्त इन्फ्लुएंजा-एक मामिला सेहो सामने आबि रहल अछि आ दुनूके मिलाकए कुल मामिला करीब 3,300 धरि पहुंचि गेल अछि। दिल्ली सरकार दिस सं कहल जा रहल अछि जे राज्यक लोक कें घबरेबाक जरूरत नहि अछि। सरकार आ स्वास्थ्य विभाग पूरा तरहे तैयार अछि। अस्पताल सभ मे डॉक्टर, नर्सिंग स्टाफ, लैब टेक्नीशियन, दवाइ, ऑक्सीजन, बेड आ जांचक सुविधा उपलब्ध राखल गेल अछि। एच1एन1क मामिला बढ़लाक बाद लोकक मन मे ई सवाल उठब स्वाभाविक अछि जे कतहु ई सेहो कोरोना जकां पूरा देश मे तं नहि पसरि रहल अछि। फिलहाल दुनूक तुलना करब उचित नहि होयत। एच1एन1 कोनो नव वायरस नहि अछि।

यशोदा अस्पतालक इंटरनल मेडिसिन विभागक एसोसिएट डायरेक्टर डॉ. विनय भट्ट बतौलनि जे ई इन्फ्लुएंजा वायरस अछि आ एकर मामिला समय-समय पर बढ़ैत रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे मामिला मे बढ़ोतरी कें सीधे कोरोना जकां स्थिति मानि लेब उचित नहि अछि। एच1एन1 संक्रमित व्यक्ति सं दोसर व्यक्ति धरि आसानी सं पहुंचि सकैत अछि, खास कए जखन लोक बहुत समय धरि एक-दोसराक नजदीक रहैत छथि।

भीड़भाड़ बला जगह आ बंद कमरा मे एकर संक्रमण पसरबाक आशंका बेसी रहैत अछि। एहि कारण सं एक समय मे कोनो इलाका वा शहर मे एकर मामिला बढ़ैत देखाइ द सकैत अछि।


अधिकांश लोक मे एच1एन1 फ्लू जकांए रहैत अछि आ किछु दिन आराम कएलाक बाद ठीक भए जाइत अछि। मुदा प्रत्येक रोगीक खतरा एक समान नहि होइत अछि। बुजुर्ग, छोट बच्चा, गर्भवती महिला आ पहिने सं अस्थमा, सीओपीडी वा दोसर गंभीर बेमारी सं पीड़ित रोगी मे संक्रमण बेसी गंभीर भए सकैत अछि। एहन रोगी मे फेफड़ा सं संक्रमण पहुंचबाक आ निमोनिया होबाक खतरा रहैत अछि।

जं बोखार लगातार बनल अछि, खांसी बढ़ि रहल अछि वा रोगी कें सांस लेबा मे परेशानी भए रहल अछि, तं एकरा सामान्य फ्लू बुझि कए घर मे प्रतीक्षा नहि करबाक चाही। सांस फूलब, छाती मे दर्द वा ऑक्सीजनक स्तर गिरब खास रूप सं चिंताक संकेत अछि।

एच1एन1सं बचाव मे फ्लू टीकाकरण सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि, खास कए बुजुर्ग, गर्भवती महिला आ पहिने सं कोनो गंभीर बेमारी सं जूझि रहल उच्च खतरा बला रोगी लेल। समय पर टीकाकरण संक्रमण कें गंभीर होयबाक आ एकरा सं जुड़ल जटिलताक खतरा कम करबा मे सहायता कए सकैत अछि। उच्च खतरा बला रोगी मे अस्पताल मे भर्ती होबाक संभावना सेहो कम भए सकैत अछि।

फिलहाल एच1एन1सं बचबाक लेल बहुत अलग किछु करबाक जरूरत नहि अछि। बेमार छी तं किछु दिन घर मे रहू आ दोसरक संपर्क मे आबि सं बचू। खांसैत वा छींकैत समय मुंह ढांकू आ हाथ साफ राखू। खास कए घर मे बुजुर्ग वा कोनो गंभीर बेमारी सं जूझि रहल व्यक्ति छथि, तं हुनका लग जाइत समय बेसी सावधानी राखू।

# दिनभरि कुर्सी पर बैसल रहब हृदय लेल बनि सकैत अछि खतरा, बुझू स्वास्थ्य पर कोना पड़ैत अछि असरि



आजुक समय मे बहुत काल धरि एक्के ठाम बैसि कए काज करबाक आदति बढ़ैत जा रहल अछि। काज शुरू केलाक बाद कतेको लोक लगातार घंटो बीति गेलाक बादो कुर्सी सं उठैत नहि छथि। बीच मे भोजन, चाय आ फोन सन काज सेहो अक्सर बैसल-बैसलए कएल जाइत अछि। बाहर सं देखला पर ई दिनचर्या आरामदायक लागि सकैत अछि, मुदा शरीर लेल लगातार कम सक्रिय रहब नीक नहि अछि। कतेको वैज्ञानिक शोध मे बहुत देर धरि बैसल रहबाक आ हृदय सं जुड़ल बेमारीक बीच संबंध पाओल गेल अछि।

जखन हम बहुत देर धरि बैसल रहैत छी, तं हमर शरीर बहुत कम काज करैत अछि। पैर आ शरीरक दोसर मांसपेशी सेहो बेसी सक्रिय नहि रहैत अछि। एहन स्थिति मे शरीर जतेक ऊर्जा चलला-फिरला के दौरान खर्च करैत अछि, ओतेक बैसल रहला पर नहि करैत अछि। जं ई आदति रोज बनल रहय तं वजन बढ़ि सकैत अछि, रक्तचापक स्तर बढ़ि सकैत अछि आ रक्त शर्करा कें नियंत्रित करब सेहो कठिन भए सकैत अछि। ई सभ चीज दीर्घकाल मे हृदय रोगक खतरा बढ़ा सकैत अछि।

विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ) सेहो लोक कें बहुत देर धरि बैसल रहबाक समय कम करबाक आ दिनभरि बेसी सक्रिय रहबाक सलाह देने अछि। बहुत देर धरि बैसल रहबाक आ हृदय रोगक बीच संबंध कें लए कतेको शोध भेल अछि। 2024 मे प्रकाशित एक शोध मे करीब 4.8 लाख लोकक आंकड़ाक विश्लेषण कएल गेल। एहि मे पाओल गेल जे जे लोक काजक समय अधिकांश समय बैसल रहैत छलाह, हुनका मे हृदय रोग सं मृत्यु होबाक खतरा ओहि लोकक तुलना मे बेसी छल जे काजक समय कम बैसल रहैत छलाह। शोध मे ई सेहो सामने आएल जे प्रतिदिन किछु बेसी शारीरिक गतिविधि करब एहि खतरा कें कम करबा मे सहायता कए सकैत अछि।

हृदय रोगक खतरा उमेर, वजन, रक्तचाप, मधुमेह, धूम्रपान आ खान-पान सन कतेको चीज पर सेहो निर्भर करैत अछि। समस्या तखन बेसी बढ़ि सकैत अछि, जखन बहुत देर धरि बैसल रहबाक संग चलब-फिरब सेहो बहुत कम भए जाए।

कतेको घंटा एक्के ठाम बैसल रहला सं पैरक मांसपेशी बेसी काज नहि करैत अछि। किछु लोक कें बहुत देर धरि बैसल रहला के बाद पैर मे भारीपन, अकड़न वा हल्का सूजन महसूस भए सकैत अछि। एहि कारण सं काजक बीच किछु समय लेल उठब आ चलब शरीर लेल नीक मानल जाइत अछि। बेर-बेर छोट विराम लेला सं शरीर बहुत देर धरि एक्के स्थिति मे नहि रहैत अछि।

बैसि कए काज करबा मे शरीर बहुत कम कैलोरी खर्च करैत अछि। जं कोनो व्यक्ति दिनभरि बैसल रहैत अछि आ संगहि बहुत तला-भुजल, मिठगर वा बेसी कैलोरी बला भोजन करैत अछि, तं ओकर वजन बढ़ि सकैत अछि। बेसी वजन भेला सं रक्तचाप आ मधुमेह सन समस्या होबाक खतरो बढ़ि सकैत अछि।

जं कोनो व्यक्ति भोर वा सांझ मे व्यायाम करैत अछि आ बाकी पूरा दिन लगातार कुर्सी पर बैसल रहैत अछि, तं ई सेहो स्वास्थ्य लेल नुकसानदायक भए सकैत अछि। शोध मे ई बात सामने आएल अछि जे प्रतिदिन व्यायामक संग दिनभरि छोट-छोट शारीरिक गतिविधि करब सेहो जरूरी अछि।




# भले हमर पति घायल होथि, मुदा घर वापस आबथि नेपाल बाढ़ि मे लापता व्यक्तिक पत्नी बतेलनि पीड़ा

## बंगालक सेहो कतेको तीर्थयात्री लापता

नेपालक एहि घटनाक बाद पश्चिम बंगालक 30 पर्यटक आ दू टूर असिस्टेंट सेहो लापता छथि। 25 अगस्त सं हिनका सभ सं संपर्क नहि भए सकल अछि। कोलकाता स्थित टूर ऑपरेटर चलो जाई ट्रैवल क्लबक माध्यम सं कैलाश मानसरोवर यात्रा पर जा रहल एहि 30 पर्यटक मे रेलवे सं अवकाश प्राप्त कर्मचारी 63 वर्षीय रणजीत कुमार हाउलादार सेहो शामिल छथि। हुनकर पत्नी गायत्री हाउलादार कहलनि जे मंगलदिन राति करीब 10 बजे हुनकर अपन पति सं अंतिम बेर बात भेल छल। ओ कहलनि ओ कहलनि जे ओ सुतय जा रहल छथि आ भोर मे इमिग्रेशन प्वाइंटक लेल निकलताह। ओ बहुत कम बजैत छथि। अपन यात्राक सब छोट-पैघ जानकारी सदिखन साझा नहि करैत छलाह। हुनका घुमबाक बहुत सख अछि आ ई स्थान हुनकर सपना मे सं एकटा छल। गायत्री भावुक भए गेलीह आ कहलनि जे ओ अपन पति कें घायल अवस्था मे घर आबैत स्वीकार कए सकैत छथि, मुदा कम सं कम ओ जीवित घर वापस आबथि। ओ कहलनि जे यात्राक दौरान ओ अपन बेटी सं सेहो फोन पर बात करैत छलाह। ई पहिल बेर छल जे दुनू बाप-बेटी मे बात नहि भए सकल। बाढ़ि अयबाक एक राति पहिने सेहो दुनू मे बात नहि भए सकल, एहि बात सं हमर बेटी बहुत परेशान अछि। गायत्री कहलनि जे रणजीत कें घुमबाक बहुत शौक छल आ 2023 मे रेलवे सं अवकाश प्राप्त करबाक समय धरि ओ एहि यात्रा पर जेबाक प्रतीक्षा करैत रहल छलाह। हालांकि, समाचारक अनुसार ट्रैवल एजेंसी एखन धरि हुनकर ठेकाना संबंध मे कोनो जानकारी नहि दए सकल अछि। रणजीत हाउलादारक बेटी सुनंदा मुंबई मे काज करैत छथि। अनचोके आयल बाढ़िक जानकारी भेटलाक बाद ओ बुधदिन कोलकाता पहुंचलथि। बृहस्पतिदिन भोर सं ओ अपन लापता पिताक संबंध मे जानकारी जुटेबाक लेल लगातार अलग-अलग ठामक चक्कर लगा रहल छथि। ओ पुलिस थाना आ ट्रैवल एजेंटक कार्यालय सेहो गेलीह, मुदा कोनो जानकारी नहि भेटि सकल। ओ कहलनि जे ट्रैवल एजेंसीक प्रतिनिधि हमरा सभ कें कहलनि जे हुनका सभ कें भेटल जानकारीक अनुसार एखन धरि दू महिला पर्यटक कें बचा लेल गेल अछि। मुदा बांकी लोक सभक संबंध मे ओ सभ हमरा सभ कें कोनो भरोसा नहि दए सकलाह। सुनंदा कहलनि जे बुधदिन राति दू पुलिस अधिकारी हुनकर घर पर आयल छलाह आ हुनकर पिताक यात्राक योजना संबंधी जानकारी लेलनि। मुदा ओ सभ सेहो कोनो जानकारी नहि दए सकलाह। ओ कहलनि जे हुनका सेहो अपन पिताक संग एहि यात्रा पर जेबाक छल, मुदा काज सं छुट्टी नहि भेटलाक कारण ओ नहि जा सकलीह।



-

फोटो : 11, 12, 13

काठमांडू, समदिया

नेपाल पुलिसक अनुसार देश मे बाढ़ि सं मृत्यु भेल लोकक संख्या 500 सं ऊपर पहुंचि गेल अछि। ओतहि नेपाल पर्यटन बोर्डक अनुसार अखनहुं सैकड़ो विदेशी नागरिक लापता छथि। लापता विदेशी नागरिक सभ मे सभ सं बेसी संख्या भारतीय नागरिकक अछि। नेपालक अधिकारी सभक अनुसार भारतक करीब 178 नागरिकक कोनो अता-पता नहि चलि रहल अछि। भारतक विदेश मंत्रालय सेहो नेपाल मे आयल एहि आपदा सं प्रभावित भारतीय नागरिक सभक संबंध मे जानकारी देलक अछि। मंत्रालय बृहस्पतिदिन कहलक जे एखन धरि 290 भारतीय नागरिक सं संपर्क नहि भए सकल अछि। विदेश मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल कहलनि जे त्रिशूली-1 परियोजना सं जुड़ल 63 कर्मचारी कें एखन धरि सुरक्षित बचा लेल गेल अछि। एकरा सं पहिने रणधीर जायसवाल कहने छलाह जे कैलाश मानसरोवर यात्राक क्रम मे नेपालक बाढ़ि मे फंसल 21 भारतीय नागरिक कें सुरक्षित बचा लेल गेल अछि। एहि बीच किछु एहन भारतीय सेहो छथि जे एहि भीषण आपदा सं सुरक्षित निकलि आयल छथि। संगहि, ओहि लोकक परिजन सं सेहो बात कएल गेल, जे एखन धरि लापता छथि।

### नेपालक आपदा सं बचल गुजरातक लोक

गुजरातक 43 लोक कैलाश मानसरोवर यात्राक लेल गेल छलाह। ई सभ एखन सुरक्षित छथि आ अपन



जीवित बांचि निकलनाइ अपन सौभाग्य मानि रहल छथि। हिनका सभ मे सं एक यात्री शैलेश कहलनि जे हम सभ मंगलदिन सांझ छह बजे बाद ग्यिरोंगक चीनी इमिग्रेशन कार्यालय सं निकलल छलहुं। जं हम ओतहि रुकि कए दोसर दिन यात्रा करबाक निर्णय लेलहुं होइत, तं आइ हमरा सभ मे सं केओ जीवित नहि रहितहुं। ओ कहलनि जे ग्यिरोंग इमिग्रेशन कार्यालयक लगपास 15 सं बेसी गाम अछि, जतय तीर्थयात्री सभ विश्राम करबाक लेल रुकैत छथि। अनचोके आयल बाढ़िक एहि सभ गाम पर बहुत बेसी प्रभाव पड़ल अछि। शैलेश आ हुनका संग उपस्थित 42 यात्री एखन तिब्बतक सागा काउंटी क्षेत्र मे सुरक्षित छथि। हुनका सभक कहब अछि जे समूह शुक्रदिन भोर सं अपन यात्रा फेर शुरू करत। वापसीक योजना संबंधी प्रश्न पर शैलेश कहलनि जे एखन हमरा सभ लग कोनो जानकारी नहि अछि। स्थानीय प्रशासन कहलनि अछि जे हमरा सभक सुरक्षित वापसी लेल आवश्यक व्यवस्था कएल जाएत।

### जिनका सभक एखन धरि कोनो खबरि नहि

शैलेश आ हुनका संगक यात्री सभ सुरक्षित बांचि गेल छथि, मुदा गुजरात आ दोसर राज्यक एहन कतेको यात्री छथि, जिनका संबंध मे एखन धरि कोनो सूचना नहि भेटि सकल अछि। गुजरातक सूचना विभागक अनुसार राज्यक 12 पर्यटक लापता छथि। गुजरातक आणंद शहरक निवासी विमल आ जैमिना पटेल सेहो नेपाल मे लापता लोक सभ मे शामिल छथि। दंपतीक परिवारक सदस्य 16 अगस्त कें नेपाल गेल छलाह। परिवारक हुनका सभ सं अंतिम बेर तखन बात भेल छल, जखन ओ सभ ग्यिरोंग इमिग्रेशन कार्यालय मे छलाह। आंध्र प्रदेश सरकार नेपाल मे भारतीय दूतावास कें राज्यक लापता लोक सभक संबंध मे जानकारी देलक अछि। राज्य सरकारक अनुसार आंध्र प्रदेशक कम सं कम छह लोक एखन लापता छथि। आंध्र प्रदेशक चित्तूर जिलाक लापता तीर्थयात्री बालासुब्रमण्यमक भाइ कहलनि जे बालासुब्रमण्यम 14 अगस्त कें कैलाश मानसरोवर यात्राक लेल नेपाल गेल छलाह। ओ विवाहित छथि आ हुनका दूटा बेटा अछि, जकर आयु 17 आ 15 वर्ष अछि। हुनका 28 अगस्त कें वापस लौटबाक छल। हमरा सभक हुनका सं अंतिम बेर 25 अगस्त कें बात भेल छल। तकर बाद सं फोन पर हुनका सं संपर्क नहि भए सकल अछि। परिवारक कहब अछि जे तकर बाद सं बालासुब्रमण्यमक संबंध मे कोनो जानकारी नहि भेटल अछि आ हुनका सभक चिंता लगातार बढ़ि रहल अछि। परिवार सरकार सं हस्तक्षेप कए सहायता उपलब्ध करबाक आग्रह केलक अछि। श्रीकांत एकटा वीडियो संदेश मे कहलनि जे हमरा सभ कें पता चलल जे काल्हि हमर भाय ओतय इमिग्रेशन जांच करा रहल छलाह, तखने ग्यिरोंग क्षेत्र मे अनचोके बाढ़ि आबि गेल।

# भारत किनय चाहैत अछि जैवलिन एंटी-टैंक प्रणाली

नई दिल्ली, एजेंसी



भारत आ अमेरिका बीच रक्षा सहयोग कें लए कए शुक्रदिन एकटा पैघ घोषणा सामने आयल अछि। भारत अमेरिकी जैवलिन एंटी-टैंक मिसाइल प्रणाली किनबाक योजना बना रहल अछि। भारत मे अमेरिकी राजदूत सर्जियो गोर सोशल मीडिया पर एकरा पैघ खबरि बतबैत कहलनि जे एहि सं दुनू देशक रक्षा संबंध आरो मजबूत होयत आ आगू चलि कए जैवलिनक सह-उत्पादनक बाट सेहो खुजि सकैत अछि।

### की अछि जैवलिन प्रणाली?

जैवलिन अमेरिका द्वारा विकसित सैनिकक लेल सहज रूप सं लए जा सकए बला फायर-एंड-फॉरगेट एंटी-टैंक हथियार अछि। एकरा एकटा सैनिक सेहो प्रक्षेपित कए सकैत अछि। एकर विशेषता अछि जे मिसाइल छोड़लाक बाद सैनिक कें लक्ष्य पर लगातार निशाना साधि कए रखबाक आवश्यकता नहि होइत अछि। मिसाइल स्वयं लक्ष्य कें खोजि कए ओकर खिहाड़ैत अछि, जाहि सं सैनिक तुरंत अपन स्थान बदलि सकैत छथि। एकर विशेष क्षमता टॉप-अटैक विधि अछि। एहि मे मिसाइल टैंकक सब सं मजबूत अगिला भाग पर सीधा प्रहार करबाक बदला ऊपर दिस जा कए टैंकक अपेक्षाकृत कमजोर ऊपरी भाग कें निशाना बनबैत अछि। आवश्यकता पड़ला पर एकरा डायरेक्ट-अटैक विधि सं सेहो प्रयोग कएल जा सकैत अछि।

### कतेक घातक अछि जैवलिन?

जैवलिनक प्रभावक अनुमान एहि बात सं लगाओल जा सकैत अछि जे अमेरिका आ ओकर सहयोगी देश एकरा कतेको युद्धक्षेत्र मे प्रयोग कए चुकल छथि। निमार्ता अनुसार यूक्रेन संघर्ष सं पहिनहि जैवलिन कें 5 हजार सं बेसी बेर युद्ध मे चलाओल जा चुकल छल। एकर सामान्य परिचालन दूरी करीब 65 मीटर सं 4 किलोमीटर धरि अछि। एकरा दिन-राति आ अलग-अलग मौसिम मे उपयोग कएल जा सकैत अछि। मिसाइल मे इमेजिंग-इन्फ्रारेड सीकर आ टैंडम वॉरहेड सन तकनीक अछि। एहि कारण आधुनिक बख्तरबंद वाहन आ टैंकक विरुद्ध ई अत्यंत खतरनाक हथियार मानल जाइत अछि।

**अमेरिकी राजदूत केलनि घोषणा**

**कतेक घातक अछि ई हथियार?**

### भारत लेल किएक महत्वपूर्ण?

जैवलिन किनबाक प्रक्रिया पूरा नव नहि अछि। नवंबर 2025 मे अमेरिका भारत लेल 100 जैवलिन प्रणाली आ 25 लॉन्च यूनिट सहित हथियारक संभावित बिक्री कें स्वीकृति देने छल। ई पैकेज एक्सकैलिबर तोपखाना गोला-बारूद सहित करीब 93 मिलियन डॉलरक छल। आब अमेरिकी राजदूतक टटका बयान सं बुझाइत अछि जे ई सहयोग आगू बढ़ि रहल अछि। खास कए भारत मे जैवलिनक सह-उत्पादनक संभावना रणनीतिक रूप सं बेसी महत्वपूर्ण अछि। एहि सं मात्र मिसाइल खरीद नहि, बल्कि भारतक रक्षा औद्योगिक आधार मे अमेरिकी तकनीक आ उत्पादन क्षमता जुड़बाक बाट सेहो खुजि सकैत अछि। अमेरिकी रक्षा सचिव पीट हेगसेथ सेहो भारतक संग रक्षा उद्योग सभक सहयोग आ संयुक्त उत्पादन बढ़ेबाक दिशा मे काज करबाक बात कहने छथि। मुदा वर्तमान घोषणा कें एखन आखरी खरीद अनुबंध अथवा तुरंत घरेलू उत्पादनक पुष्टि नहि मानल जा सकैत अछि। कुल मिला कए जैवलिन भारतक एंटी-आर्मर क्षमता कें मजबूत करए बला महत्वपूर्ण हथियार भए सकैत अछि। विशेष रूप सं ऊंच क्षेत्र आ सीमित दूरीक जमीनी लड़ाइ मे एकर सहज रूप सं लए जाए सकबाक क्षमता आ फायर-एंड-फॉरगेट प्रणाली सैनिक कें पैघ सामरिक बढ़त दए सकैत अछि।

## बिलासपुर एयरपोर्ट पर उतरैत काल विमानक टायर फाटल दिल्ली सं आयल 35 यात्री सुरक्षित

**बिलासपुर, एजेंसी।** छत्तीसगढ़क बिलासपुर एयरपोर्ट पर उतरैत काल विमानक टायर फाटि गेल। शुक्रदिन दुपहरिया अलायंस एयरक उड़ान जखन दिल्ली सं बिलासपुर पहुंचल, तखन ई घटना भेल। विमान कें सुरक्षित उतारि लेल गेल। विमान मे सवार सभ 35 यात्री सुरक्षित छथि। एहि उड़ान कें बिलासपुर सं प्रयागराज जेबाक छल, मुदा एयरपोर्ट प्रबंधन एकरा रद्द कए देलक अछि। हालांकि, एकर आधिकारिक जानकारी नहि देल गेल अछि। जानकारीक अनुसार, धावन-पट्टी पर उतरलाक बाद विमान आगू बढ़ि रहल छल, तखने टायर फटबाक



आवाज सुनि यात्री सभ भयभीत भए गेलाह। मुदा चालक दलक पायलट परिस्थिति कें सम्हारैत विमान कें सुरक्षित रूप सं रोकि लेलक। एयरपोर्ट पर उपस्थित कर्मचारी तुरंत सक्रिय भए गेलाह आ सभ यात्री कें सुरक्षित बाहर निकालल गेल। पछिला मास 27 जुलाई कें दुबई सं मुंबई आबि रहल इंडिगोक अंतरराष्ट्रीय उड़ान कें गुजरातक राजकोट विमानपत्तन पर आपातकालीन अवतरण करय पड़ल छल। उड़ानक समय पायलट सभ कें विमानक निचला माल-भंडार मे धुआं होएबाक चेतावनी भेटल। एकर बाद चालक दल तुरंत आपात स्थिति घोषित केलक। पायलट सभ राजकोट एटीसी सं प्राथमिकताक आधार पर विमान उतारबाक अनुमति मांगलनि। एटीसी विमान कें सुरक्षित उतारबाक लेल आवश्यक व्यवस्था केलक। एहतियातक रूप मे धावन-पट्टी लग अग्निशमन वाहन आ चिकित्सकीय दल कें तैनात कएल गेल छल। आपातकालीन प्रतिक्रिया दल कें सतर्क रखलाक बाद विमानक सुरक्षित अवतरण कराओल गेल।

## ट्रंप कनाडा सं जुड़ल झीलक नाम बदललनि लेक ओंटारियो आब लेक अमेरिका कहाओत




वाशिंगटन, एजेंसी

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप बृहस्पतिदिन लेक ओंटारियोक नाम बदलि कए लेक अमेरिका करबाक आदेश पर हस्ताक्षर केलनि। आदेशक अनुसार 30 दिनक भीतर ई प्रक्रिया पूरा कएल जाएत आ तकर बाद अमेरिका सरकारक नक्शा आ अभिलेख मे नव नामक प्रयोग कएल जाएत। ट्रंप एहि निर्णयक तुलना मैक्सिको खाड़ीक नाम बदलि कए अमेरिका खाड़ी करबाक निर्णय सं केलनि। ओ मजाकिया अनुमान मे कहलनि जे आब अमेरिका लग एकटा खाड़ी आ एकटा झील अछि, संभव अछि आगू अटलांटिक अथवा प्रशांत महासागरक नाम बदलबाक विषय मे सेहो विचार करए पड़य। ओतहि कनाडाक प्रधानमंत्री मार्क कार्नी लेक ओंटारियोक नाम बदलबाक निर्णय पर प्रतिक्रिया देलनि। ओ कहलनि जे हमरा सभ कें पता अछि अमेरिका नाम बदलि रहल अछि, मुदा कनाडाक लोक सेहो जनैत छथि जे वास्तविकता मे एकर नाम लेक ओंटारियोए अछि। पहिने सेहो, आब सेहो आ सदिखन एकर नाम लेक ओंटारियोए रहत। कनाडा एहि झील कें लेक ओंटारियोए कहत। लेक ओंटारियो अमेरिका आ कनाडाक बीच स्थित पांचटा पैघ झील मे सं एकटा अछि। एक दिस न्यूयॉर्क आ दोसर दिस कनाडाक ओंटारियो प्रांत अछि। दुनू देशक सीमा सेहो एहि झील सं भए कए गुजरैत अछि।

**ट्रंप पहिने कहने छलाह- नाम बदलबाक विचार चलि रहल अछि :** ट्रंप 25 अगस्त कें पहिल बेर लेक ओंटारियोक नाम बदलबाक बात कहने छलाह। ओ कहने छलाह जे अमेरिका कें कनाडा

### कनाडा कहलक, हम पुरने नाम कहब

सं बेसी व्यापारिक कारोबारक आशा नहि अछि, एहि लेल झीलक नाम बदलबाक विषय मे गंभीरतापूर्वक विचार कएल जा रहल अछि। एकर दू दिन बाद ओ एहि निर्णय कें आधिकारिक करबाक लेल आदेश पर हस्ताक्षर कए देलनि। ट्रंप अपन आदेश मे कहलनि जे लेक ओंटारियो अमेरिकाक अर्थव्यवस्था आ विरासतक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। ई व्यापार, जहाजरानी, रक्षा, कृषि आ ऊर्जा लेल महत्वपूर्ण अछि। हुनकर अनुसार ग्रेट लेक्सक संरक्षण पर अमेरिका पछिला 10 वर्ष मे करीब 4 अरब डॉलर अर्थात लगभग 38 हजार करोड़ रुपैया खर्च केलक अछि।

**अमेरिका-कनाडा बीच व्यापारिक तनाव :** झीलक नाम बदलबाक निर्णय अमेरिका आ कनाडाक बीच बढ़ैत व्यापारिक तनावक बीच आयल अछि। हालहि अमेरिका कनाडाक करीब 20 अरब डॉलर अर्थात लगभग 1.7 लाख करोड़ रुपैयाक सामान पर 50 प्रतिशत शुल्क लगाबय केर निर्णय लेने अछि। एकर जवाब मे कनाडा सेहो अमेरिकी सामान पर ओतबे शुल्क लगाबय केर घोषणा केलक। ट्रंप कहलनि जे व्यापारक मामिला मे कनाडा सं निपटनाइ सभ सं कठिन अछि। ओ आरोप लगौलनि जे कनाडा अमेरिका संग उचित व्यवहार नहि करैत अछि आ ओ कोनो परिस्थिति मे एकरा स्वीकार नहि कए सकैत छथि।

# पाकिस्तान मे 200 वर्ष पुरान गुरुद्वारा ढाहल गेल : शॉपिंग मॉल बनाओल जा रहल

## भाजपा कहलक, सिख सभक विरासत समाप्त कएल जा रहल अछि

नई दिल्ली, एजेंसी

पाकिस्तानक बलूचिस्तानक राजधानी क्वेटा मे करीब 200 वर्ष पुरान ऐतिहासिक श्री गुरु सिंह सभा गुरुद्वारा कें ढाहि देल गेल। आब एहि ठाम एकटा मॉलक निर्माण कएल जा रहल अछि। बलूचिस्तान गुरुद्वारा सिंह सभाक सदस्य सरदार जसबीर सिंहक अनुसार, पूरा सिख समाज एहि घटनाक विरोध कए रहल अछि, मुदा एखन धरि सरकार कोनो कारबाइ नहि कए रहल अछि। हुनकर अनुसार बलूचिस्तान मे पहिने 12टा गुरुद्वारा छल, जाहि मे आब मात्र 2टा बचल अछि। गुरुद्वारा ढाहल गेलाक बाद भारत मे सेहो एकर कड़ा विरोध भए रहल



अछि। भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता आरपी सिंह कहलनि जे ई पाकिस्तान मे सिख सभक विरासत समाप्त करबाक प्रयास अछि। हुनकर कहब अछि जे अकाल तख्त साहिब कें पाकिस्तान सरकारक समक्ष ई मामिला उठेबाक चाही आ एकर स्वतंत्र जांच होएबाक चाही।

### निजी भवन-निमार्ता कें बेच देल गेल जमीन

सिख समुदायक अनुसार, ई जमीन श्री गुरु सिंह सभा सं जुड़ल संपत्ति छल। आरोप अछि जे इवैक्यूई ट्रस्ट प्रॉपर्टी बोर्ड (ईटीपीबी) एकरा एकटा निजी भवन-निमार्ता कें बेचि देलक। आब प्रश्न उठि रहल अछि जे ईटीपीबी कें एहि धार्मिक संपत्ति कें बेचबाक अधिकार कोन आधार पर भेटल आ जमीन बिक्रीक प्रक्रिया की छल। एहि संबंध मे पाकिस्तान सरकार अथवा ईटीपीबीक आधिकारिक जवाब एखन धरि सामने नहि आयल अछि।

### मॉलक निर्माण तत्काल रोकबाक मांग

भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता आरपी सिंह गुरुद्वारा साहिबक जमीन पर भए रहल मॉलक निर्माण तत्काल रोकबाक मांग केलनि। ओ कहलनि जे ऐतिहासिक गुरुद्वारा परिसरक पुनर्निर्माण आ संरक्षण सुनिश्चित कएल जेबाक चाही। संगहि, मात्र बलूचिस्तान नहि, बल्कि पूरा पाकिस्तान मे बांचल सिख धार्मिक स्थल आ हुनकर संपत्तिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक मांग सेहो केलनि।

### 200 वर्ष पुरान गुरुद्वारा मे चलैत छल विद्यालय

क्वेटाक आर्चर रोड स्थित श्री गुरु सिंह सभा गुरुद्वारा परिसर मे बाद मे सेंट गैब्रिएल स्कूल संचालित होइत छल। सिख समुदाय केर नेता सरदार जसबीर सिंहक अनुसार, आब ओहि गुरुद्वारा कें ढाहि कए एतय शॉपिंग प्लाजा बनाओल जा रहल अछि। मामिला बलूचिस्तान हाई कोर्ट धरि पहुंचल, मुदा न्यायालय फिलहाल निर्माण पर रोक लगेबा सं मना कए देलक अछि।

# नीरज चोपड़ा डायमंड लीग फाइनल लेल क्वालीफाई कएलनि



स्टार जैवलिन थ्रोअर नीरज चोपड़ा डायमंड लीग फाइनल लेल क्वालीफाई कए लेलनि। चोपड़ा ज्यूरिख डायमंड लीग समाप्त भेलाक बाद ओवरऑल स्टैंडिंग मे छठम स्थान पर रहैत फाइनल लेल क्वालीफाई कएलनि।

नीरज चोपड़ा लीग मे 12 अंकक संग छठम स्थान पर रहलाह। ओ मात्र दू लेग मे हिस्सा लेलनि, जखनकि ज्यूरिख सहित तीन लेग मे हिस्सा नहि लए सकलाह।

श्रीलंकाक रुमेश थरंगा पथिरगे ज्यूरिख डायमंड लीग मीटिंग मे 92.07 मीटरक थ्रो कए एंडरसन पीटर्स कें हरा कए लेग जीतलनि। पीटर्स 86.93 मीटरक थ्रोक संग दोसर आ चेक गणराज्यक डेविड वेगनर 85.16 मीटरक थ्रो कए तेसर स्थान पर रहलाह।

चोपड़ा ज्यूरिख डायमंड लीग छोड़ि देने छलाह आ एहि सत्र मे मात्र दू लेग मे हिस्सा लेलनि। हुनका एहि मासक शुरूआत मे लॉजेन डायमंड लीग मे एक्शन मे देखल गेल छल, जतय ओ रुमेशक बाद 88.05 मीटर दूर जैवलिन फेंकि दोसर स्थान पर रहलाह।

एकरा सं पहिने चोपड़ा चोटि सं वापसी करैत दोहा डायमंड लीग मे हिस्सा लेलनि आ 85.69 मीटरक थ्रो कए चारिम स्थान पर रहलाह।

टोक्यो ओलंपिक 2020 मे स्वर्ण आ पेरिस ओलंपिक 2024 मे रजत पदक जीतनिहार चोपड़ा हालहि मे ग्लासगो मे संपन्न कॉमनवेल्थ गेम्स मे 85.83 मीटरक थ्रो कए दोसर स्थान पर रहलाह। एतहु हुनका श्रीलंकाक रुमेश पछाड़ि देलनि।

ग्लासगो कॉमनवेल्थ गेम्सक बाद नीरज अपन इंस्टाग्राम पर लिखने छलाह, किछु थ्रो एहन होइत अछि जे दूर धरि जाइत अछि, आ फेर किछु एहन पल होइत अछि जे पूरा यात्राक बोझ उठा लैत अछि। पछिला 10 मास मे हमर एहन तरहे परीक्षा लेल गेल अछि, जकरा विषय मे हम कहियो अपेक्षा नहि कएल छल। नीरज चोपड़ाक नजरि आब 4 आ 5 सितंबर कें होमय बला ब्रसेल्स फाइनल पर रहत। एकरा सं पहिने 2022 मे 88.44 मीटरक थ्रो कए ओ डायमंड लीग फाइनल जीतने छलाह आ ई खिताब जीतनिहार पहिल भारतीय बनल छलाह।

# प्रज्ञानंद रचलनि इतिहास, ग्रैंड चेस टूरक खिताब जीतनिहार पहिल भारतीय बनलाह



रमेशबाबू प्रज्ञानंद इतिहास रचि देने छथि। ओ ग्रैंड चेस टूरक खिताब जीतनिहार पहिल भारतीय खेलाड़ी बनि गेलाह। ओ अमेरिकाक सेंट लुइस मे भेल फाइनल मे फैबियानो कारुआना कें 15-13 सं हरा देलनि। प्रज्ञानंद लेल ई परिणाम खास रहल, कारण फाइनल मोकाबला मे शुरूआती बढ़त गमा देलाक बावजूद ओ शानदार वापसी कएलनि। एहि टूर्नामेंट मे खेलाड़ी सभक क्लासिकल, रैपिड आ ब्लिट्ज, तीनू तरहक शतरंज मे क्षमता कें परखल जाइत अछि। अडानी ग्रुप द्वारा समर्थित एहि भारतीय स्टार क्लासिकल चेस मे 3-9 सं हारलाक बाद रैपिड सेक्शन मे वापसी कएलनि आ एकरा 8-0 सं जीतलनि। तकर बाद ब्लिट्ज वर्जन मे मोकाबला 4-4 सं बराबरी पर रहल, जाहि सं ओ कुल 15-13क स्कोरक संग खिताब जीतबा मे सफल रहलाह। एहि इवेंट मे प्रत्येक जीत पर 6 अंक भेटैत अछि। क्लासिकल मे ड्रॉ पर 3 अंक भेटैत अछि, जखनकि रैपिड चेस मे जीत पर 4 अंक आ ड्रॉ पर 2 अंक भेटैत अछि। ब्लिट्ज मे प्रत्येक जीत पर 2 अंक आ ड्रॉ पर 1 अंक भेटैत अछि। अमेरिकाक वेस्ली सो तेसर स्थान लेल भेल प्लेऑफ मे जर्मनीक विंसेंट कीमर कें हरा कए तेसर स्थान हासिल कएलनि। टॉप स्थान आ फाइनल मे जीतक बाद प्रज्ञानंद कें 2 लाख डॉलर (करीब 1.90 करोड़ रुपैया) भेटल, जखनकि कारुआना कें दोसर स्थान पर रहबाक लेल 1 लाख 25 हजार डॉलर भेटल। वेस्ली सो कें तेसर स्थान लेल 75 हजार डॉलर भेटल, जखनकि विंसेंट कीमर चारिम स्थान पर रहैत 50 हजार डॉलर हासिल कएलनि। 21 वर्षीय प्रज्ञानंद पहिल सेमीफाइनल मे कीमर कें 19-9 सं हरा कए फाइनल मे अपन स्थान पक्का कएलनि। ओतहि कारुआना दोसर सेमीफाइनल मे वेस्ली सो कें 18-12 सं हरा कए फाइनल मे पहुंचलाह। प्रज्ञानंद 2018 मे मात्र 13 वर्षक उम्र मे ग्रैंडमास्टर बनल छलाह। हुनकर वर्तमान रेटिंग 2750 अछि आ अगस्त 2026क ताजा फिडे क्लासिकल रैंकिंग मे ओ दुनियाक 12म नंबरक खेलाड़ी छथि। प्रज्ञानंद ग्रैंड चेस टूर 2026 सत्र मे शानदार प्रदर्शन करैत पहिल स्थान हासिल कएलनि। एहि सत्रक ग्रैंड फिनाले 21 सं 28 अगस्तक बीच सेंट लुइस चेस क्लब मे खेलल गेल। चेन्नईक 21 वर्षीय प्रज्ञानंद रेगुलर सत्रक बाद शीर्ष 4 खेलाड़ी मे शामिल रहलाह, जाहि कारण हुनका ग्रैंड चेस टूरक खिताब लेल आयोजित नॉकआउट टूर्नामेंट मे खेलबाक अवसर भेटल। नॉकआउट टूर्नामेंट मे प्रज्ञानंद कें नंबर-1 सीड भेटल छल। हुनका अतिरिक्त वेस्ली सो दोसर, फैबियानो कारुआना तेसर आ विंसेंट कीमर चारिम सीड छलाह। एहि प्रतियोगिता मे शीर्ष तीन स्थान हासिल कएनिहार खेलाड़ी कें 2027 ग्रैंड चेस टूर मे खेलबाक सीधा आमंत्रण सेहो भेटल।

# नीदरलैंड्स आ अर्जेंटीनाक बीच होयत फाइनल मोकाबला

महिला हॉकी विश्व कप



नीदरलैंड्स (डच) आ अर्जेंटीना शनिचर कें एफआईएच महिला हॉकी विश्व कपक फाइनल मे आमने-सामने होयत। दुनू टीम सेमीफाइनल मे कड़ा मोकाबलाक बाद जीत हासिल कएलक अछि। ई 2022क विश्व कप फाइनल मैचक फेर मोकाबला होयत, जाहि मे नीदरलैंड्स बाजी मारने छल। मेजबान नीदरलैंड्स पहिल सेमीफाइनल मे सह-मेजबान बेल्जियम कें 1-0 सं हरा देलक, जखनकि बृहस्पति राति दोसर सेमीफाइनल मे अर्जेंटीना ऑस्ट्रेलिया कें 1-0 सं मात देलक। एम्स्टर्डम मे तीन बेरक गत विजेता नीदरलैंड्सक विरुद्ध सेमीफाइनल मोकाबला मे बेल्जियम कें कमजोर मानल जा

## खिताब बचाबय सं एक डेग दूर डच टीम

रहल छल। मुदा बेल्जियम शानदार शुरूआत करैत पहिल क्वार्टर मे नीदरलैंड्स टीम कें कड़ा टक्कर देलक। हाफ-टाइम सं ठीक पहिने घरेलू टीम काउंटर-अटैक करैत बढ़त बना लेलक। 28म मिनट मे शानदार बिल्ड-अपक बाद फ्रेडरिक माटला एक हाथ सं डिफ्लेक्शन कए अपन टीम कें बढ़त दियौलनि। हाफ समाप्त होय मे 9 सेकेंड बाकी रहैत बेल्जियम कें पेनल्टी कॉर्नर भेटल, मुदा ओ सभ बराबरी करबाक मौका नहि भुना सकल। मैचक दोसर हाफ सेहो बहुत रोमांचक रहल। समय समाप्त होय सं ठीक पहिने बेल्जियम कें लागल जे ओ बराबरीक गोल कए देने अछि। 18 वर्षीय फामके वैन हील शानदार शॉट लगा गेंद कें गोल मे पहुंचा देलनि। मुदा वीडियो रिव्यूक बाद गोल रद्द कए देल गेल। एहि सं नीदरलैंड्सक खेलाड़ी आ दर्शक सभ राहतक सांस लेलनि। एकर संगहि नीदरलैंड्स लगातार आठम बेर विश्व कप फाइनल मे अपन स्थान बना लेलक। दोसर सेमीफाइनल मे पहिल हाफ बहुत कड़ा आ संतुलित रहल। दुनू टीम कें बेसी मौका नहि भेटल। अर्जेंटीना आ ऑस्ट्रेलिया पांच-पांच बेर विरोधी टीमक सर्कल मे प्रवेश कएलक आ दुनू कें एक-एक पेनल्टी कॉर्नर सेहो भेटल। तेसर क्वार्टर मे अर्जेंटीना बेसी आक्रामक खेल देखौलनि आ कतेको बेर गोल करबाक प्रयास कएलनि, मुदा टीम बढ़त नहि बना सकल। दोसर दिस ऑस्ट्रेलिया कें सेहो एकटा शानदार मौका भेटल, मुदा अर्जेंटीनाक गोलकीपर क्रिस्टीना कोसेंटिनो बेहतरीन बचाव करैत गोल नहि होम देलनि। अंततः ह्लास लियोनासह्र अर्थात अर्जेंटीना टीम कें पेनल्टी कॉर्नर वेरिएशन सं सफलता भेटल, जखन 47म मिनट मे जूलिएटा जंकुनास गोल कएलनि। एहि सं दर्शक दीर्घा मे मौजूद अर्जेंटीनाक समर्थक जोश सं भरि गेलाह। हुनका लेल उत्सव मनयबाक एकटा आओर मौका तखन आएल जखन कोसेंटिनो आखरी समय मे ऑस्ट्रेलियाक दू पेनल्टी कॉर्नर प्रयास कें रोकि देलनि। मैच समाप्त होय मे मात्र 17 सेकेंड बाकी रहैत ऑस्ट्रेलिया बराबरीक बहुत नजदीक पहुंचि गेल छल। मुदा गोल दिस जा रहल गेंद कप्तान ग्रेस स्टीवर्टक स्टिक सं नहि लागि सकल। एकर संगहि अर्जेंटीना 1-0 सं जीत दर्ज करैत सातम बेर विश्व कप फाइनल मे अपन स्थान बना लेलक। एकरा सं पहिने स्पेन चीन कें शूटआउट मे हरा कए सातम स्थान हासिल कएलक। स्पेन पहिल क्वार्टरक हूटर सं किछु सेकेंड पहिने बढ़त बना लेलक, जखन मार्टा सेगुक गलत शॉट गोल मे चलि गेल। चीन दोसर क्वार्टरक आखरी क्षण मे मैच मे वापसी कएलक। क्वार्टर समाप्त होय मे मात्र दू सेकेंड बाकी रहैत अनहुई यू सर्कलक किनारा सं शानदार रिवर्स शॉट लगा गोल कएलनि आ हाफ-टाइम धरि स्कोर 1-1 सं बराबर कए देलनि। तेसर क्वार्टर मे चीनक दबदबा रहल आ टीम लगातार आक्रमण कएलक, मुदा बढ़त हासिल नहि कए सकल। दोसर दिस स्पेनक गोलकीपर क्लारा पेरेज बेहतरीन बचाव करैत टीम कें मैच मे बनौने रखलनि। निर्धारित समय धरि दुनू टीम मे सं कोनो विजयी गोल नहि कए सकल, जाहिक बाद मोकाबला शूटआउट मे पहुंचि गेल। शूटआउट मे दुनू टीमक कतेको प्रयास नाकाम रहल, मुदा अंत मे स्पेन 1-0 सं जीत हासिल कए मैच अपन नाम कए लेलक। इंग्लैंड अमेरिका कें 3-1 सं हरा कए टूर्नामेंट मे नवम स्थान हासिल कएलक। मैचक सभ चारू गोल पेनल्टी कॉर्नर पर भेल।

# अब्बास-अलीक शानदार गेंदबाजी, पाकिस्तानक नाम रहल लॉर्ड्स टेस्टक पहिल दिन



इंग्लैंड आ पाकिस्तानक बीच टेस्ट सीरीजक दोसर मोकाबला लॉर्ड्सक मैदान पर खेलल जा रहल अछि। टेस्टक पहिल दिन पूरा तरहे पाकिस्तानक तेज गेंदबाजक नाम रहल। दिनक खेल समाप्त होय धरि इंग्लैंड पहिल पारी मे 9 विकेट गमा कए 248 रन बनौलक। पाकिस्तान टॉस जीत कए पहिने गेंदबाजी करबाक निर्णय लेलक, जाहिक बाद बल्लेबाजी करए उतरि इंग्लैंड टीमक शुरूआत नीक नहि रहल आ एमिलियो गे मात्र 8 रन बना कए आउट भए गेलाह। तकर बाद बेन डकेट सेहो बल्ला सं किछु खास नहि कए सकलाह आ 17 रन बना कए मोहम्मद अब्बासक शिकार बनलाह। कप्तान जो रूट कें मात्र 4 रनक स्कोर पर अब्बास पवेलियन पठा देलनि, तं हैरी ब्रूक मात्र 15 रन बना सकलाह। डेन लॉरेंस 17 रन बना कए आउट भेलाह। मुदा जॉर्डन कॉक्स एक दिस सं मोर्चा संभारि कए ठाढ़ रहलाह आ ओ 105 गेंदक सामना करैत 7 चौकाक मदत सं 55 रन बनौलनि। जेमी स्मिथ सेहो बेहतरीन बल्लेबाजी करैत 80 गेंद मे 61 रनक दमदार पारी खेललनि। ओ अपन पारीक दौरान 10 चौका लगौलनि। कॉक्स आ स्मिथ मिलि छठम विकेट लेल 95 गेंद मे 67 रनक महत्वपूर्ण साझेदारी कएलनि। गस एटकिंसन 5 चौकाक मदत सं मात्र 27 गेंद मे 34 रन बना कए क्रीज पर डटल छथि।


# धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार





# विमेंस डीपीएल : रोमांचक मोकाबला मे स्ट्राइकर्स कें 3 रन सं हरा कए क्वींस खोललक जीतक खाता



सेंट्रल दिल्ली क्वींस 'विमेंस दिल्ली प्रीमियर लीग 2026'क मोकाबला मे जीतक खाता खोललक। एहि टीम अरुण जेटली स्टेडियम मे नॉर्थ दिल्ली स्ट्राइकर्स कें 3 रन सं हरा देलक। पहिने बल्लेबाजी करैत सेंट्रल दिल्ली क्वींस निर्धारित ओवर मे 7 विकेट गमा कए 125 रन बनौलक। दीक्षा शर्मा निधि महतो संग पहिल विकेट लेल 22 गेंद मे 27 रनक साझेदारी कएलनि। दीक्षा 13 गेंद मे 2 चौकाक संग 16 रन बना कए आउट भेली, तकर बाद छठम ओवरक आखरी गेंद पर निधि महतो (14)क विकेट सेहो खसि गेल।

एहि जीतक संग सेंट्रल दिल्ली क्वींस जीतक खाता खोललक। ई टीम 4 मे सं 3 मोकाबला जीत कए चारिम स्थान पर अछि। ओतहि नॉर्थ दिल्ली स्ट्राइकर्स शुरूआती तीन मैच जीतलाक बाद एकटा मोकाबला गमा कए शीर्ष स्थान पर बनल अछि।

एतय सं आरुषि गोयल मोनिका संग तेसर विकेट लेल 43 गेंद मे 44 रनक साझेदारी कए टीम कें संभारलनि। आरुषि 26 गेंद मे 22 रन बना कए आउट भेली। तकर बाद रिया कोंडल (4) मोनिका संग चारिम विकेट लेल 24 गेंद मे 29 रन जोड़लनि। मोनिका 42 गेंद मे 47 रन बनौलनि। हुनकर पारी मे 6 चौका शामिल छल। हुनका अतिरिक्त कप्तान सोनी यादव 10 रनक नाबाद पारी खेललनि।

विपक्षी टीम दिस सं अपेक्षा आनंद 4 ओवर मे 17 रन दए 4 विकेट लेलनि, जखनकि शिवांगी जांगिड़ कें 1 विकेट भेटल।

एकर जवाब मे नॉर्थ दिल्ली स्ट्राइकर्स निर्धारित ओवर मे 5 विकेट गमा कए मात्र 122 रन बना सकल। अरमीत कौर शिवि शर्मा संग पहिल विकेट लेल 20 रन जोड़लनि। अरमीत 7 रन बना कए आउट भेली। तकर बाद शिवि शर्मा आयुषी सोनी संग 47 गेंद मे 45 रन जोड़ि टीम कें संभारबाक प्रयास कएलनि।

शिवि 33 गेंद मे 4 चौकाक संग 36 रन बना कए आउट भेली। तकर बाद आयुषी सोनी नजमा संग 22 रन, जखनकि समायरा राघव संग 16 रन जोड़लनि। कप्तान आयुषी 40 गेंद मे 1 छक्का आ 4 चौकाक संग 51 रन बनौलनि। विपक्षी टीम दिस सं सुमिति सोनी, निधि महतो आ दीक्षा शर्मा 1-1 विकेट लेलनि।

वर्ष 16, अंक 347 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड :** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053